

**MEDIA PASINAON MAOS UKARA MAWI AKSARA JAWA KANTHI
POP- UP BOOK KANGGE SISWA KELAS VII SMPN 1 IMOIRI**

SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
kangge Njangkepi Salah Satunggaling Sarat Anggayuh
Gelar Sarjana Pendidikan



dening

Destiya Novita

NIM 13205241002

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

2017

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Media* Pasinaon Maos Ukara mawi Aksara Jawa kanthi *Pop-Up Book* kangge Siswa Kelas VII SMPN 1 Imogiri menika sampun angsal palilah saking *Dosen Pembimbing* supados dipunujukaken ing *pendadaran*.



Ingkang nyarujuki,
Ngayogyakarta, 5 Juni 2017

Pembimbing

Nurhidayati, S.Pd., M.Hum.
NIP 19780610 200112 2 002

PENGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Media Pasinaon Maos Ukara mawi Aksara Jawa kanthi Pop-Up Book* kangge Siswa Kelas VII SMPN 1 Imogiri” menika sampun dipunandharaken wonten ing pandadaran sangajenging *Dewan Penguji* rikala tanggal 25 Juli 2017 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Nurhidayati, S.Pd., M.Hum	Ketua Penguji		31-08-2017
Sri Hartanti Wulan, M.Hum.	Sekretaris Penguji		31-08-2017
Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.	Penguji Utama		29-08-2017

Yogyakarta, 31 Agustus 2017

Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta



Dr. Widyastuti Purbani, M.A.

NIP 19610524 199001 2 001

WEDHARAN

Ingang *tanda tangan* wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : Destiya Novita

NIM : 13205241002

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika seratan kula piyambak. Samangretos kula, *karya ilmiah* menika isinipun boten dipunserat dening tiyang sanes, kajawi bab-bab tartamtu ingkang kula pendhet minangka acuan kanthi adhedhasar tata cara saha etika nyerat karya ilmiah ingkang limrah.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Manawi kasunyatipun kabukten menawi wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 19 Juli 2017

Panyerat,



Destiya Novita

SESANTI

“Anglaras playuning banyu, ngeli ning aja keli”
(Sunan kalijaga)

“Usaha kanthi saestu supados saged kalaksanan”
(Panyerat)

PISUNGSUNG

Linambaran pamuji sokur dhumateng ngarsanipun Gusti Allah SWT, *karya ilmiah* menika kula pisungsungaken dhateng tiyang sepuh kula, Bapak Aprillizar, Ibu Rusmiyati, saha sadherek sepuh kula Peristiana ingkang sampun maringi kula katresnan ingkang tanpa pepindhan.

PRAWACANA

Alhamdulillah rabbi' alamin, panyerat ngaturaken raos sokur dhumateng Gusti Inggang Maha-Kuwaos inggang tansah paring rahmat saha hidayahipun dhateng panyerat, satemah skripsi kanthi irah-irahan *Media Pasinaon Maos Ukara mawi Aksara Jawa kanthi Pop-Up Book kangge Siswa Kelas VII SMPN 1 Imogiri*" menika saged kasil kanthi nir ing sambekala. *Skripsi* menika dipunserat minangka jejangkeping *pendadaran anggayuh gelar sarjana pendidikan*.

Panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng sadaya pihak inggang sampun paring pambiyantu saha panyengkuyungipun awit saking purwaka dumugi paripurnaning *skripsi* menika. Ing kalodhangan menika, panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun dhateng:

1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, M. Pd., MA. minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta *periode* taun 2009-2017 inggang sampun paring wekdal kangge sinau wonten ing jurusan Pendidikan Bahasa Daerah menika;
2. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M.Pd. minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta *periode* taun 2017-2021 inggang sampun paring wekdal kangge nggarap *skripsi* menika;
3. Ibu Dr. Widayastuti Purbani, M.A. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni inggang sampun kalodhangan anggen kula nyerat *skripsi* menika;
4. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M.Hum. minangka pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah inggang sampun paring palilah kangge nglampahi panaliten menika;
5. Ibu Nurhidayati, S.Pd., M.Hum., minangka dosen pembimbing inggang sampun kersa paring bimbingan, piwulang, saha pandonga dhateng panyerat;
6. Ibu Venny Indria Ekowati, S.Pd., M.Litt., minangka dosen *penasehat akademik* inggang sampun paring pitedah sadangunipun kula sinau wonten Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah menika;
7. Bapak saha Ibu dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah inggang sampun paring mawarni-warni kawruh inggang murakabi dhateng panyerat;
8. Bapak Agus minangka *admin* Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit sedaya


- pambiyantunipun;
9. Tiyang sepuh kula, Bapak Aprillizar saha Ibu Rusmiyati ingkang kula tresnani, ugi sadherek kula Peristiana ingkang sampun paring panyengkuyung dhateng panyerat;
 10. Bapak Drs. Bambang Edy Sulistiyana, M.Pd., minangka pangarsa SMPN 1 Imogiri ingkang sampun paring palilah dhateng panyerat kangge nindakaken panaliten;
 11. Ibu Wiwik Susanti, S.Pd., minangka guru basa Jawi SMPN 1 Imogiri ingkang sampun paring pambiyantu saha panyengkuyung anggenipun nglampahi panaliten;
 12. Mas Mop saha Mas Dino ingkang sampun paring pambiyantu kangge *desain* gambar *media* wonten panaliten menika;
 13. Kanca-kanca akrab kula Fidya, Wulan, Tiva, Ni'mah, April, Rara, Rikka, saha Asfin ingkang sampun suka panjurung anggen kula nyerat *skripsi* menika;
 14. Sadaya kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah *angkatan* taun 2013 ingkang sampun paring panjurung mliginipun Sanggar Kenwara kelas A PBD 2013;
 15. Sadaya *pihak* ingkang boten saged kula sebutaken sadaya ingkang sampun paring pambiyantu dhateng panyerat satemah *skripsi* menika saged kasil.

Temtu kemawon *skripsi* menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa dene sampurna. Pramila saking menika, sadaya pangandikan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning *skripsi* menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun.

Wasana, kanthi raos andhap asor panyerat kamipurun ndamel karya ilmiah menika sinaosa dereng sampurna. Ananging, panyerat saestu angajeng-ajeng mugu-mugi *skripsi* menika saged murakabi.

Yogyakarta, 5 Juni 2017

Panyerat



Destiya Novita

PRATELAN ISI

	kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
PRATELAN ISI	ix
PRATELAN <i>TABEL</i>	xii
PRATELAN GAMBAR	xv
PRATELAN <i>CUPLIKAN</i>	xvii
PRATELAN <i>BAGAN</i>	xviii
PRATELAN LAMPIRAN	xix
SARINING PANALITEN	xx
BAB I PURWAKA	
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Prakawis	3
C. Watesaning Prakawis	4
D. Wosing Prakawis	4
E. Ancasing Panaliten	5
F. Paedahing Panaliten	5
G. Pangretosan Tembung-tembung ing Irah-irahan	6
BAB II GEGARAN <i>TEORI</i>	
A. Andharan <i>Teori</i>	7
1. <i>Media</i> Pasinaon	7
2. Jinising <i>Media</i> Pasinaon	8
3. <i>Pop-Up Book</i>	11
a. Pangretosan <i>Pop-Up Book</i>	11
b. Paedahing <i>Media Pop-Up Book</i>	13

c. Kaluwihan saha Kekirangan <i>Pop-Up Book</i>	14
d. Jinis-jinis <i>Teknik Pop-Up Book</i>	14
4. Maos Ukara mawi Aksara Jawa	16
B. Panaliten ingkang Jumbuh	18
C. Nalaring Pikir	20

BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten	22
B. Tata Cara Ndamel <i>Media</i>	22
1. Cara <i>Analisis</i>	23
2. Cara Ndamel <i>Desain</i>	23
3. Cara <i>Pengembangan</i>	24
4. Cara <i>Uji Coba Produk</i>	26
5. Cara <i>Evaluasi</i>	26
C. Pambijining <i>Produk</i>	28
1. <i>Desain</i> Pambiji	28
2. Jinisipun <i>Data</i>	28
D. Pandom Pambiji <i>Kualitas Media</i>	30
1. Pambiji <i>Kualitas Media</i> dening Dosen <i>Ahli Materi</i>	30
2. Pambiji <i>Kualitas Media</i> dening Dosen <i>Ahli Media</i>	32
3. Pambiji <i>Kualitas Media</i> dening Guru Basa Jawi	35
4. Pandom Pamanggih saking Siswa	37
E. Cara Ngempalaken <i>Data</i>	40
F. Pirantos Ngempalaken <i>Data</i>	40
1. Pirantos <i>Validasi Kualitas Media</i>	41
2. Pirantos <i>Angket</i> Pambiji saking Guru Basa Jawi saha Siswa	42
3. Pamanggih Siswa tumrap <i>Kualitas Media</i>	43
G. Cara Ng- <i>analisis Data</i>	43
1. Ngewahi Biji <i>Kategori</i> dados <i>Skor</i> Pambiji	44
2. Cara Ng- <i>analisis Skor</i>	45

BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PANGREMBAGIPUN

A. Asiling Panaliten	47
----------------------------	----

1. Tataran Ndamel <i>Media Pasinaon Maos Ukara</i> mawi Aksara Jawa kanthi <i>Pop-Up Book</i>	47
2. <i>Kualitas Media Pasinaon Pop-Up Book</i> Maos Ukara mawi Aksara Jawa	53
3. Asiling Pambiji Guru Basa Jawi saha Pamanggih Siswa	62
B. Pangrembagipun	67
1. Cara Ndamel <i>Media Pasinaon Pop-Up Book</i> Maos Ukara	
2. mawi Aksara Jawa	67
3. <i>Evaluasi Kualitas Media Pasinaon Pop-Up Book</i> Maos Ukara mawi Aksara Jawa	83
4. Pambiji saha Pamanggih Guru Basa Jawi saha Siswa tumrap <i>Media Pasinaon Pop-Up Book</i> Maos Ukara mawi Aksara Jawa	103
5. Asiling Pambiji saha <i>Tampilan Pungkasan Media Pasinaon</i> <i>Pop-Up Book</i> Maos Ukara mawi Aksara Jawa	113
BAB V PANUTUP	
A. Dudutan	119
B. <i>Implikasi</i>	121
C. Pamrayogi	121
KAPUSTAKAN	122
A. Pustaka	122
B. <i>Internet</i>	123
LAMPIRAN	125

PRATELAN TABEL

	kaca
<i>Tabel 1:</i> Aksara Legena	16
<i>Tabel 2:</i> Pasangan Aksara Jawa	16
<i>Tabel 3:</i> Aksara Murda	17
<i>Tabel 4:</i> Aksara Swara	17
<i>Tabel 5:</i> Pasangan <i>pa cêrêt saha nga lélêt</i>	17
<i>Tabel 6:</i> Sandhangan Swara	18
<i>Tabel 7:</i> Sandhangan Panyigeging Wanda	18
<i>Tabel 8:</i> Sandhangan Wyanjana	18
<i>Tabel 9:</i> Tandha Pamaos	18
<i>Tabel 10:</i> <i>Data Kuantitatif</i> Angket Pambiji <i>Kualitas Media</i> Pasinaon	29
<i>Tabel 11:</i> <i>Data Kuantitatif</i> Angket Pamanggih Siswa	29
<i>Tabel 12:</i> <i>Indikator</i> Jumbuhipun <i>Indikator</i> kaliyan <i>Kompetensi Dasar</i>	30
<i>Tabel 13:</i> <i>Indikator</i> Jumbuhipun <i>Materi</i> kaliyan <i>Kompetensi Dasar</i>	30
<i>Tabel 14:</i> <i>Indikator</i> Urutanipun <i>Materi</i> ingkang dipunandharaken	31
<i>Tabel 15:</i> <i>Indikator</i> Seratan Aksara Jawa sampun Cetha saha Trep	31
<i>Tabel 16:</i> <i>Indikator</i> Basanipun Gampil dipunmangretosi	31
<i>Tabel 17:</i> <i>Indikator</i> Jumbuhipun Gambar kaliyan <i>Materi</i>	31
<i>Tabel 18:</i> <i>Indikator</i> Tuladhanipun saged Mbiyantu Siswa Mangretosi <i>Materi</i>	32
<i>Tabel 19:</i> <i>Indikator</i> Jumbuhipun Gladhen kaliyan <i>Indikator</i> Pasinaon	32
<i>Tabel 20:</i> <i>Indikator Media</i> Narik Kawigatosan	32
<i>Tabel 21:</i> <i>Indikator</i> Samakipun Narik Kawigatosan	33
<i>Tabel 22:</i> <i>Indikator</i> Gampil Anggenipun <i>Migunakaken Media</i>	33
<i>Tabel 23:</i> <i>Indikator Huruf</i> ingkang dipunginakaken Cetha	33
<i>Tabel 24:</i> <i>Indikator</i> Gambar ingkang dipunginakaken Trep kaliyan <i>Materi</i>	34
<i>Tabel 25:</i> <i>Indikator</i> Trep Pamilihing Werni	34
<i>Tabel 26:</i> <i>Indikator</i> Trep Pamilihing <i>Background</i>	34
<i>Tabel 27:</i> <i>Indikator</i> Basanipun Gampil dipunmangretosi	34

<i>Tabel 28: Indikator Materi Saged Mbiyantu Nggampilaken</i>	
Sinou Aksara Jawa	35
<i>Tabel 29: Indikator Jumbuhipun Media kaliyan Kompetensi Dasar</i>	35
<i>Tabel 30: Indikator Materi ingkang dipunginakaken Trep kaliyan</i>	
Siswa Kelas VII SMP	36
<i>Tabel 31: Indikator Cekap Anggenipun Maringi Tuladha</i>	36
<i>Tabel 32: Indikator Media Narik Kawigatosan</i>	36
<i>Tabel 33: Indikator Basa ingkang dipunginakaken Gampil</i>	
dipunmangretosi	36
<i>Tabel 34: Indikator Cekap Anggenipun Maringi Tuladha</i>	37
<i>Tabel 35: Indikator Kreatifitas</i>	37
<i>Tabel 36: Indikator Materi ingkang dipunandharaken Saged</i>	
Mbiyantu NggampilakeSiswa Sinou Aksara Jawa	38
<i>Tabel 37: Indikator Media Pasinaon Gampil dipunginakaken</i>	38
<i>Tabel 38: Indikator Media Saged Narik Kawigatosan</i>	38
<i>Tabel 39: Indikator Materi ingkang dipunandharaken Cetha</i>	38
<i>Tabel 40: Indikator Basanipun Gampil dipunmangretosi</i>	39
<i>Tabel 41: Indikator Cekap Anggenipun Maringi Gladhen</i>	39
<i>Tabel 42: Indikator Gladhen Saged Nuntun Siswa</i>	
kangge Nguwaosi Materi	39
<i>Tabel 43: Indikator Media Saged dipunginakaken kangge</i>	
Sinou Mandhiri	40
<i>Tabel 44: Kisi-kisi Validasi Kualitas Media Perangan Piwulangan dening</i>	
Dosen Ahli Materi	41
<i>Tabel 45: Kisi-kisi Validasi Kualitas Media dening Dosen Ahli Media</i>	42
<i>Tabel 47: Kisi-kisi Validasi Kualitas Media dening Guru Basa Jawi</i>	42
<i>Tabel 47: Kisi-kisi Validasi Kualitas Media dening Siswa</i>	43
<i>Tabel 48: Kriteria Biji Kategori Kualitas Media Pasinaon</i>	
dhateng Skor Pambiji	44
<i>Tabel 49: Kriteria Biji Kategori Pamanggih Siswa dhateng Skor Pambiji ...</i>	44
<i>Tabel 50: Kategori Pambiji Kualitas Media</i>	45

<i>Tabel 51: Kategori Pambiji Pamanggih Siswa</i>	45
<i>Tabel 52: Asiling Validasi dening Dosen Ahli Materi</i>	55
<i>Tabel 53: Asiling Validasi dening Dosen Ahli Media</i>	59
<i>Tabel 54: Asiling Pambiji Kualitas Media dening Guru Basa Jawi</i>	62
<i>Tabel 55: Asiling Angket Pamanggih Siswa</i>	65
<i>Tabel 56: Asiling Pambiji Pungkasan Kualitas Media Pasinaon</i>	113

PRATELAN GAMBAR

kaca

Gambar 1: <i>Grafik Asiling Validasi Kualitas Media</i> Tataran I, Tataran II, saha Tataran III dening Dosen <i>Ahli Materi</i>	57
Gambar 2: <i>Grafik Validasi Kualitas Media</i> dening Dosen <i>Ahli Materi</i>	58
Gambar 3: <i>Grafik Asiling Validasi Kualitas Media</i> Tataran I saha Tataran II dening Dosen <i>Ahli Media</i>	61
Gambar 4: <i>Grafik Validasi Kualitas Media</i> dening Dosen <i>Ahli Media</i>	61
Gambar 5: <i>Grafik Asiling Pambiji Kualitas Media</i> dening Guru Basa Jawi .	63
Gambar 6: <i>Grafik Asiling Pamanggih Siswa</i>	67
Gambar 7: <i>Media Bab Indikator Saderengipun</i> dipundandosi.....	86
Gambar 8: <i>Media Bab Indikator Sasampunipun</i> dipundandosi	86
Gambar 9: <i>Media Bab Materi Media Saderengipun</i> dipuntambahi	88
Gambar 10: <i>Media Bab Materi Media Sasampunipun</i> dipuntambahi	89
Gambar 11: <i>Media Bab Materi Sandhangan Saderengipun</i> dipundandosi	90
Gambar 12: <i>Media Bab Materi Sandhangan Sasampunipun</i> dipundandosi	90
Gambar13: <i>Media Bab Panyeratan Irah-irahan Buku Saderengipun</i> dipun-dandosi	91
Gambar14: <i>Media Bab Panyeratan Irah-irahan Buku Sasampun-ipun</i> dipundandosi	91
Gambar 15: <i>Media Bab Cara Panganggening Media Saderengipun</i> dipundandosi	92
Gambar16: <i>Media Bab Cara Panganggening Media Sasampunipun</i> dipundandosi.....	93
Gambar 17: <i>Media Bab Gambar Pop-up Saderengipun</i> dipundandosi	94
Gambar 18: <i>Media Bab Gambar Pop-up Sasampunipun</i> dipundandosi	94
Gambar 19: <i>Media Bab Tuladha Tembung Sasampunipun</i> dipuntambahi	96
Gambar 20: <i>Media Bab Gladhen Waosan Saderengipun</i> dipuntambahi	97
Gambar 21: <i>Media Bab Gladhen Waosan Sasampunipun</i> dipuntambahi	98

Gambar 22: <i>Media Bab Tampilan Variasi Pop-up Saderengipun dipun-</i> dandosi	100
Gambar 23: <i>Media Bab Tampilan Variasi Pop-Up Sasampunipun dipun-</i> dandosi	101
Gambar 24: <i>Grafik Asiling Pambiji Pungkasan Media Pasinaon</i>	114

PRATELAN CUPLIKAN

kaca

<i>Cuplikan 1: Tembung ingkang lepat dipunwaos siswa</i>	77
<i>Cuplikan 2: Ukara waosan 1 ingkang lepat dipunwaos siswa</i>	78
<i>Cuplikan 3: Ukara waosan 2 ingkang leres dipunwaos siswa</i>	78
<i>Cuplikan 4: Ukara waosan 3 ingkang leres dipunwaos siswa</i>	79
<i>Cuplikan 5: Tembung ingkang lepat dipunwaos siswa</i>	79
<i>Cuplikan 6: Ukara waosan 1 ingkang leres dipunwaos siswa</i>	80
<i>Cuplikan 7: Ukara waosan 2 ingkang leres dipunwaos siswa</i>	80
<i>Cuplikan 8: Ukara waosan 3 ingkang leres dipunwaos siswa</i>	80
<i>Cuplikan 9: Ukara waosan 4 ingkang leres dipunwaos siswa</i>	81
<i>Cuplikan 10: Tembung ingkang leres dipunwaos siswa</i>	81
<i>Cuplikan 11: Ukara waosan 1 ingkang leres dipunwaos siswa</i>	81
<i>Cuplikan 12: Ukara waosan 2 ingkang leres dipunwaos siswa</i>	81
<i>Cuplikan 13: Ukara waosan 3 ingkang leres dipunwaos siswa</i>	81
<i>Cuplikan 14: Ukara waosan 4 ingkang leres dipunwaos siswa</i>	84
<i>Cuplikan 15: Pamrayogi Dosen Ahli Materi Validasi Tataran I</i>	84
<i>Cuplikan 16: Pamrayogi Dosen Ahli Materi Validasi Tataran II</i>	99
<i>Cuplikan 17: Pamrayogi Dosen Ahli Media Validasi Tataran I</i>	108
<i>Cuplikan 18: Pamrayogi Guru Basa Jawi tumrap Media Pasinaon</i> <i>Pop-Up Book Maos Ukara mawi Aksara Jawa</i>	112
<i>Cuplikan 19: Pamanggih Siswa 1 tumrap Media Pasinaon Pop-Up</i>	112
<i>Cuplikan 20: Pamanggih Siswa 2 tumrap Media Pasinaon Pop-Up</i>	112
<i>Cuplikan 21: Pamanggih Siswa 3 tumrap Media Pasinaon Pop-Up</i>	112
<i>Cuplikan 22: Pamanggih Siswa 4 tumrap Media Pasinaon Pop-Up</i>	112
<i>Cuplikan 23: Pamanggih Siswa 5 tumrap Media Pasinaon Pop-Up</i>	113

PRATELAN BAGAN

kaca

<i>Bagan 1: Alur nalaring pikir panaliten</i>	21
<i>Bagan 2: Alur ndamel media pamulangan miturut ADDIE</i>	27

PRATELAN LAMPIRAN

kaca

Lampiran 1: Kurikulum	126
Lampiran 2: Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP)	128
Lampiran 3: Observasi Pembelajaran	139
Lampiran 4: <i>Flowchart</i>	143
Lampiran 5: <i>Storyboard</i>	144
Lampiran 6: <i>Tampilan Pungkasan Media</i>	163
Lampiran 7: <i>Lembar Evaluasi</i> dening dosen <i>Ahli Materi</i>	171
Lampiran 8: <i>Lembar Evaluasi</i> dening dosen <i>Ahli Media</i>	177
Lampiran 9: <i>Lembar Evaluasi</i> dening Guru Basa Jawi	181
Lampiran 10: Asiling Pamanggih Siswa tumrap <i>Media</i>	183
Lampiran 11: Asiling Rerata <i>Presentase</i> Pambiji Siswa	193
Lampiran 12: Serat Idi Panaliten saking <i>Fakultas</i>	195
Lampiran 13: Serat Idi Panaliten saking <i>Dinas Perizinan</i>	196
Lampiran 14: Serat sampun Nindakaken Panaliten wonten Sekolah	197
Lampiran 15: <i>Dokumentasi</i>	198

**PANALITEN MEDIA PASINAON MAOS UKARA MAWI AKSARA
JAWA KANTHI POP-UP BOOK KANGGE SISWA KELAS VII
SMPN 1 IMOIRI**

**Destiya Novita
NIM 13205241002**

SARINING PANALITEN

Panaliten menika wonten tigang ancas. Andharan ancasing panaliten inggih menika: (1) tataran ndamel *media pasinaon pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa tumrap siswa SMP kelas VII, (2) *evaluasi kualitas media pasinaon pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*, saha (3) pamanggihipun guru basa Jawi saha siswa kelas VII tumrap *media pasinaon pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa.

Panaliten menika wujudipun kalebet jinis panaliten *Research and Development (R&D)*. Panaliten menika kadhapuk saking gangsal tataran miturut *prosedur pengembangan model ADDIE*, inggih menika tataran: *analysis, design, development, implementation*, saha *evaluation*. *Produk media* menika dipunsuwunaken biji saha *evaluasi* dhateng dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media* mawi tataran *validasi* dumugi pikantuk pasarujukan *layak kangge uji coba* wonten ing sekolah. Salajengipun dipuntindakaken pambiji *kualitas media* dening guru basa Jawi saha pamanggihipun siswa. Cara ngempalaken *data* ngginakaken *angket*, wondene cara ndamel *analisis data* migunakaken *analisis deskriptif*.

Asiling panaliten nedahaken bilih *media* menika dipundamel kanthi tataran (1) *analysis*: katindakaken kanthi *analisis kurikulum* saha *analisis* kabetahan siswa; (2) *design*: katindakaken kanthi ndamel *flowchart* saha nemtokaken *materi* dumugi gladhen ingkang dipuntrepaken kaliyan naskah *media* utawi *story board*; (3) *development*: katindakaken kanthi ndamel buku *pop-up* migunakaken *teknik manual* saha *teknik komputer*, *validasi* dosen *ahli materi* saha *media*, lajeng *revisi produk*; (4) *implementation*: katindakaken kanthi *uji coba produk* dhateng siswa SMP kelas VII; (5) *evaluation*: katindakaken kanthi ndamel *analisis* pambiji *kualitas media* sasampunipun *uji coba produk*. *Validasi media* dening dosen *ahli materi* ingkang kaperang dados tigang tataran menika pikantuk rerata *persentase* 92,5% ingkang kagolong sae sanget, wondene *validasi media* dening dosen *ahli media* ingkang katindakaken kanthi kalih tataran menika pikantuk rerata *persentase* 80% ingkang kagolong sae, saha pambiji dening guru basa Jawi menika kagolong sae sanget kanthi pikantuk rerata *persentase* 95%, wondene asiling pamanggih siswa ingkang dipunginakaken kangge *uji coba* menika pikantuk rerata *persentase* 92% ingkang kagolong *kategori* sarujuk sanget. Asiling panaliten menika nedahaken bilih *media pasinaon pop-up book* saged kangge sarana/*media* wonten ing pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa.

Pamijining tembung : *Media Pasinaon, Maos Ukara mawi Aksara Jawa, Pop-Up Book*

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Pamulangan basa Jawi sampun dipuntetepaken minangka muatan lokal wajib ing sekolah wiwit SD dumugi SMA/SMK dening pamarentah. Adhedhasar *kurikulum* wonten ing pamulangan basa Jawi tumrap Sekolah Menengah Pertama kelas VII, VIII, IX, menika wonten 4 *aspek* katrampilan inggih menika maos (*membaca*), nyemak (*menyimak*), micara (*berbicara*), saha nyerat (*menulis*) ingkang jumbuh kaliyan *Kompetensi Inti* (KI) saha *Kompetensi Dasar* (KD). Salah satunggaling *materi* pamulangan tumrap siswa kelas VII SMP inggih menika aksara Jawa.

Kompetensi Inti (KI) ingkang jumbuh kangge pamulangan aksara Jawa inggih menika: “*Mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret (menggunakan, mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/teori.*” Wondene *Kompetensi Dasar* (KD) ingkang jumbuh inggih menika “*Membaca dan Menulis Kalimat Sederhana Beraksara Jawa.*” *Kompetensi Dasar* (KD) ingkang dipunginakaken kangge dhasaring ndamel *media* inggih menika “*Membaca Kalimat Sederhana Beraksara Jawa*”, satemah siswa kedah nindakaken *indikator* saged maos ukara mawi aksara Jawa.

Adhedhasar wawan-pangandikan kaliyan guru basa Jawi SMPN 1 Imogiri, Ibu Wiwik Susanti, S.Pd., ngandharaken bilih pamulangan aksara Jawa taksih

wonten pepalang. Pepalang menika antawisipun *minat* saha greget siswa anggenipun sinau aksara Jawa taksih kirang saha mbetahaken *media* ingkang *variatif* supados nuwuhaken kawigatosanipun siswa. *Metode* ingkang dipunginakaken Ibu Wiwik Susanti, S.Pd. nalika pamulangan aksara Jawa menika namung ngginakaken *metode* ceramah. Awit saking menika, siswa rumaos bosen. Kawontenan menika dumados amargi boten wonten *media* ingkang saged nambah gregeting siswa kangge sinau aksara Jawa.

Salah satunggaling cara kangge ngudhari prakawis kasebut inggih menika dipunginakaken *media* pasinaon. Jumbuh kaliyan pamanggihipun Indriana (2011:5), bilih *media* pasinaon dipunginakaken minangka sarana kangge mbiyantu guru supados gampang anggenipun ngandharaken *materi* pasinaon saha ndadosaken siswa gampang anggenipun mangretosi wosing *materi* pasinaon kasebut, satemah lampahing pasinaon saged *efektif* saha *efisien*. Awit saking menika, supados siswa mangretos *materi* ingkang dipunsinau kedahipun *media* ingkang dipunginakaken saged nuwuhaken kawigatosaning siswa, mliginipun *media* cithak.

Salah satunggaling *media* cithak ingkang trep minangka *media* kangge sinau aksara Jawa inggih menika *pop-up book*. *Media pop-up book* menika gampang dipunginakaken, *praktis*, saha ngremenaken. Cak-cakaning *media pop-up book* saged mbiyantu guru nalika ngandharaken *materi* pasinaon amargi *media pop-up book* menika *unik* saha saged nuwuhaken kawigatosan siswa. Siswa menika langkung *antusias* anggenipun sinau aksara Jawa mawi *pop-up book*. Minangka buktinipun inggih menika nalika ngginakaken *media pop-up book* siswa rumaos remen dipuntandhingaken menawi boten ngginakaken *media*. Kajawi saking

menika ugi saged nambah gladhen siswa supados *aktif* sinau kanthi mandhiri.

Media pasinaon wonten ing panaliten menika sasampunipun dipundamel lajeng dipunbiji kanthi *validasi* dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*. *Media* dipundandosi jumbuh kaliyan pamrayoginipun *validator* dumugi angsal pasarujukan kangge nindakaken *uji coba*. *Uji coba media* menika dipuntindakaken wonten SMPN 1 Imogiri. SMPN 1 Imogiri kapiji minangka papan kangge panaliten amargi SMPN 1 Imogiri menika asring ndherek lomba *alih* aksara tingkat SMP se-Kabupaten Bantul, satemah langkung sakeca nindakaken panaliten.

Adhedhasar andharan wonten ing nginggil, panaliten menika kalaksanan kangge ngrembag pandamelipun salah satunggaling *media* pamulangan maos ukara mawi aksara Jawa kanthi *pop-up book* kangge siswa SMP kelas VII. *Materi* aksara Jawa menika dipundamel dados gambar tigang *dimensi* ingkang saged nuwuhaken kawigatosan, satemah siswa langkung greget anggenipun sinau saha langkung *aktif* wonten proses pamulangan ing sekolah.

B. Underaning Prakawis

Adhedhasar dhasaring panaliten ingkang sampun kaandharaken ing nginggil, kapanggihaken prakawis-prakawis ingkang prelu dipunrembag. Prakawis-prakawis ingkang prelu dipunrembag wonten panaliten menika kados ing ngandhap menika.

1. Dipunbetahaken *motivasi* kangge sinau basa Jawi tumrap siswa.
2. Dipunbetahaken *media* pasinaon ingkang nyengkuyung pamulangan maos ukara mawi aksara Jawa ingkang jumbuh kaliyan *kurikulum*.

3. Dipunbetahaken *media* pasinaon ingkang saged nuwuhaken kawigatosaning siswa.
4. Dipunbetahaken pambiji saking dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, pambiji guru basa Jawi, saha pamanggihing siswa supados ngasilaken *produk media* ingkang sae.

C. Watesaning Prakawis

Adhedhasar underaning prakawis ing nginggil, mila prakawis ingkang dipunrembag prelu dipunwatesi supados langkung *fokus*. Watesaning prakawis ingkang dipuntaliti kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Ndamel *media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa kanthi *pop-up book* kangge siswa SMP kelas VII.
2. *Evaluasi kualitas media* pasinaon *pop-up book* kanthi *materi* aksara Jawa dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*.
3. Pamanggihipun guru basa Jawi saha siswa kelas VII tumrap *kualitas media* pasinaon *pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa.

D. Wosing Panaliten

Adhedasar underaning prakawis saha watesaning prakawis, mila saged dipunmangretosi wosing prakawis. Wosing prakawis wonten panaliten menika kaandharaken kados ing ngandhap menika.

1. Kadospundi tataran ndamel *media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa kanthi *pop-up book* kangge siswa SMP kelas VII?

2. Kadospundi *evaluasi kualitas media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa kanthi *pop-up book* dening dosen *ahli media* saha dosen *ahli materi*?
3. Kadospundi pamanggihipun guru basa Jawi saha siswa kelas VII tumrap *kualitas media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa kanthi *pop-up book*?

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar wosing prakawis ing nginggil menika saged kapendhet ancasing panaliten. Ancasing panaliten kaandharaken kados ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken tataran ndamel *media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa kanthi *pop-up book* tumrap siswa SMP kelas VII.
2. Ngandharaken *evaluasi kualitas media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa kanthi *pop-up book* dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*.
3. Ngandharaken pamanggihipun guru basa Jawi saha siswa kelas VII tumrap *kualitas media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa kanthi *pop-up book*.

F. Paedahing Panaliten

Asiling panaliten menika kaangkah saged migunani tumrapping para pamaos. Paedah menika kaandharaken kados ing ngandhap menika.

1. Kangge siswa, paedah *media* tumrap siswa inggih menika saged dipunginakaken minangka *sarana* kangge sinau maos ukara mawi aksara Jawa.
2. Kangge guru utawi pendidik, *media* menika saged dipunginakaken kangge mbiyantu ngandharaken *materi* pasinaon, mliginipun *materi* aksara Jawa.

3. Kangge sekolah, *media* menika dados *sarana* pasinaon ingkang *kreatif* saha *inovatif* satemah saged ngindhakaken *mutu* pendidikan wonten ing sekolah.

G. Pangretosan Tembung-tembung ing Irah-irahan

1. *Media* pasinaon inggih menika sadaya pirantos ingkang dipunginakaken wonten ing pasinaon saha ngewrat *materi* ingkang dipunandharaken, supados siswa langkung mangretos *materi-nipun* (Indriana, 2011: 5).
2. *Pop-Up Book* inggih menika buku lumantar *teknik rekayasa* dlancang kangge ngasilaken satunggaling buku awujud tigang *dimensi* manawi dipunbikak, dipundudut, utawi dipunangkat dlancangipun (Dzuanda lumantar Rahmawati, 2015: 4).
3. Maos inggih menika satunggal proses *psikologis* ingkang kedah dipunlampahi kangge mangretosi teges-teges tembung ingkang dipunserat wonten ing pasinaon (Tarigan, 2008: 7).
4. Aksara Jawa asalipun saking aksara *Dévanāgārī*. Aksara *Dévanāgārī* kangge nyerat basa Sansekerta (Mulyani, 2013: 3). Cacahipun wonten kalih dasa wiwit saking *há* dumugi *ngá*.
5. Maos Ukara mawi Aksara Jawa wonten ing panaliten menika dipunwatesi siswa saged maos tetembungan ingkang sinerat mawi aksara Jawa ingkang salajengipun saged maos tataran ukara ingkang sadaya sinerat mawi aksara Jawa.

BAB II **GEGARAN TEORI**

A. Andharan Teori

1. Media Pasinaon

Tembung *media* kadhapuk saking tembung Latin, inggih menika *medius* ateges ‘*tengah*’, ‘*lantaran*’ utawi ‘*media*’ (Arsyad, 2011: 3). Miturut Arsyad (2011: 3), *media* inggih menika *alat-alat grafis, fotografis, utawi elektronis* kangge ngempalaken *informasi*, ingkang dipun-*proses* saha dipunrantam malih. Miturut *Association of Education and Communication Technology* (AECT) (lumantar Arsyad, 2011: 3), *media* inggih menika sadaya pirantos kangge ngandharaken pesen utawi *informasi*. Wonten ing pamulangan, *media* inggih menika sadaya pirantos ingkang saged mbiyantu ngandharaken wosing pasinaon.

Miturut Gagne saha Briggs (lumantar Arsyad, 2011: 4), *media* pasinaon inggih menika pirantos *fisik* ingkang dipunginakaken kangge mahyakaken wosing pasinaon. *Media* pasinaon ingkang kalebet pirantos *fisik* kados ta: buku, *tape-recorder, film, slide* (gambar *bingkai*), *foto, gambar, grafik, televise, saha komputer*. *Media* pasinaon inggih menika sadaya pirantos ingkang saged mbiyantu ngandharaken *materi* minangka ancasing pamulangan (Indriana, 2011: 13). *Media* menika dipunginakaken guru kangge ngandharaken *materi* dhateng siswa satemah *proses* pasinaon saged lumampah kanthi *optimal*. Jumbuh kaliyan pamanggihipun Sudjana (2002: 99), bilih *media* pasinaon wigati sanget kangge mbiyantu mujudaken pasinaon ingkang *efektif*.

Sasampunipun mangretosi bab wujuding *media* pasinaon, prelu ugi dipunmangretosi bab ginanipun *media* pasinaon. Gayut kaliyan ginanipun *media* pasinaon, Brown (1983: 17) ngandharaken bilih “*Educational media of all types increasingly important roles in enabling students to reap benefits from individualized learning.*” Tegesipun sadaya jinis *media* pasinaon menika saged minangka sarana ngindhakaken kaprigelaning siswa supados angsal paedah asiling pasinaon. Ngginakaken *media* pasinaon kanthi *efektif* saged kangge nggayuh asiling pasinaon ingkang langkung sae.

Miturut pamanggih Brown (1983: 18), “*The media discussed have a variety of characteristic, produced to assist in achieving many different levels of complexity.*” Tegesipun *media* menika ngasilaken mawarni-warni *karakteristik* ingkang dipundamel kangge nggayuh asiling pasinaon. Asiling pasinaon menika tegesipun asil pasinaon saking mapinten-pinten kaprigelan siswa. Saking andharan pangretosan *media* pasinaon para *ahli* menika saged dipunpendhet bilih *media* pasinaon inggih menika sadaya pirantos utawi *sarana* pasinaon ingkang saged mbiyantu guru ngandharaken *materi*. *Media* pasinaon menika ugi saged nggampilaken siswa anggenipun nguwaosi *materi*.

2. Jinising *Media* Pasinaon

Media pasinaon kathah jinisipun. Jinising *media* pasinaon miturut Taksonomi Lehsin (lumantar Arsyad, 2016: 81-101) kados ngandhap menika.

- a. Piyayi inggih menika jinising *media* ingkang wujudipun piyayi inggih menika *media* ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken *materi* utawi *informasi*

lumantar piyayi Tuladhanipun *media* ingkang wujudipun piyayi inggih menika guru, *instruktur, tutor, bermain peran*, saha pakaryan kelompok.

- b. *Media* cithak inggih menika *media* pamulangan ingkang awujud cithak, kados ta: buku *teks*, buku *gladhen, jurnal*, saha majalah. *Media* pamulangan ingkang adhedhasar cithak ingkang asring dipunginakaken guru wonten pamulangan menika awujud buku-buku utawi *media* dolanan kados ta dolanan *scrabble*.
- c. *Media visual* menika saged nuwuhaken kawigatosan siswa saha ndadosaken siswa langkung gampang anggenipun mangretosi *materi* pamulangan. *Media visual* menika saged nuwuhaken *daya kreativitas* siswa amargi kanthi *media* menika siswa saged *mengapresiasi media* gambar, *foto, poster*, utawi *media visual* sanesipun ingkang dipunginakaken guru. Tuladhanipun inggih menika *media* gambar, *foto, poster*, saha *grafik*.
- d. *Media audio-visual* inggih menika *media* ingkang saged medalaken gambar saha swanten ingkang wekdalipun sesarengan. Tuladhanipun *media audio-visual* inggih menika *film, TV, radio*, saha *slide*.
- e. *Media teknologi komputer* inggih menika *media* pamulangan ingkang kedah ngginakaken sarana *teknologi komputer*. Perangkat *komputer* kedah dipuncawisaken ing pamulangan ingkang ngginakaken *media teknologi komputer* menika.
- f. Perpustakaan nyamektakaken bahan-bahan pustaka ingkang awujud cithak, kados ta: buku, majalah, peta, karya tulis, saha *non-cithak* kados *dokumenter, film, piringan hitam*.

Wondene miturut Sanjaya (lumantar Wardoyo, 2013: 54-66), jinising *media* pasinaon wonten tiga inggih menika.

- a. *Media visual* inggih menika *media* ingkang namung saged dipunpirsani saha boten ngrewat *unsur* swanten. Tuladhanipun *slide, foto, transparasi, lukisan, gambar, karikatur, poster, bagan, diagram*, lan sapanunggalanipun.
- b. *Media audio* inggih menika *media* ingkang namung saged dipunpirengaken. Tegesipun ngrewat *unsur* swanten ananging boten saged dipuntingali. Tuladhanipun *tape, recorder, radio, telepon*.
- c. *Media audio-visual* inggih menika *media* ingkang saged dipuntingali saha saged dipunpirengaken. Tegesipun ngrewat *unsur* swanten. Tuladhanipun *TV, VCD, PC, speaker active*.

Anggenipun ndamel *media* menika kedah dipungayutaken kaliyan kabetahan wonten ing sajroning *proses* pamulangan. Guru saged milah *media* ingkang saged dipunginakaken kangge ngandharaken *materi* pamulangan kanthi ancas supados siswa boten ngraosaken *bosen* ing salebeting pamulangan. Anggenipun ndamel *media* dipundayani mawarni-warni *faktor*. Miturut Gagne saha Briggs (1979: 180) ngandharaken *faktor* pamilihing *media* kados ngandhap menika.

Factor in media selection: (1) Task variables, (2) Learner variables, (3) The assumed learning environment, (4) The assumed development environment, (5) The economy and the culture, and (6) Practical factors.

Faktor-faktor yang mempengaruhi pemilihan media, yaitu: (1) Variable tugas, (2) Variabel pelajar, (3) Suasana belajar yang diasumsikan, (4) Perkembangan lingkungan yang diasumsikan, (5) Ekonomi dan kebudayaan, dan (6) Faktor-faktor praktis.

Adhedhasar andharan ing nginggil saged dipunmangretosi bilih *faktor* ingkang dipunginakaken kangge ndamel *media* ingkang sae inggih menika kedah nggatosaken sadaya kawontenan wonten ing salebeting pasinaon, kados ta *faktor* kawontenan *kurikulum* ingkang jumbuh, *faktor* saking siswanipun piyambak, *faktor* saking kawontenan nalika sinau, *faktor* sakiwa tengenipun para siswa, saha *faktor* saking *media*-nipun.

Saking jinis-jinis *media* ingkang sampun dipunandharaken ing nginggil, *media pop-up book* kalebet jinis *media* cithak saha *media visual*. Kalebet *media* cithak amargi wujud *media pop-up book* menika kacithak awujud buku saha wonten *teks-teks* kangge ngandharaken *materi*. Kalebet *media visual* amargi ing salebeting *media pop-up book* menika katingal gambar-gambaripun tinimbang *teks*-ipun.

3. Pop-Up Book

a. Pangretosan Pop-Up Book

Tembung *pop-up* kadhapuk saking tembung Inggris ateges ‘*muncul keluar*’. *Pop-up book* saged dipuntegesi minangka buku ingkang wosipun cariyos utawi *materi* pamulangan kanthi gambar tigang *dimensi*. Miturut Dewantari (2014), *pop-up* inggih menika *kartu* utawi buku menawi dipunbikak wujudipun tigang *dimensi* utawi *timbul*. Wondene ingkang dipunwastani *pop-up book* inggih menika gabungan saking mapinten-pinten *pop-up* ingkang dipungabung dados satunggal buku saha dipunsamaki kanthi *hardcover* (Irfansyah 2013). Miturut Bluemel saha Taylor (2012: 22), *pop-up book* inggih menika buku ingkang

tampilan-ipun mawi *rekayasa* dlancang ingkang dipundamel lempitan, gulungan, *bentuk roda* utawi *putaran*.

Miturut Muktiono (2003: 65), *pop-up book* inggih menika buku ingkang *tampilan* gambaripun saged dipunjegaken sarta dados *objek-objek* ingkang endah saha maringi *efek* ingkang nengsemaken. Dzuanda lumantar Rahmawati (2015: 4), ngandharaken pangretosan *pop-up book* inggih menika buku ingkang gadhah *unsur* tigang *dimensi* sarta maringi *visualisasi* cariyos ingkang langkung nuwuhaken kawigatosan. *Pop-up book* dipunginakaken kanthi maringi *efek* tigang *dimensi* wonten buku tahunan sekolah, *kartu ucapan*, lan sapanunggalanipun. Nanging sakmenika *pop-up book* sampun kathah dipunginakaken kangge *media* pasinaon.

Jumbuh kaliyan pamanggihipun Nancy saha Rondha (lumantar Khoirotun, 2014), ngandharaken bilih *pop-up book* gadhah *daya tarik* kanthi maringi *visualisasi* awujud lempitan. *Media pop-up book* minangka sarana pasinaon ingkang *unik* saha narik kawigatosan ingkang saged mbiyantu guru anggenipun ngandharaken *materi* pamulangan. Kanthi *media* menika siswa langkung rumaos remen sinau saha saged dipunginakaken kangge sinau kanthi mandhiri.

Saking andharan ing nginggil menika, saged dipunpendhet dudutanipun ngengingi pangretosan *pop-up book*. Pangretosan *pop-up book* inggih menika buku ingkang gadhah *unsur* tigang *dimensi* nalika kacanipun dipunbikak ingkang awujud lempitan menapa dene bunderan. *Pop-up book* gadhah *tampilan* gambar ingkang *unik* saha nuwuhaken kawigatosan.. Sanesipun menika *proses* pasianon kanthi ngginakaken *media pop-up book* langkung nengsemaken.

b. Paedahing *Media Pop-Up Book*

Pop-up book gadhah mawarni-warni paedah kangge *media* pasinaon. Miturut Dzuanda (lumantar Rahmawati, 2015: 4) paedahipun *media pop-up book* kados ing ngandhap menika.

- a. Paring piwulang tumrap siswa supados langkung ngaosi buku.
- b. Nambah *kreativitas* siswa.
- c. Saged nambah pangretosan saha paring gambaran tumrap satunggaling prakawis.
- d. Saged mbiyantu siswa supados langkung remen maos buku.

Wondene miturut Bluemel saha Taylor (2012: 4), paedahipun *media pop-up book*, kados ing ngandhap menika.

- a. Ndadosaken siswa langkung remen maos buku.
- b. Ndadosaken siswa langkung *berfikir kritis* saha *kreatif*.
- c. Gambar ingkang narik kawigatosan saged nuwuhaken *imajinasi* sarta *motivasi* kangge sinau maos kanthi mandhiri.

Saking sadaya andharan menika saged dipunpendhet dudutanipun, bilih *pop-up book* menika gadhah mawarni-warni paedah. Paedahipun *pop-up book* inggih menika ndadosaken siswa supados langkung ngaosi buku, remen maos buku, saged nambah pangretosan saha paring gambaran tumrap satunggaling prakawis, saha *berfikir kreatif*. *Media pop-up book* ugi saged dipunginakaken kangge sinau kanthi mandhiri. Kanthi *media pop-up book* menika saged nuwuhaken *imajinasi* siswa

c. Kaluwihan saha kekirangan *Pop-Up Book*

Media pasinaon pop-up book menika keleet *media pasinaon kanthi basis visual-cetakan*. *Media pasinaon kanthi basis visual-cetakan* gadhah kaluwihan saha kekirangan. Miturut Arsyad (2016: 40), kaluwihan *media cetakan* kados ing ngandhap menika.

- a. Saged dipunginakaken minangka sarana sinau kathi mandhiri, wonten ing sekolah menapadene wonten ing griya.
- b. Ngindhakaken siswa remen maos buku.
- c. *Materi-nipun* urut satemah nggampilaken siswa ngemut-emut.
- d. Nuwuhaken kawigatosan siswa amargi dipuncetak kanthi *desain* ingkang *unik*.
- e. Gampil anggenipun ngginakaken *media*.
- f. Boten betahaken sarana ingkang *berbasis IT*.

Wondene kekirangan saking *media cetakan* kados ing ngandhap menika.

- a) Boten saged mahyakaken gambar ingkang *bergerak*.
- b) *Beaya cetak* awis menawi nampilaken *ilustrasi, foto*, utawi gambar ingkang maneka warni.
- c) Gampil rusak menawi boten dipurumat kanthi sae.

d. Jinis-jinis *Teknik Pop-Up*

Ndamel *pop-up* menika ngginakaken *teknik*. *Teknik* anggenipun ndamel *pop-up* kathah jinisipun. Miturut Sabuda (2012) jinis *teknik pop-up book* kados ngandhap menika.

- 1) *Transformations* inggih menika wujud *tampilan* ingkang dumados kanthi ndadosaken perangan-perangan kethokan *pop-up* ingkang dipunrantam dados *file berbasis komputer* minangka dhasar kangge ndamel ukuran *objek*.
- 2) *Volvelles* inggih menika wujud *tampilan* ingkang ngginakaken *unsur* bunder nalika ndamel *pop-up book*.
- 3) *Pull-tabs* inggih menika dlancang geser utawi ingkang dipundudut lan dipunsurung kangge nemtokaken obahing gambar enggal.
- 4) *Peepshow* inggih menika wujud *tampilan* ingkang dipundamel saking rerangken tumpukan dlancang ingkang dipunrantam tumpuk kados satunggal satemah nuwuhaken *ilusi kedalaman* saha *perspektif*.
- 5) *Carousel* inggih menika *teknik* ndamel *pop-up* ingkang dipuntambahi tali, pita, utawi kancing menawi dipunbikak lan dipunlempit wangsul awujud barang utawi *komplek*.
- 6) *Box and cylinder* utawi kotak saha *silinder* inggih menika obahipun kubus utawi tabung ingkang obah minggah saking tengah kaca nalika kaca menika dipunbikak.

Saking sadaya andharan menika saged dipunpendhet dudutanipun, bilih wonten sawetawis *teknik pop-up* ingkang saged dipunginakaken kangge dhasar ndamel *pop-up book*. Panaliti anggenipun ndamel *media pasinaon pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa menika ngginakaken sekawan teknik, inggih menika a) *teknik transformations*, b) *volvelles*, c) *peepshow*, d) *pull-tabs*, saha e) *box and cylinder*.

e. Maos Ukara mawi Aksara Jawa

Maos ukara mawi aksara Jawa kalebet wonten ing *Kompetensi Dasar* pasinaon basa Jawa inggih menika “*Membaca dan Menulis kalimat beraksara Jawa*”. Adhedhasar *Kompetensi Dasar* menika karacak indikator siswa saged maos ukara mawi aksara Jawa. Miturut Padmosoekotjo (1953: 7), ukara inggih menika reroncening tembung sawatawis ingkang dados wedharing gagasaning tiyang, awujud katrangan, pitaken, panyuwun, saha sapanunggalanipun. Titikanipun ukara inggih menika wonten *subyek* (jejer) saha *predikat* (wasesa). Sadaya menika dipunserat mawi paugeran aksara Jawa.

Aksara Jawa utawi hanacaraka inggih menika aksara ingkang dipundhapak saking aksara Kawi ingkang dipunginakaken kangge nyerat basa Jawi gagrag enggal (Prihantono, 2011: 11). Miturut Mulyani (2013: 6), aksara Jawa ingkang pakem cacahipun wonten kalih dasa. Aksara Jawa carakan utawi aksara legena tegesipun aksara ingkang dereng ngangge sandhangan (Prihantono, 2011: 43).

Aksara Legena				
හ	ආ	ඃ	඄	අ
ha	na	ca	ra	Ka
ආ	ඈ	ඉ	ඊ	උ
da	ta	sa	wa	la
ඌ	ඍ	ඎ	ඏ	ඐ
pa	dha	ja	ya	nya
ඒ	ඓ	ඔ	ඕ	ඖ
ma	ga	ba	tha	nga

Tabel 1: Wujudipun aksara Legena

Pasangan Aksara Jawa				
...හ
ha	na	ca	ra	ka
...ඃ
da	ta	sa	wa	La
...ඌඐ
pa	dha	ja	ya	nya
...
ma	ga	ba	tha	nga

Tabel 2: Wujudipun pasangan

Kajawi saking menika ugi wonten aksara murda saha aksara swara. Aksara murda ingkang cacahipun pitu (Na, Ka, Ta, Sa, Pa, Ga, Ba) saha aksara swara ingkang cacahipun pitu (a, i, u, e, o, nga lélêt, pa cêrêt).

Aksara Murda						
ᮊ	ᮃ	ᮄ	ᮅ	ᮆ	ᮇ	ᮈ
Na	Ka	Ta	Sa	Pa	Ga	Ba

Tabel 3. Wujudipun aksara murda

Aksara Swara						
ᮊᮧ	ᮊᮩ	ᮊ᮪	ᮊ᮫	ᮊᮬ	ᮊᮭ	ᮊᮮ
a	i	u	é	o	pa cêrêt (rê)	nga lélêt (lê)

Tabel 4. Wujudipun aksara swara

Aksara swara menika sajatosipun namung wonten gangsal, inggih menika a, i, é, u, o. ananging aksara *rê* saha *lê* kalebetaken wonten aksara swara (piridan saking aksara *Dévanāgarī*, milanipun wonten ingkang mastani bilih aksara swara menika wonten pitu (mila ing sangkalan “swara” awatak 7) (Mulyani, 2013: 9).

Pasangan pa cêrêt saha nga lélêt	
ᮊᮧᮨ	...
pa cêrêt (rê)	nga lélêt (lê)

Tabel 5. Wujudipun pasangan pa cêrêt lan nga lélêt

Sandhangan inggih menika praboting aksara Jawa kangge mbedakaken ungeling wanda ing basa Jawi. Sandhangan ing aksara Jawa dipunbedakaken dados tiga, inggih menika: 1) sandhangan swara ingkang cacahipun wonten gangsal, 2) sandhangan panyigeging wanda ingkang cacahipun wonten sekawan,

saha 3) sandhangan wyanjana ingkang cacahipun wonten tiga. Ugi tandha pamaos ingkang cacahipun wonten tiga. Wujudipun kados ngandhap menika.

Sandhangan Swara				
...	...	ŋ...	...	ŋ... ²
wulu (i)	suku (u)	taling (è / é)	pêpêt (ê)	taling-tarung (o)

Tabel 6. Wujudipun sandhangan swara

Sandhangan Panyigeging Wanda			
...	...}}
layar (r)	wignyan (h)	cêcak (ng)	Pangkon

Tabel 7. Wujudipun sandhangan panyigeging wanda

Sandhangan Wyanjana		
...}
pengkal (ya)	cakra (ra)	cakra kêrêt (rê)

Tabel 8. Wujudipun sandhangan wyanjana

Tandha Pamaos		
}}...	...^	...^
adêg-adêg	pada lingsa (,)	pada lungsi (.)

Tabel 9. Wujudipun tandha pamaos

B. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh inggih menika panalitenipun Atikah Nur Shabrina saking Pendidikan Bahasa Jawa FBS UNY ingkang irah-irahanipun *Media Pop-Up Book* kangge Nggayuh Katrampilan Nyariyosaken Cariyos Rakyat

kanthi *Ragam* Ngoko Kelas VII SMP N 1 Prambanan Klaten. Wonten ing panaliten menika *media* pasinaon ingkang dipundamel sami inggih menika awujud *pop-up book*. *Subjek* panalitenipun ugi sami kangge siswa kelas VII. Bedanipun kaliyan panaliten menika saged dipunwaos saking *kompetensi-nipun*. Panalitenipun Atikah Nur Shabrina menika *kompetensi-nipun* inggih menika nyariyosaken cariyos rakyat, manawi wonten panaliten menika katrampilan maos ukara mawi aksara Jawa.

Panaliten ingkang jumbuh sasanesipun, inggih menika panalitenipun Ines Ika Saputri ingkang irah-irahanipun Damel *Media* Maos Ukara mawi Aksara Jawa kanthi *Basis Web*. Panaliten menika ngrembag bab *materi* saha gladhen mawi maos aksara Jawa. Bab ingkang sami kaliyan panalitenipun Ines Ika Saputri inggih menika babagan *materi* maos ukara mawi aksara Jawa. Wondene bedanipun inggih menika *media* ingkang dipunginakaken. Panaliten menika ngginakaken *media pop-up book* manawi Ines Ika Saputri menika ngginakaken *media basis web*.


C. Nalaring Pikir

Adhedhasar *Kompetensi Inti (KI)*: “*Mencoba, mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret (menggunakan, mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/teori.*”, saha *Kompetensi Dasar (KD)*: “*Membaca dan Menulis Kalimat Sederhana Beraksara Jawa*”. *Kompetensi Dasar (KD)* ingkang dipunginakaken kangge dhasaring ndamel *media* inggih

menika “*Membaca Kalimat Sederhana Beraksara Jawa*”, satemah *materi* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa kedah saged dipungayuh dening siswa.

Salah satunggaling pepalang ingkang dipunpanggihi dening guru nalika ngandharaken *materi* inggih menika kirangipun *media* pasinaon. *Media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa prelu dipundamel kangge nyengkuyung lampahing pasinaon, ugi kangge nggampilaken siswa anggenipun sinau aksara Jawa. Pramila, panaliten menika ndamel *media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa awujud *pop-up book*.

Anggenipun ndamel *media* pasinaon menika dipuntrepaken kaliyan *kompetensi* saha nindakaken *validasi* dening dosen *ahli media*, dosen *ahli materi*, pambiji saking guru basa Jawi, saha pamanggih siswa kelas VII SMPN 1 Imogiri supados ngasilaken *media* pasinaon ingkang sae. *Media* pasinaon *pop-up book* menika dipunajab saged nggampilaken siswa anggenipun sinau aksara Jawa, mliginipun maos ukara mawi aksara Jawa.



Bagan 1: Alur nalaring pikir panaliten

BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Metode panaliten ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika ngginakaken *metode Research and Development (R&D)*. Miturut Asmani (2011: 53), *metode R&D* menika minangka salah satunggaling cara panaliten kangge mujudaken *produk* enggal utawi ngasilaken *produk* ingkang langkung sae saha saged dipuntanggél-jawabaken. Jumbuh kaliyan pamanggihipun Gay, Mills, saha Airasian lumantar Emzir (2007: 263), bilih ancasipun *metode R&D* boten kangge ng-*uji teori*, ananging ndamel *produk* pasinaon ingkang *efektif* supados saged dipunginakaken kangge *sarana* pasinaon wonten ing pawiyatan.

Produk kasebut boten namung awujud barang utawi pirantos ingkang katingal (*hardware*), kados ta: buku, modul, alat paraga, ugi saged awujud pirantos *lunak (software)*, *model-model* pasinaon, saha sapanunggalanipun. *Media* ingkang dipundamel lajeng dipunsuwunaken pambiji saha pamrayogi dhateng dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi, saha siswa. Sasampunipun dipundandosi adhedhasar pamrayogi pambiji saha angsal pasarujukan kangge *uji coba*, salajengipun *media* saged dipunginakaken kangge pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa.

B. Tata Cara Ndamel Media

Tata cara ndamel *media* wonten ing panaliten menika ngginakaken *prosedur model Analysis Design Development Implementation and Evaluation (ADDIE)*. Mulyatiningsih (2013: 5), ngandharaken *prosedur pengembangan*

model ADDIE wonten gangsal tataran, inggih menika: (1) *Analysis*, (2) *Design*, (3) *Development or Production*, (4) *Implementation or Delivery*, saha (5) *Evaluation*. Wondene andharanipun kados ngandhap menika.

1. Tataran *Analysis* (*Analisis*)

Analisis menika kebet tataran ingkang wiwitan. Tataran *analisis* kaperang dados kalih, inggih menika *analisis* kurikulum saha *analisis* kabetahan siswa. *Analisis kurikulum* dipuntindakaken kanthi *observasi* saha maos *kurikulum* ingkang dipunginakaken wonten ing sekolah. Ancasipun *analisis kurikulum* inggih menika supados mangretosi *Kompetensi Inti* saha *Kompetensi Dasar materi* aksara Jawa saderengipun *media* dipundamel. Wondene *analisis* kabetahan siswa menika kangge mangretosi kekurangan saha kabetahan siswa wonten ing pamulangan aksara Jawa. *Analisis* kabetahan siswa dipuntindakaken kanthi cara *observasi* saha wawan-pangandikan.

2. Tataran *Design* (*Ndamel Desain Media*)

Tataran *design* dipunwiwiti kanthi cara ngempalaken *referensi* ingkang jumbuh kaliyan *materi* aksara Jawa. *Materi-materi* ingkang sampun kakempalaken lajeng dipundamel *flowchart*, inggih menika *diagram alur pengembangan media*. Sasampunipun ndamel *flowchart*, dipundamel *naskah (story board) media* pasinaon ingkang ngrewat sadaya ingkang samangke dipunwujudaken wonten ing salebeting *pop-up book*, wiwit saking *cover* dumugi kaca panutup utawi pungkasan.

3. Tataran *Development* (Ndamel *Media*)

Sasampunipun *naskah media* pasinaon dipundamel, lajeng dipunlebetaken ing *media pop-up book*. Tataran menika dipunwastani tataran *pengembangan* utawi *produksi media*. *Media* pasinaon *pop-up book* dipundamel kanthi kalih *teknik*, inggih menika *teknik manual* saha *teknik komputer*. Inggih kalebet *teknik manual* inggih menika ndamel *sketsa*, *proses pemotongan*, *proses penyusunan*, saha *proses penjilidan*. Salajengipun inggih kalebet *teknik komputer* inggih menika *proses pewarnaan*, *proses editing*, saha *proses print/cetak*.

Wonten ing *teknik manual*, tataran kaping pisan inggih menika ndamel *sketsa* utawi *desain* seratan aksara Jawa saha gambar. Anggenipun nyerat saha nggambar ngginakaken pensil. *Sketsa* inggih sampun dados dipungunting, salajengipun dipunrantam wonten ing dlancang supados dados *pop-up*. Menawi sadaya seratan saha gambar sampun rampung dipunrantam, salajengipun *pop-up* dipun-*jilid* dados buku (*book*).

Sketsa inggih dipundamel kalawau dereng wonten wernanipun taksih awujud hitam putih utawi dipunwastani *dummy*. Wonten ing *teknik komputer*, *sketsa* utawi *desain* dipundamel ngginakaken *aplikasi software CorelDraw X7*, salajengipun dipunwarna supados *tampilan pop-up* langkung nengsemaken. *Desain* inggih sampun dados lajeng dipun-*cetak* utawi *print* ngginakaken dlancang *ivory 260 gram*. Salajengipun, dipungunting lajeng dipunrantam supados dados *pop-up*. Tataran ndamel *media* inggih pungkasan inggih menika sadaya kaca *pop-up* dipunjilid dados buku (*book*). Sasampunipun *media* pasinaon *pop-up* dipundamel, salajengipun inggih menika tataran *validasi*. Tataran *validasi*

dipuntindakaken kangge mangretosi *kualitas media* pasinaon ingkang dipundamel. Tataran *validasi* menika mbetahaken dosen *ahli media* kangge mbiji *tampilan media*, saha dosen *ahli materi* kangge mbiji jumbuhipun *materi* ingkang cumawis. *Media* pasinaon lajeng dipunsuwunaken pambiji saha pamrayogi dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*. *Media* pasinaon dipunbiji saha dipun-*evaluasi* dumugi angsal pasarujukan *layak* kangge *uji coba*. Pamrayogi saking dosen *ahli* menika dados dhasar kangge nindakaken *revisi media* supados ngasilaken *produk media* ingkang *kualitas*-pun sae.


4. *Implementation or Delivery (Uji Coba Media)*

Sasampunipun *media* pasinaon angsal pasarujukan saking dosen *ahli media* saha dosen *ahli materi* kangge nindakaken *uji coba*, tataran salajengipun inggih menika *implementation* utawi *uji coba media*. *Uji coba media* katindakaken wonten ing SMPN 1 Imogiri. Salajengipun *media pasinaon* dipunsuwunaken pambiji dhateng guru basa Jawi tumrap *kualitas media* saha pamanggih siswa kelas VII SMPN 1 Imogiri.

Siswa dipundampingi panaliti kangge miwiti ngginakaken *media pasinaon pop-up book*. Tataran *uji coba* dipunwiwiti kanthi merang siswa dados sekawan kelompok lajeng saben kelompok angsal satunggal *pop-up book*. Siswa sami *diskusi* saha mangretosi *materi* wonten salebeting *media*. Salajengipun siswa maos tuladha tetembungan ingkang sinerat mawi aksara Jawa saderengipun maos ukara kangge gladhen maos ukara mawi aksara Jawa.

5. Tataran *Evaluation* (*Evaluasi*)

Tataran ingkang pungkasan inggih menika tataran *evaluasi*. Tataran *evaluasi* menika dipuntindakaken kanthi ndamel *analisis* pambiji *media* saking dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi, saha pamanggih siswa. *Data* ingkang sampun dipunkempalaken lajeng dipun-*analisis* jumbuh kaliyan ancasipun *produk*. Salajengipun angsal *rata-rata presentase* biji pungkasan tumrap *kualitas media* pasinaon.



Bagan 2: Alur ndamel media pamulangan miturut ADDIE

C. Pambijining Produk

1. Desain Pambiji

Desain pambijining produk wonten panaliten menika ngginakaken *desain* panaliten *deskriptif*. *Desain* panaliten *deskriptif* menika namung ngandharaken asiling *evaluasi kualitas media* dening dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi, saha pamanggih saking siswa kelas VII SMP N 1 Imogiri. Asiling panaliten menika dados dhasaring kangge *evaluasi produk* supados ngasilaken *produk media* ingkang sae. Pambijining *produk* dipuntindakaken kanthi kalih tataran. Tataran ingkang kaping sepisan, inggih menika nyuwun pambiji *kualitas media* dening dosen *ahli media* saha dosen *ahli materi*. Tataran kaping kalih, inggih menika nyuwun pambiji *media* dening guru basa Jawi saha pamanggih siswa kelas VII SMP N 1 Imogiri.

2. Jinisipun Data

Jinisipun *data* wonten ing panaliten menika kalebet *data kualitatif* saha *data kuantitatif* (Sugiyono, 2011: 14-16). Andharanipun kados ngandhap menika.

a. Data Kualitatif

1) Asiling Angket Pambiji Kualitas Media

Data kualitatif ing panaliten menika awujud biji *kategori ingkang* dipunasilaken saking saben *indikator* wonten ing *angket* pambiji dening dosen *ahli media*, dosen *ahli materi*, saha guru basa Jawi tumrap *produk* ingkang dipundamel. Wujudipun biji *kategori* inggih menika: SS (Sae Sanget), S (Sae), C (Cekap), K (Kirang), saha KS (Kirang Sanget).

2) *Asiling angket pamanggih siswa*

*Asiling angket pamanggih siswa ngengingi media pasinaon ingkang dipun-
uji coba dhateng siswa menika dados data kualitatif ingkang awujud biji kategori.
Wujudipun data kualitatif pamanggih siswa inggih menika: Sarujuk Sanget (SS),
Sarujuk (S), Rangu-Rangu (RR), Kirang Sarujuk (KS), Boten Sarujuk (BS)
(Sugiyono, 2016:95).*

b. Data Kuantitatif

*Data kuantitatif wonten ing panaliten menika awujud skor asiling pambiji
saking dosen ahli materi, dosen ahli media, guru basa Jawi saha pamanggih
siswa.*

1) *Data kuantitatif saking angket pambiji kualitas media pasinaon awujud skor
pambiji.*

Tabel 10: Data kuantitatif saking angket pambiji kualitas media pasinaon

<i>Kode</i>	<i>Kategori</i>	<i>Skor</i>
SS	Sae Sanget	5
S	Sae	4
C	Cekap	3
K	Kirang	2
KS	Kirang Sanget	1

2) *Data kuantitatif saking angket pamanggih siswa awujud skor pambiji*

Tabel 11: Data kuantitatif saking angket pamanggih siswa

<i>Kode</i>	<i>Kategori</i>	<i>Skor</i>
SS	Sarujuk Sanget	5
S	Sarujuk	4
RR	Rangu-Rangu	3

salajengipun tabel		
KS	Kirang Sarujuk	2
BS	Boten Sarujuk	1

D. Pandom Pambiji *Kualitas Media*

1. Pambiji *Kualitas Media* dening Dosen *Ahli Materi*

Indikator pambiji kualitas media dening dosen *ahli materi tumrap media* ingkang dipundamel wonten 8 *indikator*. Pandom pambijinipun kados ngandhap menika.

Tabel 12: Indikator Jumbuhipun Indikator kaliyan Kompetensi Dasar

No.	Indikator	Biji
1.	Jumbuh kaliyan indikator siswa saged maos ukara mawi aksara Jawa	1
2.	Indikator jumbuh kaliyan kawontenan kelas VII	1
3.	Indikator gayut kaliyan gladhen	1
4.	Ngindhakaken kawigegan siswa maos ukara mawi aksara Jawa	1
5.	Wonten gayutipun indikator kaliyan materi ingkang dipunandharaken	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 13: Indikator Jumbuhipun Materi kaliyan Kompetensi Dasar

No.	Indikator	Biji
1.	Materi-nipun jumbuh kaliyan kompetensi dasar “Membaca kalimat sederhana beraksara Jawa”	1
2.	Materi jumbuh kaliyan kabetahan siswa sinau aksara Jawa	1
3.	Materi sampun jangkep saha leres	1
4.	Materi-nipun saged ngindhakaken kawigegan siswa maos aksara Jawa	1
5.	Materi jumbuh kaliyan ancasing pasinaon	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 14: Indikator Urutanipun Materi ingkang dipunandharaken

No.	Indikator	Biji
1.	Andharan <i>materi</i> jangkep saha leres	1
2.	<i>Materi</i> jumbuh kaliyan <i>Kompetensi Dasar</i>	1
3.	<i>Materi</i> jumbuh kaliyan <i>indikator</i> pasinaon	1
4.	<i>Materi</i> ngewrat sadaya andharan aksara Jawa legena, pasangan, saha sandhangan	1
5.	<i>Materi</i> -nipun gampil dipunmangretosi	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 15: Indikator Seratan Aksara Jawa Sampun Cetha saha Trep

No.	Indikator	Biji
1.	<i>Tampilan</i> -ipun ngremenaken	1
2.	<i>Ukuran</i> huruf cetha	1
3.	Seratan aksara Jawa leres	1
4.	Werni seratan trep kaliyan <i>background</i>	1
5.	Seratan aksara Jawa gampil dipunwaos	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 16: Indikator Basanipun Gampil dipunmangretosi

No.	Indikator	Biji
1.	Basanipun jumbuh kaliyan kabetahan siswa	1
2.	Ukaranipun trep kaliyan gambar wonten ing <i>media</i>	1
3.	Ukaranipun ringkes saha gampil dipunmangretosi	1
4.	Basanipun <i>komunikatif</i>	1
5.	Seratan aksara Jawa leres	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 17: Indikator Jumbuhipun Gambar kaliyan Materi

No.	Indikator	Biji
1.	Gambaripun jumbuh kaliyan ukaranipun	1
2.	Ngginakaken gambar paraga ingkang nyengkuyung waosan	1

salajengipun <i>tabel</i>		
3.	Gambaripun nuwuhaken kawigatosan	1
4.	<i>Kombinasi</i> werni gambar sampun trep	1
5.	<i>Ukuran</i> gambar sampun trep	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 18: Indikator Tuladhanipun Saged Mbiyantu Siswa Mangretosi Materi

No.	<i>Indikator</i>	Biji
1.	Tuladha tetembungan jumbuh kaliyan ancasing pasinaon	1
2.	Tuladha tetembungan gampil dipunwaos	1
3.	Seratan aksara Jawanipun leres	1
4.	Saged mbiyantu siswa nguwaosi <i>materi</i>	1
5.	Tuladha tetembungan ringkes	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 19: Indikator Jumbuhipun Gladhen kaliyan Indikator Pasinaon

No.	<i>Indikator</i>	Biji
1.	Gladhen jumbuh kaliyan ancasing pasinaon	1
2.	Gladhen mbiyantu ngindhakaken kaprigelan maos ukara aksara Jawa	1
3.	Ngginakaken basa ingkang gampil dipunmangretosi	1
4.	Seratanipun leres saha cetha	1
5.	Ukaranipun ringkes	1
SKOR MAKSIMAL		5

2. Pambiji *Kualitas Media* dening Dosen *Ahli Media*

Indikator pambiji kualitas media dening dosen *ahli media* tumrap *media* ingkang dipundamel wonten 8 *indikator*. Pandomipun kados ngandhap menika.

Tabel 20: Indikator *Media* Nuwuhaken kawigatosan

No.	<i>Indikator</i>	Biji
1.	<i>Tampilan media</i> menika ngremenaken	1

salajengipun tabel		
2.	<i>Media</i> saged dipunbika saha dipuntutup miturut kabetahan	1
3.	<i>Komposisi pop-up</i> variatif	1
4.	<i>Materi</i> cariyos ing <i>media</i> nuwuhaken kawigatosan	1
5.	Gambar awujud <i>pop-up</i> nggampilaken mangretosi wosing cariyos	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 21: Indikator Samakipun Nuwuhaken kawigatosan

No.	Indikator	Biji
1.	<i>Tampilan</i> samakipun ngremenaken	1
2.	Pamilihing werni sampun trep	1
3.	Seratan irah-irahanipun cetha dipunwaos	1
4.	Werni <i>background</i> trep kaliyan seratanipun	1
5.	Irah-irahan <i>media</i> wonten samak gayut kaliyan wosipun	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 22: Indikator Gampil Anggenipun Ngginakaken Media

No.	Indikator	Biji
1.	<i>Media</i> gampil dipunginakaken	1
2.	<i>Tampilan media</i> awujud <i>pop-up</i> ingkang nuwuhaken kawigatosan	1
3.	<i>Media</i> menika ringkes kangge sinau	1
4.	<i>Media</i> menika wonten mbingungaken siswa	1
5.	<i>Media</i> menika ngewrat <i>materi</i> ingkang trep	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 23: Indikator Huruf ingkang dipunginakaken Cetha

No.	Indikator	Biji
1.	<i>Ukuran huruf</i> sampun trep	1
2.	<i>Huruf</i> ingkang dipunginakaken gampil dipunwaos	1
3.	Wernipun <i>huruf</i> sae	1
4.	Sadaya <i>huruf</i> katingal cetha	1
5.	<i>Font</i> aksara Jawa cetha	1

salajengipun <i>tabel</i>	
SKOR MAKSIMAL	5

Tabel 24: Indikator Gambar ingkang dipunginakaken Trep kaliyan Materi

No.	Indikator	Biji
1.	Gambaripun jumbuh kaliyan ukaranipun	1
2.	Ngginakaken gambar paraga ingkang nyengkuyung <i>materi</i>	1
3.	Gambaripun nuwuhaken kawigatosan	1
4.	<i>Kombinasi</i> werni gambar sampun trep	1
5.	<i>Ukuran</i> gambar sampun trep	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 25: Indikator Trep Pamilihing Werni

No.	Indikator	Biji
1.	Pamilihing werni sae	1
2.	Werni seratan trep kaliyan <i>background</i>	1
3.	Werni ingkang dipunginakaken ngremenaken siswa	1
4.	<i>Kesatuan</i> werni gambar saha <i>background</i> sae	1
5.	Werni seratan <i>variatif</i>	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 26: Indikator Trep Pamilihing Background

No.	Indikator	Biji
1.	<i>Background</i> trep kaliyan <i>materi</i>	1
2.	<i>Background</i> nuwuhaken kawigatosan	1
3.	<i>Kesatuan</i> werni <i>background</i> sae	1
4.	Werni <i>background</i> trep kaliyan werni seratan	1
5.	<i>Background</i> trep kaliyan gambaripun	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 27: Indikator Basanipun Gampil dipunmangretosi

No.	Indikator basanipun gampil dipunmangretosi	Biji
1.	Basanipun jumbuh kaliyan kabetahan siswa	1

salajengipun <i>tabel</i>		
2.	Ukaranipun trep kaliyan gambar wonten ing <i>media</i>	1
3.	Ukaranipun ringkes saha gampil dipunmangretosi	1
4.	Basanipun <i>komunikatif</i>	1
5.	Seratan basa leres	1
SKOR MAKSIMAL		5

3. Pambiji Kualitas Media dening Guru Basa Jawi

Indikator pambijining *kulitas media* dening guru basa Jawi tumrap *media* ingkang dipundamel wonten 8 *indikator*. Pandomipun kados ngandhap menika.

Tabel 28: Indikator Materi Saged Mbiyantu Nggampilaken Sinau Aksara Jawa

No.	<i>Indikator</i>	Biji
1.	Basanipun gampil dipunmangretosi	1
2.	Cethanipun andharan <i>materi</i>	1
3.	Gambar-gambaripun trep kaliyan <i>materi</i>	1
4.	<i>Tampilan media</i> nuwuhaken kawigatosan	1
5.	<i>Materi</i> -nipun jumbuh kaliyan kabetahan siswa sinau aksara Jawa	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 29: Indikator Jumbuhipun Media kaliyan Kompetensi Dasar

No.	<i>Indikator</i>	Biji
1.	Ngindhakaken kawigegan maos ukara mawi aksara Jawa	1
2.	Ngindhakaken kawruh siswa bab aksara Jawa	1
3.	Ngindhakaken siswa remen maos buku	1
4.	<i>Tampilan media</i> trep kaliyan materi ingkangdipunandharaken	1
5.	Jumbuhipun <i>media</i> kaliyan kawontenan siswa	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 30: Indikator Materi ingkang dipunginakaken Trep kaliyan Siswa Kelas VII

No.	Indikator	Biji
1.	Andharan <i>materi</i> jumbuh kaliyan <i>kurikulum</i> SMP kelas VII	1
2.	Andharan <i>materi</i> jumbuh kaliyan ancasing pasinaon	1
3.	Andharan <i>materi</i> cetha	1
4.	Andharan <i>materi</i> saged ngindhakaken kawruh siswa	1
5.	Andharan <i>materi</i> gampil dipunwaos	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 31: Indikator Cekap Anggenipun Ndamel Tuladha

No.	Indikator	Biji
1.	Tuladha tetembungan ringkes saha cetha	1
2.	Basanipun gampil dipunmangretosi	1
3.	Seratan aksara Jawa leres	1
4.	Tuladha tetembungan saged mbiyantu siswa nguwaosi <i>materi</i>	1
5.	Ngindhakaken kawigegan siswa maos ukara mawi aksara Jawa	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 32: Indikator Media Nuwuhaken kawigatosan

No.	Indikator	Biji
1.	<i>Media</i> gampil dipunginakaken	1
2.	<i>Tampilan media</i> awujud <i>pop-up</i> nuwuhaken kawigatosan siswa	1
3.	<i>Komposisi</i> werni saha seratan sampun sae	1
4.	Gladhenipun ingkang awujud cariyos ngremenaken siswa	1
5.	Gambar <i>pop-up</i> ingkang nggampilaken mangretosi wosing cariyos	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 33: Indikator Basa ingkang dipunginakaken Gampil dipunmangretosi

No.	Indikator	Biji
1.	Seratan aksara Jawa leres	1
2.	Basanipun jumbuh kaliyan kabatahan siswa kelas VII	1

salajengipun <i>tabel</i>		
3.	<i>Komposisi</i> werni gambar saha seratan sae	1
4.	<i>Materi</i> cariyos ing <i>media</i> nuwuhaken kawigatosan	1
5.	Gambar <i>pop-up</i> trep kaliyan ukaranipun	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 34: Indikator Cekap Anggenipun Ndamel Tuladha

No.	<i>Indikator</i>	Biji
1.	Ukaranipun ringkes	1
2.	<i>Ukuran</i> -ipun trep kaliyan gambar wonten ing <i>media</i>	1
3.	Basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangretosi	1
4.	Seratan aksara Jawanipun cetha saha leres	1
5.	Gambar <i>pop-up</i> ing salebeting gladhen nengsemaken	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 35: Indikator Kreatifitas

No.	<i>Indikator</i>	Biji
1.	<i>Tampilan media</i> ingkang nengsemaken saha	1
2.	<i>Media</i> menika saged migunani dhateng siswa	1
3.	Gambar <i>pop-up</i> ing trep kaliyan wosing gladhen cariyos	1
4.	<i>Variasi pop-up</i> ingkang <i>variatif</i>	1
5.	Seratan trep kaliyan <i>background</i> -ipun	1
SKOR MAKSIMAL		5

4. Pandom Pamanggih saking Siswa

Pandom pamanggih saking siswa tumrap *media* pasinaon *pop-up* ingkang dipundamel wonten 8 *indikator*. Pandomipun kados ngandhap menika.

Tabel 36: Indikator Materi ingkang dipunandharaken Saged Mbiyantu Nggampilaken Siswa Sinau Aksara Jawa

No.	Indikator	Biji
1.	Gambar <i>pop-up</i> ingkang ngremenaken siswa	1
2.	<i>Tampilan media</i> ingkang nuwuhaken kawigatosan	1
3.	Werni ingkang <i>variatif</i>	1
4.	<i>Materi-nipun gampil</i> dipunmangretosi	1
5.	<i>Media</i> ngindhakaken kawigegan siswa maos ukara mawi aksara Jawa	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 37: Indikator Media Pasinaon Gampil dipunginakaken

No.	Indikator	Biji
1.	<i>Media gampil</i> dipunginakaken	1
2.	<i>Tampilan media</i> awujud <i>pop-up</i> ingkang nuwuhaken kawigatosan	1
3.	<i>Media</i> menika ringkes kangge sinau	1
4.	<i>Media</i> menika ngewrat materi ingkang trep	1
5.	<i>Media</i> menika wonten mbingungaken siswa	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 38: Indikator Media Saged Nuwuhaken kawigatosan

No.	Indikator	Biji
1.	<i>Tampilan media</i> menika ngremenaken	1
2.	<i>Materi</i> wonten <i>media</i> saged dipunbuka saha dipuntutup mitururt kabetahan	1
3.	<i>Komposisi</i> werni gambar saha seratan sae	1
4.	<i>Materi</i> cariyos ing <i>media</i> nuwuhaken kawigatosan	1
5.	Gambar awujud <i>pop-up</i> nggampilaken mangretosi wosing cariyos	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 39: Indikator Materi ingkang dipunandharaken Cetha

No.	Indikator	Biji
1.	Andharan <i>materi</i> jumbuh kaliyan <i>kurikulum</i> SMP kelas VII	1

salajengipun <i>tabel</i>		
2.	Andharan <i>materi</i> jumbuh kaliyan ancasing pasinaon	1
3.	<i>Materi-nipun</i> leres saha jangkep	1
4.	Andharan <i>materi</i> saged ngindhakaken kawruh siswa	1
5.	Basanipun gampil dipunmangretosi	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 40: Indikator Basanipun Gampil dipunmangretosi

No.	<i>Indikator</i>	Biji
1.	Seratan aksara Jawa ingkang sampun leres	1
2.	Basanipun jumbuh kaliyan kabetahan siswa	1
3.	Ukaranipun trep kaliyan gambar <i>pop-up</i>	1
4.	Basanipun <i>komunikatif</i>	1
5.	Seratan aksara Jawa leres	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 41: Indikator Cekap Anggenipun Ndamel Gladhen

No.	<i>Indikator</i>	Biji
1.	Basanipun gampil dipunmangretosi	1
2.	Gambar <i>pop-up</i> ing salebeting gladhen nengsemaken	1
3.	Gladhen saged ngindhakaken kawigegan siswa anggenipun sinau maos ukara mawi aksara Jawa	1
4.	Ukaranipun ringkes	1
5.	Seratan aksara Jawa leres	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 42: Indikator Gladhen Saged Nuntun Siswa kangge Nguwaosi Materi

No.	<i>Indikator</i>	Biji
1.	Basanipun ingkang gampil dipunmangretosi	1
2.	Ukaranipun ringkes	1
3.	Cariyosipun jumbuh kaliyan kawontenan siswa	1
4.	Gladhen saged ngindhakaken kawigegan siswa anggenipun sinau	1

	maos ukara mawi aksara Jawa	
5.	Gambar <i>pop-up</i> ingkang nyengkuyung gladhen saged nggampilaken siswa mangretosi wosing cariyos	1
SKOR MAKSIMAL		5

Tabel 43: Indikator Media Saged dipunginakaken kangge Sinau Mandhiri

No.	Indikator	Biji
1.	<i>Media</i> nuwuhaken kawigatosan	1
2.	Basanipun gampil dipunmangretosi	1
3.	<i>Media</i> ingkang awujud buku menika ringkes dipunbekta	1
4.	<i>Tampilan media</i> ingkang ngremenaken saged nuwuhaken kawigatosan siswa supados remen maos buku	1
5.	<i>Keterpaduan</i> werni huruf, gambar, saha <i>background</i> sampun sae	1
SKOR MAKSIMAL		5

E. Caranipun Ngempalaken Data

Caranipun ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika kanthi cara *kuesioner (angket)*. *Kuesioner (angket)* miturut Sugiyono (2007: 199), inggih menika *teknik pengumpulan data yang dilakukan dengan cara memberi seperangkat pertanyaan atau pernyataan tertulis kepada responden untuk dijawabnya*. Wonten ing panaliten menika wonten sekawan *kuesioner*. Sekawan *kuesioner* menika dipuncaosaken kangge dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi, saha siswa.

F. Pirantos Ngempalaken Data

Pirantosing pambiji *kualitas media* wonten ing panaliten menika kaperang dados sekawan inggih menika pirantosning pambiji dening dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi, saha pamanggih siswa.

1. Pirantos Validasi Kualitas Media

a. Validasi Kualitas Media Dosen Ahli Materi

Pirantosing validasi kualitas media dening dosen ahli materi tumrap media pasinaon ingkang sampun dipundamel menika menika kaperang dados 8 indikator. Wondene kisi-kisi validasi perangan pamulangan dening dosen ahli materi dipunserat lumantar tabel kados ngandhap menika.

Tabel 44: Kisi-kisi validasi kualitas media perangan pamulangan dening dosen ahli materi

No.	Indikator	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
1.	Jumbuhipun indikator kaliyan Kompetensi Dasar					
2.	Jumbuhipun materi kaliyan Kompetensi Dasar					
3.	Urutanipun materi ingkang dipunandharaken cetha					
4.	Seratan aksara Jawa sampun cetha saha trep					
5.	Basanipun gampil dipunmangretosi					
6.	Jumbuhipun gambar kaliyan materi					
7.	Tuladhanipun saged mbiyantu siswa mangretosi materi-nipun					
8.	Jumbuhipun gladhen kaliyan indikator pasinaon					

b. Validasi Kualitas Media Dosen Ahli Media

Pirantosing pambiji saking dosen ahli media tumrap media pasinaon ingkang sampun dipundamel wonten 8 indikator. Wondene kisi-kisi validasi perangan tampilan media dening dosen ahli media dipunserat lumantar tabel

kados ngandhap menika.

Tabel 45: Kisi-kisi validasi kualitas media dening dosen ahli media

No.	Indikator	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
1.	<i>Media</i> saged nuwuhaken kawigatosan					
2.	Samakipun nuwuhaken kawigatosan					
3.	Gampil anggenipun migunakaken <i>media</i>					
4.	Huruf ingkang dipunginakaken cetha					
5.	Gambar ingkang dipunginakaken trep kaliyan <i>materi</i>					
6.	Trep pamilihing werni					
7.	Trep pamilihing <i>background</i>					
8.	Basanipun gampil dipunmangretosi					

2. Pirantos Angket Pambiji saking Guru Basa Jawi saha Siswa

a. Pambiji Guru Basa Jawi tumrap *Kualitas Media*

Pirantosing pambiji saking guru basa Jawi tumrap *media* pasinaon ingkang sampun dipundamel wonten 8 *indikator*. Wondene *kisi-kisi* pamanggihipun guru basa Jawi dipunserat lumantar *tabel* kados ngandhap menika.

Tabel 46: Kisi-kisi validasi kualitas media dening guru basa Jawi

No.	Indikator	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
1.	<i>Materi</i> ingkang dipunginakaken saged mbiyantu nggampilaken sinau aksara Jawa					
2.	Jumbuhipun <i>media</i> kaliyan <i>Kompetensi Dasar</i>					
3.	<i>Materi</i> ingkang dipunginakaken trep kaliyan siswa kelas VII					

4.	Tuladha tetembungan cekap					
5.	<i>Media</i> nuwuhaken kawigatoan					
6.	Basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangretosi					
7.	Gladhen waosan cekap					
8.	<i>Kreatifitas</i>					

e. Pamanggih Siswa tumrap *Kualitas Media*

Pirantosing pambiji saking siswa tumrap *media* pasinaon ingkang sampun dipundamel wonten 8 *indikator*. Wondene *kisi-kisi* siswa pamanggihipun dipunserat lumantar *tabel* kados ngandhap menika.

Tabel 47: *Kisi-kisi validasi kualitas media* dening siswa

No.	Indikator	Wangsulan				
		SS	S	RR	KS	BS
1.	<i>Materi</i> ingkang dipunandharaken mbiyantu nggampilaken siswa sinau aksara Jawa					
2.	<i>Media</i> pasinaon gampil dipunginakaken					
3.	<i>Media</i> saged nuwuhaken kawigatosan					
4.	<i>Materi</i> ingkang dipunandharaken cetha					
5.	Basanipun gampil dipunmangretosi					
6.	Tuladha tetembungan cekap					
7.	Gladhen saged mbiyantu siswa kangge nguwaosi <i>materi</i>					
8.	<i>Media</i> pasinaon menika saged kaginakaken siswa sinau kanthi mandhiri					

G. Caranipun Ndamel *Analisis Data*

Caranipun ndamel *analisis data* wonten ing panaliten menika wonten kalih

tataran. Andharanipun kados ngandhap menika.

1. Ngewahi biji kategori dados skor pambiji

Cara anggenipun ngewahi biji kategori dados skor pambiji kados ngandhap menika.

a. Pambiji Kualitas Media Pasinaon

Tabel 48: Kriteria biji kategori kualitas media pasinaon dhateng skor pambiji

<i>Kode</i>	<i>Kategori</i>	<i>Skor</i>
SS	Sae Sanget	5
S	Sae	4
C	Cekap	3
K	Kirang	2
KS	Kirang Sanget	1

- 1) Sae Sanget (SS) : media pasinaon angsal skor 5
- 2) Sae (S) : media pasinaon angsal skor 4
- 3) Cekap (C) : media pasinaon angsal skor 3
- 4) Kirang (K) : media pasinaon angsal skor 2
- 5) Kirang sanget (KS) : media pasinaon angsal skor 1

b. Pambiji Pamanggihipun Siswa

Tabel 49: Kriteria biji kategori pamanggih siswa dhateng skor pambiji

<i>Kode</i>	<i>Kategori</i>	<i>Skor</i>
SS	Sarujuk Sanget	5
S	Sarujuk	4
RR	Rangu-Rangu	3
KS	Kirang Sarujuk	2
BS	Boten Sarujuk	1

- 1) Sarujuk Sanget (SS) : *media* pasinaon angsal skor 5
- 2) Sarujuk (S) : *media* pasinaon angsal skor 4
- 3) Rangu-Rangu (RR) : *media* pasinaon angsal skor 3
- 4) Kirang Sarujuk (KS) : *media* pasinaon angsal skor 2
- 5) Boten Sarujuk (BS) : *media* pasinaon angsal skor 1

2. Caranipun Ndamel Aanalisis Skor

Miturut Sugiyono (2011: 137), ndamel *analisis skor* dipuntindakaken kanthi cara ngetang *skor* saking panaliten ingkang dipunperang kaliyan cacahipun *skor ideal* kangge sadaya *item* lajeng dipunpingaken 100%.

Tabel 50: Kategori Pambiji Kualitas Media

Tingkat Penilaian	Kategori
80,1%-100%	SS (Sae Sanget)
60,1%-80%	S (Sae)
40,1%-60%	C (Cekap)
20,1%-40%	K (Kirang)
0%-20%	KS (Kirang Sanget)

Tabel 51: Kategori Pambiji Pamanggih Siswa

Tingkat Penilaian	Kategori
80,1%-100%	SS (Sarujuk Sanget)
60,1%-80%	S (Sarujuk)
40,1%-60%	RR (Rangu-Rangu)
20,1%-40%	KS (Kirang Sarujuk)
0%-20%	BS (Boten Sarujuki)

Kanthi cara *matematis* saged dipundamel kanthi *rumus* ingkang sami kaliyan *presentase tingkat pambiji*.

$$\text{Prosentase tingkat pambiji} = \frac{\Sigma \text{ skor ideal panaliten}}{\Sigma \text{ skor ideal sedaya item}} \times 100\%$$

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PANGREMBAGIPUN

A. Asiling Panaliten

1. Tataranipun Ndamel *Media Pasinaon Maos Ukara mawi Aksara Jawa* kanthi *Pop-Up Book*

Adhedhasar saking *observasi* menika dipunbetahaken satunggaling *media* kangge pasinaon aksara Jawa. *Media* ingkang dipundamel inggih menika *media* pasinaon buku *pop-up* maos ukara mawi aksara Jawa. *Media* menika awujud buku tigang *dimensi* ingkang unik satemah saged nuwuhaken kawigatosan siswa anggenipun sinau aksara Jawa. Tata caranipun ndamel kanthi mapinten-pinten tataran ingkang sampun dipuntemtokaken. Tataranipun wonten ing panaliten menika dipuntindakaken kanthi urutan, inggih menika: (a) tataran *Analisis*, (b) tataran *Design*, (c) tataran *Development or Production*, (d) tataran *Implementation or Delivery*, saha (e) tataran *Evaluation*.

1) Tataran *Analysis (analisis)*

Tataran *analisis* minangka tataran wiwitan ingkang dipuntindakaken saderengipun *produk* dipundamel. Tataran *analisis* menika kaperang dados kalih inggih menika *analisis kurikulum* saha *analisis kawontenan siswa SMP N 1 Imogiri*. Sekolah menika ngginakaken *Kurikulum 2013*. *Kurikulum* ingkang dipunginakaken menika dipunpadosi *Kompetensi Inti* saha *Kompetensi Dasar* ingkang jumbuh kaliyan pamulangan aksara Jawa ing sekolah. *Kompetensi Inti* saha *Kompetensi Dasar* wonten salebeting *kurikulum* kedah jumbuh kaliyan dhasaring panaliten.

Sasampunipun nindakaken *analisis kurikulum*, lajeng nindakaken *analisis* kabetahan siswa wonten ing sekolah gayutipun kaliyan pamulangan aksara Jawa. Adhedhasar wawan-pangandikan kaliyan guru basa Jawi, dipunmangretosi taksih wonten mapinten-pinten prakawis utawi pepalang wonten pamulangan bab aksara Jawa. Salah satunggaling prakawis inggih menika *media* pasinaon ingkang dipunginakaken kangge nyengkuyung pasinaon basa Jawi mliginipun kangge *materi* aksara Jawa menika taksih kirang sanget. Guru langkung asring ngginakaken *metode ceramah* saha dereng ngginakaken *media* pasinaon. Siswa rumaos *bosen* wonten pamulangan menika.

Adhedhasar prakawis menika lajeng dipundamel *media* pasinaon ingkang *praktis*, boten *berbasis IT*, ananging saged kangge nuwuhaken kawigatosan siswa sinau basa Jawi mliginipun sinau aksara Jawa. *Media* pasinaon menika awujud *pop-up book*. Siswa langkung *antusias* anggenipun sinau aksara Jawa saha saged nambah gladhen siswa supados *aktif* sinau kanthi mandhiri. *Media* menika ugi saged dipunginakaken wonten pamulangan ing sekolah menapadene sinau piyambak wonten ing griya.

2) Tataran *Design* (ndamel *desain media*)

Tataran salajengipun inggih menika ndamel *desain media*. Tataran menika dipunwiwiti kanthi ngempalaken *referensi* ingkang gayut kaliyan *materi*. *Materi-materi* ingkang sampun dipunkempalaken menika lajeng dipundamel *flowchart*. *Flowchart* inggih menika *diagram alur* kangge nggampilaken nalika ndamel rantaman *media* pasinaon. Wosing *flowchart* menika ngewrat *konsep penyajian menu* pamulangan. *Flowchart* lajeng dipunwujudaken dados *story board* utawi

naskah media.

Story board inggih menika *rancangan naskah media* kangge paring gambaran wosing *media*. *Story board* ngrewat sadaya ingkang samangke dipunwujudaken wonten ing salebeting *pop-up book*, wiwit saking *cover* dumugi kaca panutup utawi pungkasan. *Pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa menika wonten 26 kaca. Wondene peranganipun inggih menika: (a) pambuka, (b) wosing isi, (c) *Kompetensi Inti*, *Kompetensi Dasar*, saha *Indikator*, (d) cara ngecakaken *media*, (e) aksara legena, (f) aksara murda saha aksara swara, (g) sandhangan, (h) tandha pamaos saha panjingan, (i) pasangan, (j) tuladha tembung, saha (k) gladhen.

Sasampunipun ngempalaken *materi*, lajeng ndamel *desain media*. Wonten tataran menika, cak-cakanipun kanthi cara nemtokaken *desain produk* kangge nemtokaken wosipun *media* pasinaon. *Desain* ingkang dipundamel awujud seratan saha gambar. Seratan menika awujud seratan aksara Jawa ingkang dipunandharaken wonten ing *media* pasinaon *pop-up book*. Salajengipun *desain* gambar dipunjumbuhaken kaliyan *materi* ingkang dipunandharaken.

3) Tataran Development (Pengembangan)

Sasampunipun *naskah media* pasinaon dipundamel, lajeng dipunlebetaken wonten *media pop-up book*. Tataran menika dipunwastani tataran *pengembangan* utawi *produksi media*. *Media* pasinaon *pop-up book* dipundamel kanthi kalih teknik, inggih menika *teknik manual* saha *teknik komputer*. Ingkang kalebet *teknik manual* inggih menika ndamel *sketsa*, *proses pemotongan*, *proses penyusunan/perakitan*, saha *proses penjilidan*. Salajengipun ingkang kalebet

teknik komputer inggih menika *proses pewarnaan, proses editing, saha proses print/cetak*.

Wonten ing *teknik manual*, tataran kaping pisan inggih menika ndamel *sketsa* utawi *desain pop-up*. Pirantos ingkang dipunginakaken kangge ndamel *pop-up* inggih menika pensil, garisan, gunting, *cutter*, *isolasi wolak-walik (double tip)*, dlancang *HVS*, dlancang *ivory 260*, *printer scan*, saha komputer. Anggenipun ndamel *sketsa* gambar ngginakaken pensil. *Sketsa* ingkang sampun dados dipungunting lajeng dipunrantam dados *pop-up*. *Sketsa* ingkang dipundamel kalawau dereng wonten warnipun taksih awujud *dummy* saha dlancangipun ugi taksih werni pethak.

Wonten ing *teknik komputer*, *sketsa* utawi *desain* ingkang sampun dados lajeng dipunedit ngginakaken *aplikasi software CorelDraw X7* lajeng dipunwarna supados *tampilan pop-up* langkung nengsemaken. *Desain* ingkang sampun dados lajeng dipun-cetak utawi *print* ngginakaken dlancang *ivory 260*. Salajengipun, dipungunting lajeng dipunrantam dados *pop-up*. Tataran ndamel *media* ingkang pungkasan inggih menika sadaya kaca *pop-up* dipunjilid dados buku (*book*).

Produk ingkang sampun dados lajeng dipun-validasi dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*. Dosen *ahli materi* wonten ing panaliten menika inggih menika Ibu Venny Indria Ekowati, M.Litt., wondene dosen *ahli media* wonten ing panaliten menika inggih menika Ibu Avi Meilawati, S.Pd., M.A. Tataran *validasi* dipuntindakaken kangge paring pambiji tumrap *kualitas media* pasinaon, supados angsal pambiji *kelayakan media*. *Revisi produk*

dipuntindakaken adhedhasar pamrayogi saking dosen *ahli* kangge ndandosi kekiranganipun *produk* supados angsal pasarujukan kangge *uji coba*.

Produk dipun-*validasi* dening dosen *ahli materi* kanthi tigang tataran. Tataran I menika dipunparingi pamrayogi: (1) cara ngecakaken *media* dereng cetha, (2) *Kompetensi Dasar* saha *Indikator* boten jumbuh, (3) *materi* saha *kompetensi dasar* dereng jumbuh, (4) taksih wonten seratan aksara Jawa ingkang dereng leres, (5) antawisipun sandhangan, panjingan, saha tandha pamaos taksih campur, (6) dipuntambahi gladhen waosan wonten salebeting *media*. Asil pambijining *validator* dipunentang kanthi ngecakaken *rumus*

$$\frac{\sum \text{Skor Panaliten}}{\sum \text{Skor Ideal Sadaya Item}} \times 100\% \quad \text{dados} \quad \text{menika} \quad \frac{12}{40} \times 100\% = 30\% \quad \text{ingkang}$$

kagolong kirang kanthi dudutan *produk* menika dereng *layak uji coba*.

Salajengipun *media* dipun-*revisi* jumbuh kaliyan pamrayoginipun dosen *ahli materi*. Anggenipun *revisi* kanthi cara ngleresaken cara ngecakaken *media*, njumbuhaken *indikator* kaliyan *kompetensi dasar*, dipuntambahi *materi*-nipun, ngleresaken seratan aksara Jawa ingkang lepat, bedakaken antawisipun sandhangan, panjingan, saha tandha pamaos, sarta dipuntambahi gladhen wonten salebeting *media*.

Tataran II inggih menika *revisi* bab seratan tembung mawi aksara Jawa saha dipuntambahi irah-irahan gladhenipun. Tataran menika kapiji kanthi *persentase* $\frac{33}{40} \times 100\% = 82,5\%$ ingkang kagolong sae sanget. Sasampunipun dipuntindakaken *revisi* seratan aksara Jawaipun lajeng saged mlebet *validasi* tataran III. Tataran III inggih menika sampun angsal pasarujukan kangge *uji coba*

kanthi boten wonten *revisi*. Tataran menika kapiji kanthi *persentase* $\frac{37}{40} \times 100\% = 92,5\%$ kagolong sae sanget.

Sasampunipun *produk* dipun-*validasi* dening dosen *ahli materi*, salajengipun *validasi* dening dosen *ahli media*. *Validasi* menika dipuntindakaken kanthi kalih tataran. Tataran I dipunbiji kanthi ngecakaken rumus $\frac{\sum \text{Skor Panaliten}}{\sum \text{Skor Ideal Sadaya Item}} \times 100\%$ dados menika $\frac{31}{40} \times 100\% = 77,5\%$ ingkang kagolong sae. Wonten tataran menika angsal pamrayogi *media* menika dereng urut saha langkung sae manawi dipun-*variasi tata letak*-ipun. Lajeng dosen *ahli media* paring dudutan bilih *media* menika dereng *layak uji coba*. Salajengipun dipuntindakaken *revisi* kanthi cara ngurutaken kaca *pop-up* saha nggantos *variasi tampilan pop-up*. Tataran II angsal *presentase* $\frac{32}{40} \times 100\% = 80\%$ ingkang kagolong sae. Saking *presentase* menika *validator* paring dudutan *media* sampun *layak kangge uji coba*.

4) **Tataran Implementation (Uji coba)**

Tataran sasampunipun *validasi media* inggih menika tataran *uji coba* dhateng siswa SMPN 1 Imogiri kelas VII saha *evaluasi kualitas media* dening guru basa Jawi saha siswa. Pambiji guru basa Jawi saha siswa menika dipunginakaken kangge ngempalaken *data* asiling pambiji *kualitas media* ingkang dipundamel. *Uji coba* ingkang dipuntindakaken menika kangge mangretosi tataranipun *produk* jumbuh kaliyan ancas pasinaon. *Media* dipunsuwunaken pambiji dhateng guru basa Jawi ngengingi *kualitas media* ingkang dipundamel. Sasampunipun nyuwun pambiji tumrap *kualitas media* dhateng guru basa Jawi

lajeng nindakaken *uji coba media* dhateng siswa kelas VII.

Anggenipun nindakaken *uji coba* menika kanthi merang gunggungipun siswa dados sakawan kelompok. Gunggungipun siswa kelas VII A menika wonten 29 siswa dados satunggal kelompok gunggungipun wonten 7-8 siswa. Lajeng saben kelompok menika dipunparingi satunggal buku *pop-up*. Para siswa maos saha mangretosi rumiyin cara ngecakaken *media*. Salajengipun mangretosi wosing *materi* ingkang cumawis. Siswa maos tuladha tetembungan ingkang sinerat mawi aksara Jawa rumiyin saderengipun maos tataran ukara. Saben kelompok gladhen maos ukara mawi aksara Jawa ingkang awujud waosan cariyos. Satunggal siswa saking saben klompok majeng kangge maos asiling gladhen.

5) Tataran *Evaluation* (*Evaluasi*)

Tataran ingkang pungkasan inggih menika tataran *evaluasi*. Tataran *evaluasi* menika dipuntindakaken kanthi ndamel *analisis* pambiji *media* dening dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi, saha pamanggih siswa. *Data* ingkang sampun dipunkempalaken lajeng dipun-*analisis* jumbuh kaliyan ancasipun *produk*. Wondene asiling *rata-rata* pambiji pungkasan angsal 90% ingkang kagolong sae sanget. Asiling *analisis* nedahaken bilih *produk* sampun jumbuh kaliyan ancasipun pasinaon saha *layak* dipunginakaken kangge pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa.

2. *Kualitas Media Pasinaon Pop-Up Book* Maos Ukara mawi Aksara Jawa

Kualitas media pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa kanthi *pop-up book* menika saged dipunmangretosi saking asiling *validasi* dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*. Dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media* paring

pambiji tumrap *kualitas media* saking perangan *indikator* ingkang sampun dipuntemtokaken. Wonten panaliten menika dosen *ahli materi* inggih menika Ibu Venny Indria Ekowati, M.Litt. Wondene dosen *ahli media* inggih menika Ibu Avi Meilawati, S.Pd., M.A. Andharan *validasi kualitas media* pasinaon bab *materi*ipun kados wonten ing ngandhapan menika.

a. Validasi Dosen Ahli Materi

Validasi dening dosen *ahli materi* tumrap *media* pasinaon inggih menika kangge paring pambiji saha pamrayogi tumrap andharan *materi* wonten ing salebeting *media* pasinaon. Dosen *ahli materi* dipuncaosi *media* pasinaon *pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa saha *angket evaluasi*. *Media* menika dipunpirsani saha dipun-*evaluasi* dening dosen *ahli materi* supados mangretos wosing *materi* saha seratan aksara Jawaipun wonten ing salebeting *media* pasinaon.

Pamrayogi saking dosen *ahli materi* dipunginakaken minangka dhasar kangge ndandosi utawi *revisi media* satemah saged ngasilaken *produk media* ingkang *kualitas*-ipun sae. Dosen *ahli materi* minangka *validator* inggih menika Ibu Venny Indria Ekowati, S.Pd., M.Litt. Panjenenganipun minangka dosen *pengampu mata kuliah* wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta. Ibu Venny Indria Ekowati, S.Pd., M.Litt. menika mumpuni dados *validator materi* amargi *materi* wonten ing salebeting *media* jumbuh kaliyan *bidang keahlian*-ipun inggih menika bab aksara Jawa.

Validasi dening dosen *ahli materi* menika dipuntindakaken kanthi tigang tataran. Wondene *indikator validasi* dening dosen *ahli materi* dipunperang dados 8 *indikator* pambiji, inggih menika: a) Jumbuhipun *indikator* kaliyan *Kompetensi Dasar*, b) Jumbuhipun *materi* kaliyan *Kompetensi Dasar*, c) Urutipun *materi* ingkang dipunandharaken, d) Seratan aksara Jawa sampun cetha saha trep, e) Basanipun gampil dipunmagretosi, f) Jumbuhipun gambar kaliyan *materi*, g) Tuladhanipun saged mbiyantu siswa mangretosi *materi-nipun*, saha h) Jumbuhipun gladhen kaliyan *indikator* pasinaon. Asil *validasi* dening dosen *ahli materi* tumrap *kualitas media* dipunserat lumantar *tabel* ngandhap menika.

Tabel 52: Asiling Validasi dening Dosen Ahli Materi


Nomer	Indikator	Tataran I		Tataran II		Tataran III	
		Biji	Biji	Biji	Biji	Biji	Biji
1.	Jumbuhipun <i>indikator</i> kaliyan <i>Kompetensi Dasar</i>	1	Kurang sanget	4	Sae	4	Sae
2.	Jumbuhipun <i>materi</i> kaliyan <i>Kompetensi Dasar</i>	1	Kurang sanget	4	Sae	5	Sae sanget
3.	Urutipun <i>materi</i> ingkang dipunandharaken cetha	1	Kurang sanget	4	Sae	5	Sae sanget
4.	Seratan aksara Jawa sampun cetha saha trep	2	Kurang	3	Cekap	5	Sae sanget
5.	Basanipun gampil dipunmagertosi	2	Kurang	4	Sae	4	Sae
6.	Jumbuhipun gambar kaliyan <i>materi</i>	3	Cekap	5	Sae sanget	5	Sae sanget

salajengipun <i>tabel</i>							
7.	Tuladhanipun saged mbiyantu siswa mangretosi <i>materi-nipun</i>	1	Kurang sanget	4	Sae	4	Sae
8.	Jumbuhipun gladhen kaliyan <i>indikator pasinaon</i>	1	Kurang sanget	5	Sae sanget	5	Sae sanget
Gunggungipun Biji		12		33	Sae	37	Sae
Rata-rata <i>Persentase</i>		30 %	Kurang	82,5 %	Sae Sanget	92,5 %	Sae Sanget

Adhedhasar *tabel 52* ing nginggil menika saged dipunmangretosi bilih pambiji saking dosen *ahli materi* menika dipuntindakaken kanthi tigang tataran, saben tataran menika bijinipun wonten indhak-indhakanipun. Tataran I inggih menika angsal biji rata-rata *persentase* 30% ingkang kagolong kirang. Saking tataran I angsal pamrayogi dening dosen *ahli materi*, inggih menika: 1) cara ngecakaken *media* dereng cetha, 2) *Kompetensi Dasar* saha *Indikator* boten jumbuh, 3) *materi* saha *kompetensi dasar* dereng jumbuh, 4) taksih wonten seratan aksara Jawa ingkang lepat, 5) antawisipun sandhangan, panjingan, saha tandha pamaos taksih campur, saha 6) dipuntambahi gladhen waosan wonten salebeting *media*. Wonten tataran menika dosen *ahli materi* paring dudutan bilih *media* pasinaon menika dereng layak uji coba.


Validasi tataran II angsal biji rerata *persentase* 82,5% ingkang kagolong sae sanget. Tataran II angsal pamrayogi seratan aksara Jawanipun dipunleresaken saha dipuntambahi irah-irahan gladhenipun. Dosen *ahli materi* wonten tataran

menika paring dudutan bilih *media* menika sampun *layak uji coba* kanthi *revisi* ingkang jumbuh kaliyan pamrayogi. Lajeng tataran ingkang pungkasan inggih menika angsal biji *rata-rata persentase* 92,5% ingkang kagolong sae sanget. Saking pambiji menika dosen *ahli materi* paring dudutan bilih *media* pasinaon menika *layak uji coba* kanthi boten wonten *revisi*. *Asiling validasi* dening dosen *ahli materi* saking tataran sapisan dumugi tataran ingkang pungkasan dipunserat lumantar *diagram batang* utawi *grafik* kados ngandhap menika.



Gambar 1: Grafik Asiling Validasi Kualitas Media Tataran I, Tataran II, saha Tataran III dening Dosen Ahli Materi

Adhedhasar *grafik* wonten ing nginggil menika saged dipunmangretosi malih *grafik* mindhakipun *validasi* saking tigang tataran. Wondene *grafik* mindhakipun *validasi* kados wonten ing ngandhap menika.



Gambar 2: Grafik Validasi Kualitas Media dening Dosen Ahli Materi

b. Validasi Dosen Ahli Media

Validasi dening dosen ahli media tumrap media pasinaon ingkang sampun dipundamel inggih menika kangge paring pambiji saha pamrayogi tumrap kualitas asiling tampilan media pasinaon. Validasi menika dipuntindakaken kanthi nyaosaken media pasinaon pop-up book maos ukara mawi aksara Jawa saha angket pambiji dhateng dosen ahli media. Produk media lajeng dipunbiji perangan tampilan media lajeng dipun-evaluasi kanthi ngisi angket pambiji ingkang sampun dipuntemtokaken perangan indikator-ipun.

Pamrayogi saking dosen ahli media dipunginakaken dhasar kangge revisi media satemah saged ngasilaken kualitas produk media ingkang sae. Dosen ahli media minangka validator inggih menika Ibu Avi Meilawati, S.Pd., M.A. Panjenenganipun minangka dosen pengampu mata kuliah media pasinaon wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta, pramila saged jumbuh anggenipun dados validator dosen ahli media pasinaon.

Validasi dening dosen *ahli media* menika dipuntindakaken dumugi angsal pasarujukan kangge *uji coba produk*. *Validasi media* dening dosen *ahli media* menika dipuntindakaken kanthi kalih tataran. *Validasi* ingkang dipuntindakaken menika wonten 8 *indikator* pambiji, inggih menika: 1) *media* saged nuwuhaken kawigatosan, 2) samakipun nuwuhaken kawigatosan, 3) gampil anggenipun ngginakaken *media*, 4) huruf ingkang dipunginakaken cetha, 5) gambar ingkang dipunginakaken trep kaliyan *materi*, 6) trep pamilihing werni, 7) trep pamilihing *background*, saha 8) basanipun gampil dipunmangretosi. Asil pambiji *validasi* dening dosen *ahli media* dipunserat lumantar *tabel* kados ngandhap menika.


Tabel 53: Asiling Validasi dening Dosen Ahli Media

Nomer	Indikator	Tataran I		Tataran II	
		Biji		Biji	
1.	<i>Media</i> saged nuwuhaken kawigatosan	4	Sae	4	Sae
2.	Samakipun nuwuhaken kawigatosan	4	Sae	4	Sae
3.	Gampil anggenipun ngginakaken <i>media</i>	3	Cekap	4	Sae
4.	Huruf ingkang dipunginakaken cetha	4	Sae	4	Sae
5.	Gambar ingkang dipunginakaken trep kaliyan <i>materi</i>	4	Sae	4	Sae
6.	Trep pamilihing werni	4	Sae	4	Sae
7.	Trep pamilihing <i>background</i>	4	Sae	4	Sae
8.	Basanipun gampil dipunmangretosi	4	Sae	4	Sae
Gunggungipun Biji		31	Sae	32	Sae

salajengipun <i>tabel</i>			
Rata-rata <i>Persentase</i>	77,5 %		80 %


Adhedhasar saking *tabel 53* ing nginggil menika saged dipunmangretosi bilih asiling *validasi kualitas media* pasinaon saking dosen *ahli media* wonteni kalih tataran. Saking kalih tataran ingkang dipuntindakaken menika saben tataran wonten indhak-indhakanipun kanthi *revisi* saking dosen *ahli media*. Tataran I angsal rerata *persentase 77,5%* ingkang kagolong sae. Dosen *ahli media* wonten ing tataran menika ugi paring pamrayogi bilih *media* wonten ingkang dereng runtut saha *media* langkung sae dipunparingi *variasi tata letak*. Awit saking menika dosen *ahli media* paring dudutan bilih *media* menika dereng *layak* kangge *uji coba*.

Salajengipun tataran II angsal biji rerata *persentase 80%* ingkang sampun kagolong sae. Wonten ing tataran II menika angsal pasarujukan kangge *uji coba* kanthi boten *revisi*. Asiling *validasi* saking dening dosen *ahli media* saking tataran sapisan dumugi tataran ingkang pungkasan dipunserat lumantar *diagram batang* utawi *grafik kados* ngandhap menika.



Gambar 3: Grafik Asiling Validasi Kualitas Media Tataran I saha Tataran II dening Dosen Ahli Media

Adhedhasar *grafik* wonten ing nginggil saged dipunmangretosi malih *grafik* mindhakupun *validasi* saking tigang tataran. Wondene mindhakupun asiling *validasi* kados *grafik* wonten ing ngandhap menika.



Gambar 4: Grafik Validasi Kualitas Media dening Dosen Ahli Media

3. Asiling Pambijinipun Guru Basa Jawi saha Pamanggihing Siswa Kelas VII

a. Pamanggihipun Guru Basa Jawi tumrap *Media Pasinaon Pop-Up Book* Maos Ukara mawi Aksara Jawa

Pambiji *kualitas media* dening guru basa Jawi tumrap *media pasinaon* menika dipuntindakaken kangge nyumerepi pambiji *kualitas media pasinaon* saking perangan *kompetensi* saha perangan *tampilan*. Pambijining *kualitas media* dening guru basa Jawi menika dipuntindakaken sasampunipun angsal *validasi* dening dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, saha angsal pasarujukan kangge nindakaken *uji coba media*. Pambiji *kualitas media* menika dipunparingi biji dening Ibu Wiwik Susanti, S.Pd., minangka guru basa Jawi SMPN 1 Imogiri.

Validasi dening guru basa Jawi dipuntindakaken nalika *uji coba* dhateng siswa saha paring pambiji nalika *proses uji coba*. Asiling pambiji *kualitas media* saking guru basa Jawi dipunserat lumantar *tabel* kados ngandhap menika.

Tabel 54: Asiling Pambijinipun Kualitas Media dening Guru Basa Jawi


Nomer	Indikator	Biji	
1.	<i>Materi</i> ingkang dipunginakaken saged mbiyantu nggampilaken sinau aksara Jawa	5	Sae Sanget
2.	Jumbuhipun <i>media</i> kaliyan <i>Kompetensi Dasar</i>	5	Sae Sanget
3.	<i>Materi</i> ingkang dipunginakaken trep kaliyan siswa kelas VII	4	Sae
4.	Tuladha tetmbungan cekap	5	Sae Sanget
5.	<i>Media</i> nuwuhaken kawigatosan	5	Sae sanget
6.	Basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangretosi	4	Sae

salajengipun tabel			
7.	Gladhen waosan cekap	5	Sae sanget
8.	Kreatifitas	5	Sae Sanget
Gunggungipun Biji		38	Sae sanget
Rata-rata Persentase Biji		95%	

Adhedhasar tabel 54 ing nginggil, asiling biji *kualitas media* dening guru basa Jawi menika angsal biji kanthi ngecakaken rumus

$$\frac{\sum \text{Skor Panaliten}}{\sum \text{Skor Ideal Sadaya Item}} \times 100\% \text{ dados menika } \frac{38}{40} \times 100\% = 95\% \text{ ingkang}$$

kagolong sae sanget. Saking asiling menika nedahaken bilih *media* ingkang dipundamel menika sampun sae sanget saha *layak* dipunginakaken kangge pamulangan aksara Jawa kelas VII SMP. Asil pambijining *kualitas media* dening guru basa Jawi *diagram batang* utawi *grafik* wonten ing ngandhap menika.



Gambar 5: Grafik Asiling Pambiji Kualitas Media dening Guru Basa Jawi

**b. Pamanggihipun Siswa tumrap *Kualitas Media Pasinaon Pop-Up Book*
Maos Ukara mawi Aksara Jawa**

Media pasinaon pop-up book maos ukara mawi aksara Jawa menika saged dipun-*uji coba* dhateng siswa sasampunipun dipuntindakaken *validasi* dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media* sarta sampun angsal pasarujukan kangge *uji coba*. *Uji coba* menika dipuntindakaken kangge mangretosi pamanggihipun siswa bab *kualitas media pasinaon pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa ingkang dipundamel. *Uji coba* menika dipuntindakaken wonten ing SMPN 1 Imogiri kelas VII A ingkang gunggungipun wonten 29 siswa.

Wonten *proses uji coba* menika, panaliti dipundampingi dening Ibu Wiwik Susanti, S.Pd., minangka guru basa Jawi SMPN 1 Imogiri. Tataran *uji coba* menika kawiwitan kanthi merang siswanipun dados sakawan kelompok. Saben kelompok menika wonten 7-8 siswa, lajeng saben kelompok dipunparingi *media pop-up book*. Salajengipun siswa sami ningali saha maos *materi-nipun* kalajengaken maos tuladha tetembungan ingkang sinerat mawi aksara Jawa.

Sasampunipun saged maos tuladha tembung, lajeng gladhen maos waosan cariyos ingkang sinerat mawi aksara Jawa wonten salebeting buku *pop-up*. Satunggal kelompok menika wonten satunggal siswa ingkang majeng kangge maos asiling gladhen. Salajengipun siswa dipundhawuhi paring pambiji tumrap *kualitas media* kanthi ngisi *angket* perangan *evaluasi* saha nyerat pamrayoginipun. Saking *angket* menika saged dipunmangretosi kadospundi pamanggih siswa tumrap *media pasinaon pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa.

Pamanggih siswa tumrap *media pasinaon* menika dipuntindakaken

ngewrat 8 indikator, inggih menika: (1) *materi* ingkang dipunandharaken saged mbiyantu nggampilaken siswa sinau aksara Jawa, (2) *media* pasinaon gampil dipunginakaken, (3) *media* saged nuwuhaken kawigatosan, (4) *materi* ingkang dipunandharaken cetha, (5) basanipun gampil dipunmangretosi, (6) tuladha tetembungan cekap, (7) gladhen saged mbiyantu siswa kangge nguwaosi *materi*, saha (8) *media* pasinaon menika saged kaginakaken siswa sinau kanthi mandhiri. Asiling pamanggih siswa satunggal kelas dipunserat lumantar *tabel* kados ngandhap menika.

Tabel 55: Asiling Angket Pamanggihipun Siswa

Nomer	Indikator	Gunggungipun Biji	Persentase (%)	Katrangan
1.	<i>Materi</i> ingkang dipunandharaken saged mbiyantu nggampilaken siswa sinau aksara Jawa	143	98%	Sarujuk Sanget
2.	<i>Media</i> pasinaon gampil dipunginakaken	131	90%	Sarujuk Sanget
3.	<i>Media</i> saged nuwuhaken kawigatosan	142	97%	Sarujuk Sanget
4.	<i>Materi</i> ingkang dipunandharaken cetha	136	93%	Sarujuk Sanget
5.	Basanipun gampil dipunmangretosi	132	91%	Sarujuk Sanget
6.	Tuladha tetembungan cekap	129	88%	Sarujuk Sanget
7.	Gladhen saged mbiyantu siswa nguwaosi <i>materi</i>	132	91%	Sarujuk Sanget
8.	<i>Media</i> pasinaon menika	127	86%	Sarujuk


	saged kaginakaken siswa sinau kanthi mandhiri			Sanget
Total rata-rata persentase		92%		
Kriteria		Sarujuk Sanget		

Adhedhasar asiling pamanggihipun siswa wonten *tabel 55* ing nginggil saged dipumangretosi rerata *persentase* saben *indikator*, inggih menika: 1) *materi* ingkang dipunandharaken saged mbiyantu nggampilaken siswa sinau aksara Jawa, menika angsal 98% ingkang kagolong sarujuk sanget, (2) *media* pasinaon gampil dipunginakaken, menika angsal 90% ingkang kagolong sarujuk sanget, (3) *media* saged nuwuhaken kawigatosan, menika angsal 97% ingkang kagolong sarujuk sanget, (4) *materi* ingkang dipunandharaken cetha, menika angsal 93% ingkang kagolong sarujuk sanget, (5) basanipun gampil dipunmangretosi, menika angsal 91% ingkang kagolong sarujuk sanget, (6) tuladha tetembungan cekap, menika angsal 88% ingkang kagolong sarujuk sanget, (7) gladhen saged mbiyantu siswa kangge nguwaosi *materi*, menika angsal 91% ingkang kagolong sarujuk sanget, saha (8) *media* pasinaon menika saged kaginakaken siswa sinau kanthi mandhiri, menika angsal 86% ingkang kagolong sarujuk sanget.

Rerata *persentase* asiling pamanggihipun siswa saking sadaya *indikator* saged dipunetang kanthi cara ngecakaken *rumus*

$$\frac{\sum \text{persentase sab en indikator}}{\sum \text{Sadaya persentase}} \times 100\% \text{ dados menika } \frac{734}{800} \times 100\% = 91,75\% \text{ ingkang}$$

saged dipunbulataken dados 92% ingkang kagolong sarujuk sanget. Asiling pamanggihing siswa satunggal kelas dipunserat lumantar *diagram batang* utawi *grafik* kados ngandhap menika.



Gambar 6: Grafik Asiling Pamanggihipun Siswa Kelas VII A

B. Pangrembag

Asiling panaliten sadaya dipunrembag wonten bab pangrembag menika. Pangrembag panaliten ingkang dipunrembag dipunandharaken kados ngandhap menika.

1. Cara Ndamel *Media Pasinaon Pop-Up Book* Maos Ukara mawi Aksara Jawa

a. Tataran *Analysis (analisis)*

Tataran *analisis* minangka tataran ingkang kaping sapisan anggenipun ndamel *produk*. Tataran *analisis* menika kaperang dados kalih tataran, inggih menika *analisis kurikulum* saha *analisis kawontenan* siswa kelas VII SMPN 1 Imogiri. *Analisis kurikulum* dipuntindakaken kanthi cara maos saha mangretosi *kurikulum* ingkang dipunginakaken ing pasinaon basa Jawi wonten sekolah

kasebut mliginipun pamulangan aksara Jawa.

Analisis kurikulum dipuntindakaken kanthi cara mangretosi *kurikulum* ingkang dipunginakaken wonten ing sekolah. Adhedhasar *Kurikulum 2013* kangge siswa kelas VII SMP sampun dipuntetepaken bilih *Kompetensi Inti* ingkang trep bab aksara Jawa inggih menika “*Memahami pengetahuan faktual, konseptual, dan prosedural berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni budaya, terkait fenomena dan kejadian tampak mata*” saha *Kompetensi Dasar* “*Membaca dan menulis kalimat sederhana beraksara Jawa.*” Ananging ingkang dipunginakaken kangge dhasar ndamel *media* menika ngginakaken KD “*Membaca Kalimat Sederhana Beraksara Jawa*”. Salajengipun karacak *indikator* “*Siswa dapat membaca kalimat sederhana beraksara Jawa.*”

Sasampunipun nindakaken *analisis kurikulum*, salajengipun nindakaken *analisis* kawontenan siswa ing salebeting pasinaon aksara Jawa ing sekolah. Saking asiling *observasi* tumrap kawontenan siswa kelas VII SMPN 1 Imogiri, dipunmangretosi taksih wonten pepalang nalika *proses* pamulangan. Siswa boten nggatosaken wulangan aksara Jawa, amargi guru anggenipun ngandharaken *materi* dereng ngginakaken *media* pasinaon. Pramila saking menika dipunbetahaken *media* ingkang saged nuwuhaken kawigatosanipun siswa, satemah para siswa langkung remen sinau aksara Jawa.

Adhedhasar prakawis menika, salajengipun dipundamel *media* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa ingkang awujud *pop-up book*. *Media* pasinaon menika dipunajab saged nuwuhaken kawigatosan satemah siswa langkung remen sinau aksara Jawa. *Media* menika ugi saged mbiyantu guru ngandharaken *materi*

wonten salebeting pasinaon aksara Jawa.

b. Tataran *Design* (ndamel *desain media*)

Tataran ndamel *desain media* dipuntindakaken sasampunipun tataran *analisis kurikulum* saha *analisis* kawontenan siswa. *Analisis* kawontenan siswa menika kangge dhasar ndamel *media pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa. Saderengipun ndamel *desain*, dipunwiwiti kanthi ngempalaken *materi* bab aksara Jawa. *Materi* ingkang sampun dipunkempalaken lajeng dipundamel *flowchart* inggih menika *bagan alur pengembangan*. Wosing *flowchart* menika ngewrat *konsep penyajian menu* pamulangan. *Flowchart* lajeng dipunwujudaken dados *story board* utawi *naskah media*.

Story board menika *rancangan naskah* wonten ing *media* kangge paring gambaran wosing *media*. *Story board* ngewrat sadaya ingkang samangke dipunwujudaken wonten ing salebeting *pop-up book*, wiwit saking *cover* dumugi kaca panutup utawi pungkasan. Wonten ing *media pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa menika ngandharaken *materi* aksara Jawa saha tuladha tetembungan ingkang sinerat mawi aksara Jawa. Kajawi menika, *media pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa ugi ngewrat gladhen awujud waosan cekak ingkang sadaya sinerat mawi aksara Jawa saha dipunsengkuyung gambar wujud *pop-up* ingkang jumbuh kaliyan waosanipun.

Gunggungipun kaca wonten ing *pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa menika wonten 26 kaca. Andharan gunggungipun kaca saking kaca pambuka dumugi kaca pungkasan, inggih menika: (1) kaca 1 inggih menika pambukaning buku ingkang ngewrat wosing *pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa saha

ginanipun *pop-up book* menika wonten ing pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa; (2) kaca 2 inggih menika ngewrat wosing isi buku; (3) kaca 3 inggih menika ngandharaken *Kompetensi Inti, Kompetensi Dasar*, saha *indikator*; (4) kaca 4 inggih menika ngandharaken cara ngecakaken *media*; (5) kaca 5-6 ngandharaken *materi* aksara legena ingkang gunggungipun 20, wiwit aksara *ha dumugi nga*; (6) kaca 7-8 ngandharaken aksara murda saha aksara swara; (7) kaca 9-10 ngandharaken *materi* sandhangan aksara Jawa ingkang kaperang dados tiga, inggih menika sandhangan swara, sandhangan panyigeging wanda, saha sandhangan wyanjana; (8) kaca 11-12 ngandharaken tandha pamaos, panjingan, saha pasangan *pa cêrêt lan nga lélêt*; (9) kaca 13-14 ngandharaken pasangan aksara Jawa; (10) kaca 15-18 ngewrat tuladha tetembungan ingkang sinerat mawi aksara Jawa; (11) kaca 19-26 ngewrat gladhen maos ukara mawi aksara Jawa ingkang awujud waosan.

c. **Tataran *Development* (ndamel *media*)**

Tataran ndamel *media* dipuntindakaken sasmapunipun tataran ndamel *desain media*. *Media* pasinaon *pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa dipundamel ngginakaken kalih *teknik*, inggih menika *teknik manual* saha *teknik komputer*. Ingkang kalebet *teknik manual* inggih menika ndamel *sket, proses pemotongan, proses penyusunan/perakitan, saha proses penjilidan*. Wondene ingkang kalebet *teknik komputer* inggih menika *proses scan, proses pewarnaan, proses pengeditan, saha proses cetak*. *Teknik manual* saha *teknik komputer* ingkang dipunginakaken kangge ndamel *media* dipunandharaken wonten ngandhap menika.

1) *Teknik manual*

a) *Ndamel Sket*

Anggenipun ndamel *sket* menika wonten kalih inggih menika *sket pop-up* saha *sket* gambar paraganipun. *Sket media*-nipun dipundamel ngginakaken dlancang manila supados mangretosi ukuran *tata letak materi*-nipun. *Sket* gambar paraga dipungambar wonten dlancang *HVS kwarto* saderengipun dipun-*scan*.

b) *Proses Pemotongan*

Proses pemotongan dipuntindakaken sasampunipun *proses cetak*, inggih menika kanthi cara nggunting huruf aksara Jawa, gambar, saha latar *background* ingkang sampun dipuncetak adhedhasar *sket* ingkang sampun dipundamel saderengipun. *Proses pemotongan* dipuntindakaken ngginakaken gunting saha *cutter*.

c) *Proses Penyusunan/perakitan*

Proses penyusunan utawi *perakitan* dipuntindakaken sasampunipun *proses cetak/printing*. Anggenipun ngrantam sadaya *potongan-potongan pop-up* ngginakaken *doubletape*. Kawiwitan kanthi pasang alas *background* ing album supados antawisipun *background* kaliyan buku katingal nyambung. Bab *materi* aksara legena, aksara murda, saha aksara swara, *teknik pop-up* ingkang dipunginakaken inggih menika *teknik box and cylinder* ingkang dipu-*modifikasi* kaliyan *teknik pull-tabs*. Seratan aksara Latin ing salebeting *materi* aksara legena saged madeg nalika dipundudut satemah nuwuhaken wujud *pop-up* enggal. Bab *materi* aksara murda saha aksara swara ugi sami seratan aksara Jawanipun saged madeg nalika dipundudut satemah nuwuhaken wujud *pop-up* enggal.

Teknik ingkang dipunginakaken kangge ndamel bab *materi* sandhangan ngginakaken *teknik volvelles*, inggih menika ngginakaken *unsur* bunder ing salebeting *pop-up*. *Sketsa* sandhangan aksara Jawa menika saben seratan dipundamel bunder-bunder. Salajengipun bab *materi* pasangan aksara Jawa saha tuladha tetembungan menika ngginakaken *teknik pull-tabs*. D lancang ingkang wonten tandha (⌵) menika dipuntarik utawi dipundudut supados saged mangretosi wujud seratan Latinipun.

Gambar ingkang nyengkuyung gladhen waosan kanthi irah-irahan “Reresik Kelas”, “Kancil Nyolong Timun”, saha “Rara Jonggrang” menika sadaya ngginakaken *teknik peepshow*, inggih menika gambar-gambar ingkang sampun dipungunting lajeng dipunsusun tumpuk ngginakaken d lancang ingkang dipunparingi *doubletape* supados katingal dados satunggal antawisipun gambar satunggal lan sanesipun. *Objek* gambar dipundamel saged madeg antawisipun gambar satunggal lan gambar sanesipun ngginakaken sambungan d lancang ingkang dipunparingi *doubletape*. Sadaya irah-irahan wiwit *materi* dumugi gladhen waosan menika ngginakaken *teknik box and cylinder* supados saged obah minggah saking tengah kaca nalika kaca menika dipunbikak. Sasampunipun sadaya *elemen* sampun dipunrantam, proses pungkasan inggih menika *finishing*. *Finishing* dipuntindakaken kanthi naliti malih *media* pasinaon ingkang sampun dipundamel supados asilipun sae.

d) *Proses Penjilidan*

Proses penjilidan menika *proses* ingkang pungkasan. *Proses penjilidan* dipuntindakaken kanthi ngempalaken dados satunggal sadaya kaca ngginakaken

doubletape. Lajeng dipun-jilid kanthi *hardcover* ingkang ngginakaken dlancang *karton* supados langkung sae.

2) Teknik Komputer/Digital

a) Proses Scan

Proses scan dipuntindakaken kanthi *scan* gambar paraga ingkang sampun dipundamel wonten dlancang mawi *drawing pen*, salajengipun dipun-*scan* ngginakaken *scanner* supados awujud gambar kanthi *format jpg* saged dipun-*edit* saha dipunwarna ngginakaken *Coreldraw X7*.

b) Proses Pewarnaan saha Pengeditan

Gambar-gambar ingkang sampun dipun-*scan* menika salajengipun dipun-*edit* saha dipunwarna ngginakaken *Coreldraw X7*. Anggenipun ndamel *sket* ngginakaken *teknik transformations* kangge ndamel dhasar ukuran *objek*. *Pewarnaan* huruf, gambar, saha *background* menika dipuntindakaken kanthi maringi warna ingkang *variatif* saha nengsemaken. Warna paraga ugi dipunjumbuhaken kaliyan *setting* waosanipun.

c) Proses Cetak

Proses cetak menika dipuntindakaken wonten salah satunggaling *digital printing* ing Yogyakarta ngginakaken dlancang *ivory 260 gram* kangge gambar *potongan-potongan pop-up* saha *cover* bukunipun. Manawi sampun dipun-*cetak* sadaya, lajeng dipunrantam supados ngasilaken *produk media pop-up* maos ukara mawi aksara Jawa.

Sasampunipun *produk* dipundamel lajeng dipuntindakaken *validasi* dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*. Dosen *ahli materi* inggih menika Ibu

Venny Indria Ekowati, M.Litt., wondene asiling pambiji dening dosen *ahli materi* menika wonten tigang tataran. Tataran ingkang pungkasan angsal biji *rata-rata persentase* 92,5% kagolong sae sanget. Salajengipun dosen *ahli media* inggih menika Ibu Avi Meilawati, S.Pd., M.A. Wondene asiling pambiji dosen *ahli media* ingkang sampun dipuntindakaken kanthi kalih tataran. Tataran ingkang pungkasan angsal biji *rata-rata persentase* 80% kagolong sae. Sasampunipun angsal pasarujukan *layak uji coba* kanthi boten *revisi* saking dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media* menika lajeng saged dipuntindakaken *uji coba* dhateng sekolah.

d. Tataran *Implementation (Uji Coba)*

Tataran *implementation* utawi *uji coba produk* menika dipuntindakaken sasampunipun *produk* dipundamel saha sampun angsal pasarujukan dening *validator* inggih menika dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*. *Uji coba* menika dipuntindakaken wonten SMPN 1 Imogiri kelas VII A ingkang gunggungipun 29 siswa. *Proses uji coba* menika dipundampingi dening guru basa Jawi wonten sekolah kasebut inggih menika Ibu Wiwik Susanti, S.Pd.

Uji coba dipuntindakaken kangge nggayuh *kompetensi dasar* inggih menika “*Membaca kalimat sederhana beraksara Jawa.*” Wondene *indikator-nipun* “*Siswa dapat membaca kalimat sederhana beraksara Jawa*”. Anggenipun *uji coba media* kanthi merang siswa dados 4 kelompok, saben kelompok wonten 7-8 siswa. Kelompok ingkang sampun kaperang lajeng angsal satunggal *pop-up book*. Saderengipun wiwit ngginakaken *media*, siswa langkung rumiyin mangretosi wosing buku saha ancasiipun *pop-up book* menika dipundamel. Siswa

ugi mangretosi *Kompetensi Inti*, *Kompetensi Dasar*, saha *indikator* ingkang badhe dipungayuh siswa. Salajengipun para siswa mangretosi cara ngecakaken *media*. Cara ngecakaken *media pop-up book* menika dipuntindakaken kanthi cara kados makaten.

- 1) Buku *pop-up* menika dipunbikak kados buku limrahipun.
- 2) Kaca 1 menika pambuka buku; kaca 2 wosing isi; kaca 3 *Kompetensi Inti*, *Kompetensi Dasar*, saha *Indikator*; wondene kaca 4 ngewrat cara ngecakaken *media*.
- 3) Kaca 5-6 ngrewat *materi* aksara Jawa legena ingkang awujud seratan tigang *dimensi*. Manawi kaca 7-8 ngrewat *materi* aksara murda saha aksara swara.
- 4) Dlancangipun dipundudut supados seratan aksara Jawa-ipun saged ngadeg, sangandhapipun wonten seratan latinipun.
- 5) Kaca 9-10 ngewrat *materi* sandhangan aksara Jawa ingkang awujud seratan tigang *dimensi*.
- 6) Sandhangan wonten buku menika dipunperang dados tiga, inggih menika: sandhangan swara, sandhangan panyigeging wanda, saha sandhangan wyanjana ingkang awujud tigang *dimensi*.
- 7) Salajengipun kaca 11-12 wonten panjingan saha tandha pamaos.
- 8) Lempitan dlancangipun dipunbikak supados mangretos seratanipun.
- 9) Kaca 13-14 ngrewat *materi* pasangan ingkang awujud seratan tigang *dimensi*.
- 10) Dlancang ingkang wonten tandha (↯) menika dipundudut supados mangretos seratan pasangan aksara Jawa.


- 11) Kaca 15-18 ngewrat tuladha tetembungan ingkang sadaya sinerat mawi aksara Jawa.
- 12) Kaca 19-26 ngewrat gladhen maos ukara mawi aksara Jawa ingkang awujud waosan seratan aksara Jawa.
- 13) Sadaya gladhen menika wonten gambar awujud tigang *dimensi*. Lajeng ing sisih kiwa tengenipun wonten lempitan waosan awujud seratan aksara Jawa.
- 14) Lempitan dlancangipun dipunbikak supados saged dipunwaos ukara-ukara seratan aksara Jawanipun. Sadaya seratan menika nyariyosaken bab ingkang jumbuh kaliyan gambar. Anggenipun maos wiwit lempitan dlancang ing sisih kiwa kalajengaken dlancang sisih tengen.
- 15) Manawi sampun rampung anggenipun maos, buku lajeng dipuntutup malih.

Salajengipun, siswa sami pirembagan kanthi maos *materi* aksara Jawa ing salebeting *media*. Siswa ugi maos tuladha tetembungan ingkang sinerat mawi aksara Jawa saderengipun maos ukara wonten salebeting gladhen. Lajeng siswa maos waosan cekak ingkang sinerat mawi aksara Jawa kanthi milih salah satunggaling waosan saking sakawan waosan ingkang cumawis. Salajengipun saben kelompok wonten satunggal siswa ingkang maos asiling gladhen wonten ing ngajeng kelas.

Miturut pamanggihipun guru basa Jawi SMPN 1 Imogiri, Ibu Wiwik Susanti, S.Pd., ngandharaken bilih *media* menika sae kangge mbiyantu siswa anggenipun sinau maos ukara mawi aksara Jawa. *Media pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa menika ngewrat *materi-materi* aksara Jawa ingkang jumbuh kaliyan kabetahaning siswa kelas VII. Guru ugi langkung gampil anggenipun

ngandharaken *materi* aksara Jawa, mliginipun perangan: aksara swara, pasangan *pa cêrêt* saha pasangan *nga lèlêt*, sandhangan swara, sandhangan panyigeging wanda, sandhangan wyanjana, saha tandha pamaos. Buku ingkang dipunginakaken wonten pamulangan aksara Jawa ing kelas menika dereng ngewrat *materi* aksara swara saha pasangan *pa cêrêt* saha *nga lèlêt*. Ugi dereng bedakaken antawisipun sandhangan swara, sandhangan panyigeging wanda, sandhangan wyanjana, saha tandha pamaos.

Media pasinaon *pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa menika saestu wonten paedahipun. Saderengipun ngginakaken *media* pamulangan aksara Jawa, siswa taksih kangelan anggenipun sinau aksara Jawa, mliginipun maos ukara mawi aksara Jawa. Prakawis menika katitik saking siswa dereng saged mbedakaken antawisipun aksara *na* saha aksara *da*. Anggenipun maos wonten ingkang taksih kuwalik-kuwalik. Tuladhanipun kados gambar ing ngandhap menika.



Cuplikan 1: Tembung ingkang lepat dipunwaos siswa

Siswa taksih dereng saged mbedakaken antawisipun aksara *na* saha aksara *da*. Nalika siswa maos tuladha tetembungan ingkang sinerat mawi aksara Jawa kados gambar ing nginggil menika, anggenipun siswa maos taksih lepat. Tembung ing *cuplikan* 1 dipunwaos siswa “dadas” saha “nurén”. Sasampunipun ngginakaken *media pop-up book* menika siswa lajeng mangretos waosan ingkang

leres inggih menika “nanas” saha “durén”. Wonten ing tataran ukara siswa ugi taksih lepat. Ukaranipun kados ing ngandhap menika.



Cuplikan 2: Ukara waosan 1 ingkang lepat dipunwaos siswa

Ukara ing ngginggil menika pratelan saking ukara wonten gladhen waosan 1. Siswa taksih kesupen mbedakaken antawisipun aksara *na* saha aksara *da*. Ukara ing ngginggil dipunwaos siswa “Nina sênèn para siswa rêrêsik kêlas.” Lajeng siswa maos malih *materi* aksara legena ing salebeting *media* supados mangretos waosan ingkang leres, inggih menika “Dina sênèn para siswa rêrêsik kêlas.”



Cuplikan 3: Ukara waosan 2 ingkang leres dipunwaos siswa

Cuplikan 4: Ukara waosan 3 ingkang leres dipunwaos siswa


Wonten ing ukara salebeting waosan sanesipun siswa sampun saged mbedakaken antawisipun aksara *na* saha aksara *da*. Ukara ing *cuplikan 3* saha *cuplikan 4* anggenipun siswa maos sampun leres, inggih menika “Wayah ésuk jago kluruk”; saha “Pak Budi duwé têngal timun”.

Saderengipun ngginakaken *media pop-up book* aksara Jawa, siswa dereng saged mbedakaken antawisipun sandhangan taling (é/è) saha pepet (ê). Anggenipun maos taksih kuwalik-kuwalik. Pêpêt dipunwaos (é/è) saha taling dipunwaos (ê). Tuladhanipun kados gambar ing ngandhap menika.

Cuplikan 5: Tembung ingkang lepat dipunwaos siswa


Tuladha tembung ing ngginggil menika dipunwaos siswa “kalên”. Saged dipunmangretosi bilih siswa taksih lepat anggenipun maos sandhangan taling saha pepet. Sasampunipun ngginakaken *media* menika, siswa lajeng mangretos bilih ingkang leres tembung menika dipunwaos “kalèn”. Sasampunipun gladhen maos tuladha tetembungan sanesipun dumugi leres *ejaanipun*, siswa sampun wiwit saged mbedakaken. Salajengipun siswa gladhen maos aksara Jawa ingkang tataran ukara.

ngginakaken *media* menika kanthi gladhen maos tuladha tetembungan ingkang wonten seratan *pa cêrêt* saha *nga lélêt*, siswa dados saged mangretos waosanipun.



Cuplikan 10: Tembung ingkang leres dipunwaos siswa


Siswa sampun leres anggenipun maos inggih menika “lêgi” saha “Rêbo”. Salajengipun kangge ngemut-emut siswa gladhen maos ingkang tataran ukara wonten waosan 1 dumugi waosan 4 ing salebeting *media pop-up book*.



Cuplikan 11: Ukara waosan 1 ingkang leres dipunwaos siswa



Cuplikan 12: Ukara waosan 2 ingkang leres dipunwaos siswa



Cuplikan 13: Ukara waosan 3 ingkang leres dipunwaos siswa



Cuplikan 14: Ukara waosan 4 ingkang leres dipunwaos siswa

Siswa sampun leres anggenipun maos gladhen waosan cekak ing salebeting *media*. Ukara *cuplikan* 11 dipunwaos “Para siswa rêrsik kêlas wiwit jam wolu”; *cuplikan* 12 dipunwaos ”Manuk ngocèh ana ing uwit”; *cuplikan* 13 dipunwaos “Pak Budi gawé wong-wongan”; saha *cuplikan* 14 dipunwaos “Bandawasa banjur nyabda Rara Jonggrang dadi rêca”. Sadaya ukara menika anggenipun siswa maos sampun leres miturut *ejaanipun*. Salajengipun siswa sampun saged *lancar* anggenipun maos ukara mawi aksara Jawa wonten salebeting *media pop-up book*.

Sasampunipun ngginakaken *media pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa menika siswa saged mangretosi wujudipun aksara swara, saha pasangan *pa cêrêt* saha *nga lèlêt*. Ugi saged mangretos perangan bedanipun aksara *na* saha aksara *da*, bedanipun taling saha pepet, sandhangan swara, sandhangan panyigeging wanda, sandhangan wyanjana, saha tandha pamaos. Siswa langkung prigel anggenipun maos ukara mawi aksara Jawa kanthi gladhen maos maneka werni waosan cekak ingkang sinerat mawi aksara Jawa ing salebeting *media*. Kanthi *media pop-up book* menika siswa langkung gampang nguwaosi *materi* aksara Jawa.

e. Tataran Evaluation (Evaluasi)

Tataran *evaluasi* inggih menika tataran pungkasan sasampunipun nindakaken tataran *uji coba produk*. *Evaluasi* dipuntindakaken kanthi ndamel *analisis* pambiji *kualitas media* ingkang sampun dipunkempalaken sasampunipun *uji coba produk*. Pambiji *kualitas media* menika dipuntindakaken dening dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi, saha siswa kelas VII. *Data* ingkang sampun dipunkempalaken salajengipun dipun-*analisis* jumbuh kaliyan ancasiipun

produk.

2. Evaluasi Kualitas Media Pasinaon Pop-Up Book Maos Ukara mawi Aksara Jawa

Kualitas media pop up book maos ukara mawi aksara Jawa dipunmangretosi saking uji validasi ingkang dipuntindakaken dening dosen ahli materi saha dosen ahli media. Dosen ahli materi paring validasi kanthi tigang tataran, wondene dosen ahli media kanthi kalih tataran. Saben tataran menika dipunparingi pamrayogi kangge revisi produk media pasinaon. Salajengipun, paring pasarujukan kangge uji coba dhateng sekolah. Asiling validasi ingkang dipuntindakaken menika angsal biji kados ing ngandhap menika.

a. Evaluasi Kualitas Media dening Dosen Ahli Materi

Validasi dening dosen ahli materi dipuntindakaken kanthi tigang tataran kangge angsal pasarujukan uji coba. Validasi menika dipuntindakaken kanthi paring pambiji saha pamrayogi tumrap media pasinaon. Pamrayogi saking dosen ahli materi dipundadosaken dhasar kangge ndandosi media satemah saged ngasilaken produk media ingkang sae kangge pasinaon.

Validasi ing tataran I angsal biji 12 kanthi rerata persentase 30% ingkang kagolong kirang. Saking tataran I menika dosen ahli materi paring pamrayogi, inggih menika: 1) cara ngecakaken media dereng cetha, 2) Kompetensi Dasar saha Indikator boten jumbuh, 3) materi kaliyan kompetensi dasar dereng jumbuh, 4) taksih wonten seratan aksara Jawa ingkang lepat, 5) antawisipun sandhangan, panjangan, saha tandha pamaos taksih campur, saha 6) dipuntambahi gladhen waosan wonten salebeting media. Salajengipun paring dudutan bilih media

menika dereng *layak uji coba*. Bab menika saged dipumangretosi saking pamrayogi dening dosen *ahli materi* kados ing ngandhap menika.

<p>Pamrayogi :</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Cara panganggening media dereng cetha 2. Kompetensi Dasar saha Indikator boten jumbuh 3. Materi saha kompetensi dasar dereng jumbuh 4. Taksih wonten seratan aksara Jawa ingkang dereng leres 5. Antawisipun sandhangan, panjangan, saha tandha pamaos taksih campur 6. Dipuntambahi gladhen waosan wonten salebeting media

Cuplikan 15: Pamrayogi Dosen Ahli Materi Validasi Tataran I

Adhedhasar pamrayogi dening dosen *ahli materi* wonten *validasi* tataran I menika, lajeng dipuntindakaken *revisi* jumbuh kaliyan pamrayogi. Sasampunipun nindakaken *revisi produk* ing tataran I, lajeng nindakaken *validasi* ing tataran II. Validasi tataran II angsal biji 33 kanthi rerata *persentase* 82,5% menika kagolong sae sanget. Tataran II taksih wonten pamrayogi inggih menika seratan aksara Jawa taksih wonten ingkang lepat saha dipuntambahi irah-irahan wonten salebeting gladhen. Awit saking menika, *validator* paring dudutan bilih *produk* menika *layak uji coba* kanthi *revisi* ingkang jumbuh kaliyan pamrayogi. Bab menika saged dipunmangretosi saking pamrayogi dosen *ahli materi* kados ing ngandhap menika

<p>Pamrayogi :</p> <p>...<i>lihat or bilih</i>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p>
--

Cuplikan 16: Pamrayogi Dosen Ahli Materi Validasi Tataran II


Sasampunipun nindakaken *validasi* tataran II kanthi *revisi* ngleresaken seratan aksara Jawanipun saha maringi irah-irahan gladhen, salajengipun dipuntindakaken *validasi* tataran III inggih menika tataran ingkang pungkasan.

Tataran kaping III menika dipuntindakaken kanthi angsal biji 37 kanthi rerata *persentase* 92,5% ingkang kagolong sae sanget. Tataran pungkasan *validasi* menika angsal pasarujukan kangge *uji coba* kanthi boten wonten *revisi*. Wondene andharan biji *kualitas media* pasinaon dening dosen *ahli materi* bab *indikator*-ipun miturut *tabel* 11 kados ing ngandhap menika.


(1) Jumbuhipun indikator kaliyan kompetensi dasar

Pambiji jumbuhipun *indikator* kaliyan *kompetensi dasar* dening dosen *ahli materi* wonten ing tataran I inggih menika angsal biji 1 ingkang kagolong kirang sanget. Salajengipun wonten tataran II menika angsal biji 4 ingkang kagolong sae. Tataran pungkasan inggih menika tataran III ugi sami angsal biji 4 ingkang kagolong sae.

Salajengipun dosen *ahli materi* paring pamrayogi bilih *indikator* kaliyan *kompetensi dasar* menika dereng jumbuh, mila kedah dipuntindakaken *revisi* bab *indikator*. Salajengipun, nindakaken *revisi indikator* adhedhasar pamrayogi saking dosen *ahli materi* supados jumbuh kaliyan *kompetensi dasar*.



Gambar 7: Bab Indikator Saderengipun dipundandosi




Gambar 8: Bab Indikator Sasampunipun dipundandosi

Salajengipun wonten ing tataran II saha tataran III sami-sami angsal biji 4 ingkang kagolong sae. Biji menika wonten indhak-indhakanipun saking tataran I Inggih menika dados angsal biji 4. Bab menika saged dipunmangretosi bilih indikator “Siswa dapat membaca kalimat sederhana beraksara Jawa” sampun jumbuh kaliyan *Kompetensi Dasar* “Membaca Kalimat Sederhana Beraksara Jawa.”

(2) Jumbuhipun Materi kaliyan *Kompetensi Dasar*

Asiling *validasi* bab jumbuhipun materi kaliyan *kompetensi dasar* dening dosen *ahli materi* wonten ing tataran I angsal biji 1 ingkang kagolong kirang sanget. Asiling biji menika saged dipunmangretosi saking *materi* ingkang dipunandharaken wonten salebeting *media* taksih kirang sanget. Awit saking menika kedah dipuntindakaken *revisi* saking asiling tataran I kanthi nambahi *materi* ing salebeting *media*.





Gambar 9: Bab Materi Media Saderengipun dipuntambahi

Salajengipun wonten tataran II menika angsal biji 4 ingkang kagolong sae. Tataran pungkasan inggih menika tataran III angsal biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Saking tataran I menika wonten indhak-indhakanipun tumrap biji wonten tataran II dados angsal biji 4 saha tataran III inggih menika angsal biji 5 kanthi

revisi ingkang sampun dipuntindakaken. Bab menika katitik saking *materi* ingkang dipunandharaken wonten salebeting *media* sampun jangkep jumbuh kaliyan *kompetensi dasar*-ipun.



Gambar 10: Bab Materi Media Sasampunipun dipuntambahi

(3) Urutanipun *materi* ingkang dipunandharaken

Bab *indikator* urutanipun *materi* ingkang dipunandharaken wonten salebeting *media* ing tataran I menika dosen *ahli materi* paring pambiji 1 ingkang kagolong kirang sanget. Asiling biji menika saged dipunmangretosi saking *materi*

ingkang dipunandharaken wonten salebeting *media* taksih dereng urut, mliginipun bab materi sandhangan. Sandhangan aksara Jawa wonten salebeting *media* menika taksih campur, tegesipun dereng dipunbedakaken antawisipun: sandhangan swara, sandhangan wyanjana, saha sandhangan panyigeging wanda. Antawisipun tandha pamaos, panjangan, saha pasangan *pa cêrêt* saha *nga lélêt* ugi taksih campur. Lajeng kedah dipuntindakaken *revisi* kanthi bedakaken antawisipun sandhangan, tandha pamaos, panjangan, saha pasangan *pa cêrêt* saha *nga lélêt* dumugi leres.



Gambar 11: Bab Materi Sandhangan Saderengipun dipundandosi



Gambar 12: Bab Materi Sandhangan Sasampunipun dipundandosi

Sasampunipun nindakaken *revisi* ing tataran I, salajengipun nindakaken *validasi* ing tataran II. Tataran II angsal biji 4 ingkang kagolong sae. Salajengipun tataran III angsal biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Mindhkipun biji saking tataran I dumugi tataran III menika katitik saking urutanipun *materi* ingkang dipunandharaken sampun urut saha cetha satemah siswa langkung gampang anggenipun mangretosi *materi*-nipun.

(4) Seratan aksara Jawa sampun cetha saha trep

Asiling *validasi indikator* seratan aksara Jawa sampun cetha saha trep dening dosen *ahli materi* wonten tataran I angsal biji 2 ingkang kagolong kirang. Asiling biji menika saged dipunmangretosi bilih seratan aksara Jawa wonten irah-irahan buku taksih dereng leres. Salajengipun kedah dipuntindakaken *revisi* kanthi ngleresaken seratan aksara Jawa jumbuh kaliyan pamrayoginipun dosen *ahli materi*.



Gambar 13: Bab Seratan Irah-irahan Buku Saderengipun dipundandosi




Gambar 14: Bab Seratan Irah-irahan Buku Sasampunipun dipundandosi


Sasampunipun nindakaken *revisi* ing tataran I, lajeng nindakaken *validasi* ing tataran II. Tataran II angsal biji 3 ingkang kagolong cekap. Salajengipun ing tataran III angsal biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Mindhakupun biji saking tataran I dumugi tataran III menika katitik saking seratan aksara Jawa wonten salebeting *materi*, tuladha, saha gladhen sampun cetha saha leres.

(5) Basanipun gampil dipunmangretosi

Dosen *ahli materi* paring pambiji tumrap *indikator* anggenipun ngginakaken basa gampil dipunmangretosi wonten ing tataran I bijinipun 2 ingkang kagolong kirang. Asiling biji menika saged dipunmangretosi saking basa ingkang dipunginakaken wonten cara ngecakaken *media* menika taksih dereng cetha utawi mbingungaken. Awit saking menika kedah dipuntindakaken *revisi* kanthi ngleresaken basa ing salebeting cara ngecakaken *media* supados langkung cetha saha boten mbingungaken.



Gambar 15: Bab Cara Ngecakaken *Media* Saderengipun dipundandosi



Gambar 16: Bab Cara ngecakaken *Media* Sasampunipun dipundandosi

Sasampunipun nindakaken *revisi* ing tataran I, salajengipun nindakaken *validasi* ing tataran II angsal biji 4 ingkang kagolong sae. Salajengipun ing tataran III ugi sami angsal biji 4 ingkang kagolong sae. Mindhakupun biji saking tataran I dumugi tataran III menika katitik saking ukara wonten cara ngecakaken *media* menika sampun cetha saha boten mbingungaken.

(6) Jumbuhipun gambar kaliyan *materi*

Pambiji jumbuhipun gambar kaliyan *materi* dening dosen *ahli materi* wonten tataran I angsal biji 3 ingkang kagolong cepak. Asiling biji menika saged dipunmangretosi bilih gambar ingkang awujud *pop-up* kangge nyengkuyung waosan ing salebeting gladhen menika sampun jumbuh kaliyan ukaranipun, ngginakaken gambar paraga ingkang nyengkuyung waosan, ukuran gambar ugi sampun trep. Ananging gambar dereng nuwuhaken kawigatosaning siswa amargi wernipun kirang cetha saha kirang nengsemaken. Awit saking menika

dipuntindakaken *revisi* kanthi ndandosi werninipun gambar *pop-up*.



Gambar 17 . Bab Gambar *Pop-Up* Saderengipun dipundandosi



Gambar 18: Bab Gambar *Pop-up* Sasampunipun dipundandosi

Wonten ing tataran II saha tataran III dosen *ahli materi* paring biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Saking tataran sapisan menika wonten indhak-indhakanipun tumrap biji wonten tataran II saha tataran III inggih menika angsal

biji 5 kanthi *revisi* ingkang dipuntindakaken. Bab menika katitik saking *indikator* jumbuhipun gambar kaliyan materi sampun trep kanthi *revisi* wernipun gambar *pop-up*.

(7) Tuladhanipun saged mbiyantu siswa mangretosi materi

Asiling pambiji tumrap *indikator* tuladhanipun saged mbiyantu siswa mangretosi *materi* wonten ing tataran I, dosen *ahli materi* paring biji 1 ingkang kagolong kirang sanget. Asiling biji menika saged dipunmangretosi bilih salebeting *media* dereng wonten tuladha tetembungan mawi aksara Jawa. Awit saking menika dipuntindakaken *revisi* jumbuh kaliyan pamrayogi saking dosen *ahli materi*.





Gambar 19: Bab Tuladha Tembung Sasampunipun dipuntambahi


Sasampunipun nindakaken *revisi* ing tataran I kanthi maringi tuladha tetembungan mawi aksara Jawa, lajeng nindakaken *validasi* ing tataran II angsal biji 4 ingkang kagolong sae. Tataran III ugi sami pikantk biji 4 ingkang kagolong sae. Bab menika katitik saking jangkepipun tuladha ing salebeting *media* kangge mbiyantu siswa sinau maos ukara ingkang sinerat mawi aksara Jawa.

(8) Jumbuhipun gladhen kaliyan indikator pasinaon

Asiling pambiji bab jumbuhipun gladhen kaliyan *indikator* pasinaon dening dosen *ahli materi* wonten ing tataran I angsal biji 1 ingkang kagolong kirang sanget. Asiling biji menika saged dipunmangretosi bilih wonten salebeting *media* taksih kirang anggenipun paring gladhen. Satunggal waosan kangge gladhen maos ukara mawi aksara Jawa menika dereng saged ngindhakaken kawigegan siswa anggenipun maos ukara mawi aksara Jawa. Awit saking menika dipuntindakaken *revisi* kanthi nambahi waosan ing salebeting *media*.



Gambar 20: Bab Gladhen Waosan Saderengipun dipuntambahi





Gambar 21: Bab Gladhen Waosan Sasampunipun dipuntambahi

Wonten ing tataran II angsal biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Tataran III ugi sami angsal biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Bab menika katitik saking gladhen ing salebeting *media* ingkang awujud waosan saha gambar tigang *dimensi* menika sampun cekap mbiyantu ngindhakaken kawigegagan siswa sinau maos ukara mawi aksara Jawa.

b. Evaluasi Kualitas Media Pasinaon dening Dosen Ahli Media

Validasi dening dosen *ahli media* dipuntindakaken kanthi kalih tataran kangge angsal pasarujukan *uji coba*. Validasi menika dipuntindakaken kanthi paring pambiji saha pamrayogi tumrap *media* pasinaon. Pamrayogi saking dosen *ahli media* dipundadosaken dhasar kangge ndandosi *media* satemah saged ngasilaken *produk media* ingkang sae kangge pasinaon.


Validasi ing tataran I dipuntindakaken kanthi angsal biji 31 ingkang rerata *persentase* 77,5% menika kagolong sae. Saking tataran I menika dosen *ahli media* paring pamrayogi bilih *media* wonten ingkang dereng urut saha *media* langkung sae dipunparingi *variasi tata letak*. Salajengipun dudutan saking asiling *validasi produk* ing tataran I inggih menika bilih dereng *layak uji coba*. Bab menika saged dipunpirsani saking pamrayogi dening dosen *ahli media* kados ing ngandhap menika.

Pamrayogi :

1. Media wonten ingkang dereng urut, Prayogi sipunurutaken!
2. Media langkung sae sipunparingi variasi 'tata letak'!

Cuplikan 17: Pamrayogi Dosen Ahli Media Validasi Tataran I

Adhedhasar pamrayogi saking dosen *ahli media* wonten *validasi* tataran I menika, lajeng dipuntindakaken *revisi* jumbuh kaliyan pamrayogi. Sasampunipun nindakaken *revisi produk* ing tataran sapisan, lajeng nindakaken *validasi* ing tataran II. *Validasi* tataran II angsal biji 32 ingkang rerata *persentase* 80% menika kagolong sae. Tataran II menika boten wonten *revisi* satemah saged dipundudut bilih *media* pasinaon sampun *layak uji coba*. Wondene andharan biji *kualitas media* pasinaon dening dosen *ahli media* bab *indikator*ipun kados ngandhap



Gambar 23: Bab *Tampilan Variasi Pop-Up Sasampunipun dipundandosi*

(2) Samakipun nuwuhaken kawigatosan

Validasi kualitas media dening dosen ahli media tumrap indikator

samakipun nuwuhaken kawigatosan ing tataran I saha tataran II angsal biji 4 ingkang kagolong sae. Bab menika katitik saking *tampilan* samakipun ingkang ngremenaken, pamilihing werni sampun trep, seratan irah-irahan cetha dipunwaos, saha irah-irahan *media* wonten samak ngajeng gayut kaliyan wosipun inggih menika remen sinau aksara Jawa.

(3) Gampil anggenipun ngginakaken *media*

Pambiji gampilipun ngginakaken *media* dening dosen *ahli media* wonten tataran I angsal biji 3 ingkang kagolong cekap. Salajengipun ing tataran II angsal biji 4 ingkang kagolong sae. Asiling biji menika saged dipunmangretosi bilih *media pop-up* gampil dipunginakaken, *tampilan media* ingkang nuwuhaken kawigatosan, *media* ringkes kangge sinau, saha *media* ngewrat materi ingkang trep.

(4) Huruf ingkang dipunginakaken cetha

Dosen *ahli media* paring pambiji tumrap *indikator* huruf ingkang dipunginakaken cetha wonten ing tataran I saha tataran II kanthi biji 4 ingkang kagolong sae. Asiling pambiji menika saged dipunmangretosi bilih ukuran huruf sampun trep, *font* aksara cetha, wernipun sae, saha sadaya huruf cetha.

(5) Gambar ingkang ingkang dipunginakaken trep kaliyan *materi*

Asiling pambiji dening dosen *ahli media* tumrap gambar ingkang dipunginakaken trep kaliyan *materi* wonten tataran I saha tataran II angsal biji 4 ingkang kagolong sae. Bab menika katitik saking gambaripun jumbuh kaliyan ukaranipun, gambar paraga nyengkuyung wosing waosan, gambaripun nuwuhaken kawigatosan, saha *kombinasi* werni gambar sampun trep.

(6) Trep pamilihing werni

Asiling pambiji dening dosen *ahli media* tumrap pamilihing werni salebeting *media* wonten tataran I saha tataran II angsal biji 4 ingkang kagolong sae. Asiling biji menika saged dipunmangretosi bilih pamilihing werni sampun sae, werni seratan ugi sampun trep kaliyan *background*, werninipun *variatif*, saha werni ingkang dipunginakaken nengsemaken.

(7) Trep pamilihing *background*

Pambiji tumrap trepipun pamilihing *background* dening dosen *ahli media* wonten tataran I saha tataran II angsal biji 4 ingkang kagolong sae. Bab menika saged dipunmangretosi bilih *background* trep kaliyan *materi*, *background* nuwuhaken kawigatosan, werni *background* trep kaliyan werni seratan, saha *background* trep kaliyan gambaripun.

(8) Basanipun gampil dipunmangretosi

Pambiji tumrap basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangretosi dening dosen *ahli media* wonten tataran I saha tataran II angsal biji 4 ingkang kagolong sae. Bab menika saged dipunmangretosi bilih basa ingkang dipunginakaken miturut kabetahan siswa, ukaranipun trep kaliyan gambar, ukaranipun ringkes saha gampil dipunmangretosi, saha basanipun *komunikatif*.

3. Pambijining saha Pamanggihipun Guru Basa Jawi saha Siswa Kelas VII

tumrap *Media Pasinaon Pop-Up Book* Maos Ukara mawi Aksara Jawa

Sasampunipun angsal pasarujukan bilih *produk* menika *layak* kangge *uji coba* dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*, salajengipun nyuwun pambiji *kualitas media* saking guru basa Jawi saha siswa kelas VII. Guru basa

Jawi paring pambiji kanthi ngisi *angket* jumbuh kaliyan *indikator*-ipun. Pambiji *kualitas media* pasinaon *pop-up* maos ukara mawi aksara Jawa dening guru basa Jawi wonten 8 *indikator*, inggih menika: (1) *materi* ingkang dipunginakaken saged mbiyantu nggampilaken sinau aksara Jawa, (2) jumbuhipun *media* kaliyan *kompetensi dasar*, (3) *materi* ingkang dipunginakaken trep kaliyan siswa kelas VII, (4) cekap anggenipun maringi tuladha, (5) *media* nuwuhaken kawigatosan, (6) basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangretosi, (7) gladhen waosan cekap, saha (8) *kreatifitas*.

Wondene *indikator* wonten pamanggih siswa ngewrat 8 *indikator*, inggih menika: (1) *media* pasinaon menika saged dados panjurung anggenipun sinau basa Jawi, (2) *media* pasinaon gampil dipunginakaken, (3) *media* saged nuwuhaken kawigatosan, (4) *materi* ingkang dipunandharaken cetha, (5) basanipun gampil dipunmangretosi, (6) sasampunipun sinau kanthi ngginakaken *media* pasinaon menika siswa saged mangretosi *materi* aksara Jawa, (7) tuladha ukaranipun saged mbiyantu siswa kangge nguwaosi *materi*, saha (8) *media* pasinaon menika saged kaginakaken siswa sinau kanthi mandhiri.

a. Pambijinipun Guru Basa Jawi tumrap *Media* pasinaon *Pop-Up Book*

Maos Ukara mawi Aksara Jawa

Pambijinipun saking guru basa Jawi menika dipuntindakaken kanthi maringi *angket* salajengipun dipunkajengaken kangge ngisi saha paring pamrayogi. Pambiji guru basa Jawi SMPN 1 Imogiri inggih menika dipunlampahi dening Ibu Wiwik Susanti, S.Pd. Wondene andharan pambiji tumrap *media* pasinaon *pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa kados ing ngandhap menika.

(1) Materi ingkang dipunginakaken saged mbiyantu nggampilaken sinau aksara Jawa

Asiling pambiji dening guru basa Jawi kanthi *indikator materi* ingkang dipunginakaken saged mbiyantu nggampilaken sinau aksara Jawa menika angsal biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Bab menika katitik saking *indikator materi* ingkang dipunandharaken sampun cetha, gambaripun sampun trep kaliyan *materi, tampilan media* ugi nuwuhaken kawigatosan, basanipun gampil dipunmangretosi, saha *materi*ipun sampun jumbuh kaliyan kabetahan siswa anggenipun sinau aksara Jawa.

(2) Jumbuhipun media kaliyan Kompetensi Dasar

Asiling pambiji dening guru basa Jawi kanthi *indikator jumbuhipun media kaliyan kompetensi dasar* menika angsal biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Bab menika saged dipunmangretosi saking *tampilan media* sampun trep kaliyan *materi* ingkang dipunandharaken, jumbuhipun *media* kaliyan kabetahan siswa, saged ngindhakaken siswa remen maos buku, ngindhakaken kawruh siswa bab aksara Jawa, saha saged ngindhakaken kawigegan siswa anggenipun maos ukara mawi aksara Jawa.

(3) Materi ingkang dipunginakaken trep kaliyan siswa kelas VII

Pambiji guru basa Jawi tumrap *kualitas media* kanthi *indikator materi* ingkang dipunginakaken trep kaliyan siswa kelas VII menika angsal biji 4 ingkang kagolong sae. Bab menika saged dipunmangretosi saking *indikator andharan materi* sampun cetha, basanipun gampil dipunmangretosi, *materi* jumbuh kaliyan *indikator* ingkang kagayuh dening siswa, saha nggampilaken siswa anggenipun

sinau aksara Jawa. Ananging bab *materi* aksara murda saha aksara swara taksih mbingungaken siswa.

(4) Tuladha tetembungan cekap

Pambiji guru basa Jawi tumrap *kualitas media* kanthi *indikator* tuladha tetembungan cekap menika angsal biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Bab menika saged dipunmangretosi saking perangan tetembungan kangge paring tuladha menika ringkes saha cetha, basanipun gampil dipunmangretosi, seratan aksara Jawanipun leres, tuladhanipun saged nuntun siswa anggenipun maos tataran ukara, saha ngindhakaken kawigegan siswa maos ukara mawi aksara Jawa.

(5) Media saged nuwuhaken kawigatosan

Asiling pambiji dening guru basa Jawi tumrap *kualitas media* kanthi *indikator media* saged nuwuhaken kawigatosan menika angsal biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Bab menika katitik saking *tampilan media* ingkang ngremenaken, *tampilan pop-up* ingkang nuwuhaken kawigatosan, *komposisi* werni saha seratan sampun sae, gladhenipun ingkang awujud cariyos ngremenaken siswa, saha gambar *pop-up* ingkang nggampilaken mangretosi wosing cariyos.

(6) Basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangretosi

Asiling pambiji dening guru basa Jawi tumrap *kualitas media* kanthi *indikator* basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangretosi menika angsal biji 4 ingkang kagolong sae. Bab menika saged dipunmangretosi saking perangan seratan aksara Jawa ingkang sampun leres, basanipun jumbuh kaliyan kabetahan siswa, ukaranipun trep kaliyan gambar *pop-up*, basa ing salebeting gladhen

sampun *komunikatif*. Ananging bab ukara ing salebeting gladhen menika radi kekathahen.

(7) Gladhen waosan cekap

Pambiji *kualitas media* dening guru basa Jawi kanthi *indikator* gladhen waosan cekap menika angsal biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Bab menika saged dipunmangretosi saking perangan ukaranipun ringkes, basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangretosi, seratan aksara Jawanipun cetha saha leres, gambar *pop-up* ing salebeting gladhen nengsemaken, saha gladhen saged ngindhakaken kawigegan siswa anggenipun sinau maos ukara mawi aksara Jawa.

(8) Kreatifitas

Asiling pambiji dening guru basa Jawi tumrap *kualitas media* kanthi *indikator kreatifitas* menika angsal biji 5 ingkang galong sae sanget. Bab menika katitik saking perangan *tampilan media* ingkang nengsemaken, *media* menika saged migunani dhateng siswa, gambar *pop-up* ing trep kaliyan wosing gladhen cariyos, *variasi pop-up* ingkang *variatif*, saha seratan trep kaliyan *background-ipun*.

Adhedhasar sadaya pambiji tumrap *kualitas media* dening guru basa Jawi SMPN 1 Imogiri menika saged dipunmangretosi bilih rarta-rata *persentase* angsal 95% ingkang kagolong sae sanget. Bab menika saged dipuntegesi bilih *media* menika sampun saged dipunginakaken wonten ing pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa. Miturut Ibu Wiwik Susanti, S.Pd. minangka guru basa Jawi SMPN 1 Imogiri menika paring pamrayogi bilih *materi* ingkang dipunandharaken radi kekathahen amargi wekdalipun namung 2 jam pelajaran, langkung prasaja

manawi *materi*-nipun namung aksara Jawa saha pasangan kemawon lan tuladha tetembungan ingkang ringkes supados ancasing pasinaon menika saged kalampahan kathi sae.

Pamrayogi : Materi kekathahen awit wekdalipun namung 2 Jam Pelajaran, sae umpami setunggal pepanggihan aksara kalayan pasanganipun lan tuladha tembung prasaja kemawon.

Cuplikan 18: Pamrayoginipun Guru Basa Jawi tumrap Media Pasinaon Pop-Up Book Maos Ukara mawi Aksara Jawa

b. Pamanggihipun Siswa Kelas VII A tumrap Media Pasinaon Pop-Up Book Maos Ukara mawi Aksara Jawa

Pamanggih tumrap *kualitas media pasinaon pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa saking siswa kelas VII A menika dipuntindakaken dening 29 siswa. Siswa menika paring pambiji saking asiling *produk media* ingkang dipundamel. Pambijining *produk media* menika dipuntindakaken dening siswa kelas VII A wonten SMPN 1 Imogiri. Siswa paring pamanggih lumantar *angket* ingkang sampun dipuntemtokaken *indikator*-ipun, saking *angket* menika saged dipunmangretosi pamanggih siswa tumrap *media*. Wondene asiling pamanggih siswa menika saged dipunmangretosi kados ngandhap menika.

(1) Materi ingkang dipunginakaken saged mbiyantu nggampilaken sinau aksara Jawa

Adhedhasar *tabel 14* wonten ing nginggil menika saged dipunmangretosi bilih *indikator materi* ingkang dipunginakaken saged mbiyantu nggampilaken sinau aksara Jawa menika angsal rerata *persentase* 98% ingkang kagolong sarujuk sanget. Pamanggih menika nedahaken bilih *materi* ingkang dipunginakaken saged

mbiyantu nggampilaken sinau aksara Jawa. Asiling pamanggih siswa menika katitik saking gambar *pop-up* ingkang ngremenaken siswa, *tampilan media* ingkang nuwuhaken kawigatosan, werni ingkang *variatif*, *materi* ugi sampun cetha, saha *media* saged mbiyantu ngindhakaken kawigegan siswa anggenipun maos ukara mawi aksara Jawa.

(2) Media pasinaon gampil dipunginakaken

Pamanggih siswa bab *indikator media* pasinaon gampil dipunginakaken menika angsal *rata-rata persentase* 90% ingkang kagolong sarujuk sanget. Pamanggih menika nedahaken bilih *media* pasinaon menika gampil dipunginakaken. Asiling pamanggih menika saged dipunmangretosi saking perangan *media* gampil dipunginakaken, *tampilan media* awujud *pop-up* nuwuhaken kawigatosan, *media* menika ngrewat *materi* ingkang trep, gambar *pop-up* salebeting gladhen saged mbiyantu mangretosi wosing cariyos, saha *media* menika ringkes kangge sinau.

(3) Media saged nuwuhaken kawigatosan

Asiling pamanggih siswa bab *indikator media* saged nuwuhaken kawigatosan menika angsal biji *rata-rata persentase* 97% ingkang kagolong sarujuk sanget. Pamanggih menika nedahaken bilih *media pop-up book* saged nuwuhaken kawigatosan siswa. Asiling pamanggih menika saged dipunmangretosi saking perangan *tampilan pop-up* ingkang nuwuhaken kawigatosan, *komposisi* werni saha seratan sampun sae, gladhenipun ingkang awujud cariyos ngremenaken siswa, saha gambar *pop-up* ingkang nggampilaken mangretosi wosing cariyos.

(4) Materi ingkang dipunandharaken cetha

Bab *indikator materi* ingkang dipunandharaken cetha menika angsal biji *rata-rata persentase* 93% ingkang kagolong sarujuk sanget saking pamanggih siswa. Pamanggih menika nedahaken bilih andharan *materi* ing salebeting *media* menika sampun cetha. Bab menika katitik saking andharan *materi* jumbuh kaliyan *kompetensi dasar*, andharan *materi* sampun jumbuh kaliyan ancasing pasinaon, *materi-nipun* jangkep saha runtut, *materi*ipun saged ngindhakaken kawruh siswa, saha basanipun gampil dipunmangretosi.

(5) Basanipun gampil dipunmangretosi

Pamanggih siswa bab *indikator* basanipun gampil dipunmangretosi menika angsal *rata-rata persentase* 91% ingkang kagolong sarujuk sanget. Pamanggih menika nedahaken bilih basa ingkang dipunginakaken wonten salebeting *media* gampil dipunmangretosi. Bab menika saged dipunmangretosi saking perangan seratan aksara Jawa ingkang sampun leres, basanipun jumbuh kaliyan kabetahan siswa, ukaranipun trep kaliyan gambar *pop-up*, basa ing salebeting gladhen sampun *komunikatif*. Ananging bab ukara ing salebeting gladhen menika radi kekathahen.

(6) Gladhen waosan cekap

Asiling pamanggih siswa tumrap *indikator* gladhen waosan cekap menika angsal biji *rata-rata persentase* 88% ingkang kagolong sarujuk sanget. Pamanggih menika nedahaken bilih *media* menika sampun ngewrat gladhen maos ingkang trep kaliyan kabetahan siswa. Bab menika saged dipunmangretosi saking perangan ukaranipun ringkes, basa ingkang dipunginakaken gampil

dipunmangretosi, seratan aksara Jawanipun cetha saha leres, gambar *pop-up* ing salebeting gladhen nengsemaken, saha gladhen saged ngindhakaken kawigegan siswa anggenipun sinau maos ukara mawi aksara Jawa.

(7) Gladhen saged mbiyantu siswa kangge nguwaosi materi

Pamanggih siswa tumrap *indikator* gladhen saged mbiyantu siswa kangge nguwaosi *materi* menika angsal biji *rata-rata persentase* 91% ingkang kagolong sarujuk sanget. Pamanggih menika nedahaken bilih gladhen ing salebeting *media* saged nuntun siswa nguwaosi *materi* aksara Jawa. Bab menika katitik saking perangan basanipun ingkang gampil dipunmangretosi, gambar *pop-up* ingkang nyengkuyung gladhen saged nggampilaken siswa mangretosi wosing cariyos, ukaranipun ringkes, cariyosipun jumbuh kaliyan kawontenan siswa, saha gladhen saged ngindhakaken kawigegan siswa anggenipun sinau maos ukara mawi aksara Jawa.

(8) Media pasinaon menika saged kaginakaken siswa sinau kanthi mandhiri

Bab *indikator media* pasinaon menika saged kaginakaken siswa sinau kanthi mandhiri menika angsal biji *rata-rata persentase* 86% ingkang kagolong sarujuk sanget saking pamanggih siswa. Pamanggih menika nedahaken bilih *media* pasinaon menika saged kaginakaken siswa sinau kanthi mandhiri. Bab menika katitik saking *media* ingkang nuwuhaken kawigatosan, basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangretosi, *media* ingkang awujud buku menika ringkes dipunbekta, *tampilan media* ingkang ngremenaken saged nuwuhaken kawigatosan siswa supados remen maos buku, saha *keterpaduan* werni huruf, gambar, sarta *background* sampun sae.

Adhedhasar sadaya pamanggih tumrap *kualitas media* dening siswa menika saged dipunmangretosi bilih rerata *persentase* angsal 92% ingkang kagolong sae sanget. Bab menika saged dipuntegesi bilih *media* menika nuwuhaken kawigatosan siswa saha saged mbiyantu ngindhakaken kaprigelan siswa anggenipun maos ukara mawi aksara Jawa. Pamrayogi tumrap *kualitas media* dening siswa kelas VII A saged dipunmangretosi kados ngandhap menika.

Pamrayogi :

Medlanipun sampun sae anggone dingo sinau lan marake greget sinau, saale medlanipun unik dan gampang dimengerti.

Cuplikan 19: Pamanggih Siswa 1 tumrap Media Pasinaon Pop-Up

Pamrayogi :

Medlanipun sampun sae anggenipun dingo sinau. Medlanipun marake greget sinau saale medlanipun unik, apik, lan gampang dimengerti.

Cuplikan 20: Pamanggih Siswa 2 tumrap Media Pasinaon Pop-Up

Pamrayogi : Media ne sampun pepak lan cekap, lan ngrunakaken.

Cuplikan 21: Pamanggih Siswa 3 tumrap Media Pasinaon Pop-Up

Pamrayogi :

Dadi gampang dipunmangertosi anggone siswa sinau aksara jawa kanti mandhiri

Cuplikan 22: Pamanggih Siswa 4 tumrap Media Pasinaon Pop-Up

Pamrayogi : - Media pasinaon menika sae. Gampil dipunginakaken lan saged narik pawigatosan .

Cuplikan 23: Pamanggih Siswa 5 tumrap Media Pasinaon Pop-Up

4. Asiling Pambiji saha Tampilan Pungkasan Media Pasinaon Pop-Up Book

Maos Ukara mawi Aksara Jawa


a. Asiling Pambiji Pungkasan

Asiling *validasi* dening dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, pambiji dening guru basa Jawi, saha pamanggih siswa tumrap *media pasinaon pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa menika sampun sadaya dipuntindakaken. Asiling pambiji pungkasan menika dipunserat lumantar *tabel* kados ngandhap menika saking *persentase*-nipun saha *kategori*-nipun saben pambiji.

Tabel 56: Asiling Pambiji Pungkasan Kualitas Media Pasinaon

Nomer	Pambiji Media Pasinaon	Persentase	Kategori
1.	Dosen <i>ahli materi</i>	92,5%	Sae sanget
2.	Dosen <i>ahli media</i>	80%	Sae
3.	Guru basa Jawi	95%	Sae sanget
4.	Pamanggih siswa	92%	Sarujuk sanget
Asiling rata-rata persentase pambiji		90%	Sae sanget

Asiling pambiji pungkasan tumrap *kualitas media* dening dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, pambiji guru basa Jawi, saha pamanggih siswa menika dipunserat lumantar *diagram batang* utawi *grafik* kados ngandhap menika.



Gambar 24: Grafik Asiling Pambiji Pungkasan Media Pasinaon

Adhedhasar gambar asiling pambiji pungkasan wonten ing nginggil menika, saged dipunmangretosi asiling *validasi* dening dosen *ahli materi* maringi biji kanthi 8 *indikator*, inggih menika: 1) Jumbuhipun *indikator* kaliyan *Kompetensi Dasar*, 2) Jumbuhipun *materi* kaliyan *Kompetensi Dasar*, 3) Urutanipun *materi* ingkang dipunandharaken, 4) Seratan aksara Jawa sampun cetha saha trep, 5) Basanipun gampil dipunmagertosi, 6) Jumbuhipun gambar kaliyan *materi*, 7) Tuladhanipun saged mbiyantu siswa mangretosi *materi*ipun, saha 8) Jumbuhipun gladhen kaliyan *indikator* pasinaon.

Indikator ingkang dados dhasaring pambiji dening dosen *ahli materi* menika dipuntindakaken kanthi tigang tataran supados angsal pasarujuhan kangge *uji coba*. Saking tataran ingkang paling pungkasan angsal biji *persentase* 92,5% ingkang kagolong sae sanget. Bab kasebut nedahaken bilih *materi* wonten salebeting *media* pasinaon sampun jumbuh kaliyan *kompetensi dasar* saha *media* saged mbiyantu ngindhakaken kaprigelan saha kawigegan siswa amggenipun sinau maos ukara mawi aksara Jawa.

Dosen *ahli media* paring *validasi* tumrap *media* pasinaon menika adhedhasar 8 *indikator*, inggih menika: 1) *media* saged nuwuhaken kawigatosan, 2) samakipun nuwuhaken kawigatosan, 3) gampil anggenipun ngginakaken *media*, 4) huruf ingkang dipunginakaken cetha, 5) gambar ingkang dipunginakaken trep kaliyan materi, 6) trep pamilihing werni, 7) trep pamilihing *background*, saha 8) basanipun gampil dipunmangretosi. *Indikator-indikator* kasebut menika dados dhasaring dosen *ahli media* paring pambiji tumrap *media* pasinaon ingkang kalampahan mawi kalih tataran. Wonten tataran paling pungkasan menika *rata-rata persentase*-nipun angsal 80% ingkang kagolong sae. Bab menika nedahaken bilih *media* pasinaon menika saged nuwuhaken kawigatosan saha gambar *pop-up* sampun jumbuh kaliyan wosing cariyosipun.

Pambijining *media* dening guru basa Jawi menika wonten 8 *indikator* inggih menika: (1) *materi* ingkang dipunginakaken saged mbiyantu nggampilaken sinau aksara Jawa, (2) jumbuhipun *media* kaliyan *kompetensi dasar*, (3) *materi* ingkang dipunginakaken trep kaliyan siswa kelas VII, (4) tuladha tetembungan cekap, (5) *media* nuwuhaken kawigatosan, (6) basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangretosi, (7) galdhen waosan cekap, saha (8) *kreatifitas*. Adhedhasar *indikator-indikator* kasebut guru basa Jawi paring pambiji *rata-rata persentase* 95% ingkang kagolong sae sanget. Tegesipun *media* pasinaon menika sampun jumbuh kaliyan *kompetensi dasar* wonten pamulangan basa Jawi tumrap *materi* maos ukara mawi aksara Jawa.

Angket pamanggih siswa tumrap *media* pasinaon menika wonten 8 *indikator*, inggih menika (1) *media* pasinaon menika saged dados panjurung

anggenipun sinau basa Jawi, (2) *media* pasinaon gampil dipunginakaken, (3) *media* saged nuwuhaken kawigatosan, (4) *materi* ingkang dipunandharaken cetha, (5) basanipun gampil dipunmangretosi, (6) sasampunipun sinau kanthi ngginakaken *media* pasinaon menika siswa saged mangretosi *materi* aksara Jawa, (7) tuladha ukaranipun saged mbiyantu siswa kangge nguwaosi *materi*, (8) *media* pasinaon menika saged kaginakaken siswa sinau kanthi mandhiri.

Adhedhasar *indikator* kasebut, asiling pamanggih siswa angsal *rata-rata persentase* 92% ingkang kagolong sarujuk sanget. Saking pambiji kasebut saged dipunmangretosi bilih *media pasinaon* awujud *pop-up* menika saged nuwuhaken kawigatosan siswa saha gladhen waosan ingkang sinerat mawi aksara Jawa menika saged mbiyantu siswa ngindhakaken kaprigelan anggenipun sinau maos ukara mawi aksara Jawa.

Adhedhasar pambiji *kualitas media pasinaon pop-up* maos ukara mawi aksara Jawa dening dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi, saha pamanggih siswa kelas VII A SMPN 1 Imogiri menika angsal *rata-rata persentase* 90% ingkang kagolong sae sanget. Tegesipun *media pasinaon pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa menika saged dipunginakaken wonten salebeting pamulangan basa Jawi, mliginipun pamulangan maos ukara mawi aksara Jawa.

b. Asiling Tampilan Pungkasan

Asiling *validasi* dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media* menika dados dhasaring kangge ngasilaken *produk media pop-up* maos ukara mawi aksara Jawa ingkang sae. Saderengipun dados *produk* ingkang pungkasan menika

sampun nindakaken *revisi media* jumbuh kaliyan pamrayogi saking dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*. Adhedhasar pamrayogi menika saged ngasilaken *media* pasinaon *pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa ingkang gadhah *kualitas* sae sarta saged dipunginakaken wonten ing pamulangan basa Jawi. Wondene asiling *tampilan* pungkasan *media* pasinaon *pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa menika saged dipuntingali wonten *lampiran*.

Media pasinaon ingkang awujud *pop-up book* menika ugi wonten kakirangan saha kaluwihanipun. Kaluwihan *media* pasinaon *pop-up*, antawisipun wonten ing ngandhap menika.

- 1) *Media pop-up book layak* dipunginakaken minangka sarana pamulangan maos ukara mawi aksara Jawa kelas VII SMP. *Layak*-ipun *media* saged dipunmangretosi saking *kualitas media* mawi *validasi* dening dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, guru basa Jawi, saha pamanggih siswa kelas VII ingkang angsal *rata-rata persentase 90%* menika kagolong sae sanget.
- 2) *Media* menika ngewrat materi aksara Jawa ingkang jangkep saha jumbuh kaliyan kabetahan siswa kelas VII.
- 3) *Media* pasinaon *po-up* maos ukara mawi aksara Jawa menika ugi ngewrat tuladha tetembungan ingkang sinerat mawi aksara Jawa kangge nuntun siswa nguwaosi *materi*.
- 4) Gladhen ingkang awujud cariyos seratan aksara Jawa ugi dipunsengkuyung kaliyan gambar *pop-up* ingkang unik satemah saged nuwuhaken kawigatosan siswa.

- 5) Siswa saged ngukur garapan siswa sanes saha saged ngindhakaken kaprigelan siswa anggenipun maos ukara mawi aksara Jawa awit saking andharan cariyos wonten ing salebeting gladhen *media* pasinaon *pop-up*.
- 6) *Media* menika gampil dipunginakaken satemah saged nambah raos greget sinau dhateng siswa kanthi kelompok menapa dene mandhiri.

Media pasinaon *pop-up book* ugi wonten kakiranganipun. Wondene kakirangan *media* pasinaon *pop-up* menika kados wonten ngandhap menika.

- 1) Anggenipun ndamel *media* pasinaon *pop-up* menika mbetahkaken wekdal ingkang dangu amargi kedah tlaten saha sabar wiwit saking damel *sket* dumugi *proses perakitan* supados saged mujudaken produk *media* ingkang sae.
- 2) Dlancang ingkang dipunginakaken saha *proses pencetakan* ingkang langkung *berkualitas* ndadosaken *pop-up* menika mbetahakaen bea ingkang kathah.
- 3) *Media* pasinaon ingkng awujud *pop-up* menika gampil rusak manawi boten dipunrumat kanthi sae.
- 4) Anggenipun ngecakaken *media pop-up* kirang *efektif* manawi dipunginakaken kanthi kelompok ageng. Langkung *efektif* manawi dipunginakaken antawisipun 2-4 siswa saben kelompok.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Panaliten ingkang sampun katindakaken menika kalebet jinis panaliten *pengembangan* utawi *Reserch and Development (R&D)*, inggih menika panaliten ingkang ngginakaken *prosedur pengembangan* tartamtu satemah saged ngasilaken *produk* pasinaon ingkang saged dipuntanggél-jawabaken. *Produk* ingkang dipundamel inggih menika kangge *media* pasinaon *pop-up book* maos ukara mawi aksara Jawa. Adhedhasar asiling panaliten saha pangrembagipun saged dipunpendhet dudutan kados ngandhap menika.

1. Caranipun ndamel sarana *media* pasinaon menika migunakaken *prosedur pengembangan ADDIE* ingkang wonten 5 tataran inggih menika: (1) *Analysis*: katindakaken kanthi ndamel *analisis kurikulum* saha ndamel *analisis* kabetahan siswa. Saking *analisis* ingkang dipuntindakaken nedahaken bilih guru saha siswa mbetahaken sarana panyengkuyung kangge nggampilaken siswa nguwaosi *materi* pasinaon maos ukara mawi aksara Jawa; (2) *Design*: katindakaken kanthi ndamel *flowchart* saha *storyboard* kangge nemtokaken *diagram alur* saha *naskah* wosing *media* pasinaon *pop-up book* amargi saking menika saged dipunmangertosi kadospundi cak-cakanipun ndamel *media*; (3) *Development*: anggenipun ndamel *media* menika kanthi ngginakaken kalih *teknik*, inggih menika *teknik manual* saha *teknik komputer*. Ingkang kalebet *teknik manual* inggih menika ndamel *skate*, *proses pemotongan*, *proses penyusunan/perakitan*, saha *proses jilid*. Wondene

ingkang kalebet *teknik komputer* inggih menika *proses scan, proses pewarnaan, proses pengeditan, saha proses cetak/print*. Salajengipun dipun-*validasi* dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media*, saha *revisi produk*;

(4) *Implementation*: nindakaken *uji coba* dhateng siswa kelas VII A SMPN 1 Imogiri; (5) *Evaluation*: katindakaken kanthi ngetang asiling pungkasaning pambiji tumrap *media*, wondene asiling *rata-rata* pambiji pungkasan angsal 90% ingkang kagolong sae sanget. *Media* ingkang dipundamel menika sampun *layak* kangge pasinaon wonten salebeting pamulangan basa Jawi kanthi *materi* maos ukara mawi aksara Jawa.

2. *Media* pasinaon dipun-*validasi* dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media* kangge angsal pasurujukan *uji coba*. Pambiji saking dosen *ahli materi validasi* tataran I angsal biji *persentase* 30% ingkang kagolong kirang sanget, tataran II angsal biji *presentase* 82,5% ingkang kagolong sae sanget, saha tataran III utawi *validasi* pungkasan angsal biji *presentase* 92,5% ingkang kagolong sae sanget. Wondene biji saking dosen *ahli media validasi* tataran I angsal biji *persentase* 77,5% ingkang kagolong sae saha tataran II utawi *validasi* pungkasan angsal biji *presentase* 80% ingkang kagolong sae.
3. Pambiji *kualitas media* dening guru basa Jawi angsal *persentase* 95% ingkang kagolong sae sanget. Pamanggihing siswa tumrap *media* pasinaon menika angsal *rata-rata persentase* 92% ingkang kagolong sarujuk sanget.

B. Implikasi

Adhedhasar *validasi kualitas media* dening dosen ahli materi, dosen ahli media, guru basa Jawi, saha pamanggihing siswa, *produk media* kangge sarana pasinaon menika kagolong sae sanget. *Media* pasinaon ingkang dipundamel saged dipunginakaken minangka *inovasi* piwulangan basa Jawi wonten ing sekolah. *Media* pasinaon ingkang sampun dipundamel menika saged mbiyantu guru kangge ngandharaken pamulangan aksara Jawa, mliginipun maos ukara mawi aksara Jawa. *Media pop-up book* menika nggampilaken siswa nguwaosi materi aksara Jawa. *Media* pasinaon menika layak dipunginakaken kangge sarana pasinaon kanthi materi maos ukara mawi aksara Jawa ingkang sampun jumbuh kaliyan *Kompetensi Dasar* maos ukara mawi aksara Jawa tumrap kelas VII SMP.

C. Pamrayogi

Saking asiling *media* ingkang dipundamel pamrayoginipun inggih menika:

1. *Media pop-up book* langkung efektif dipuncakaken menawi dipun-cetak cacahipun kathah.
2. Anggenipun ndamel *media* menika saged ngginakaken *material* ingkang prasaja kemawon supados boten mbetahaken *beaya* ingkang kathah.
3. *Media* menika langkung efektif dipuncakaken kanthi kelompok alit, satunggal buku dipunginakaken 2-4 siswa saben kelompok.
4. Panaliti sanesipun saged ndamel *inovasi pengembangan media* pasinaon *pop-up* ngginakaken *aplikasi software* supados saged dipun-*instal* wonten komputer.

KAPUSTAKAN

A. PUSTAKA

- Arsyad, A. 2011. *Media Pembelajaran*. Jakarta: Rajawali Pers.
- , 2016. *Media Pembelajaran (Edisi Revisi)*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Asmani, Jalam Ma'mur. 2011. *Tuntunan Lengkap Metodologi Praktis Penelitian Pendidikan*. Yogyakarta: Diva Press.
- Bluemel & Taylor. 2012. *Pop Up Books: A Guide for Teachers and Librarians*. USA: Library of Congress Cataloging-in-Publication-Data.
- Brown, James. W, Lewis, Richard B., and Freud.F.Harcleroad. 1983. *Av Instruction Technology, Media, and Methods*. USA: MC. Graw-Hill Book Company.
- Emzir. 2007. *Metodologi Penelitian Pendidikan Kualitatif dan Kuantitatif*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Wijaya.
- Gagne, R.M.&Briggs, L.J. 1979. *Priciple of Instructional Design*. New York: Holt, Pinehart and Wiston.
- Indriana, Diana. 2011. *Ragam Alat Bantu dan Media Pengajaran*. Yogyakarta: Diva Press.
- Muktiono, Joko D. 2003. *Aku Cinta Buku (Menumbuhkan Minat Baca pada Anak)*. Jakarta: PT Elex Media Komputindo.
- Mulyani, Hesti. 2013. *Komperehensi Tulis*. Yogyakarta: Astungkāra Media.
- Mulyatiningsih, Endang. 2013. *Metode Penelitian Terapan Bidang Pendidikan*. Bandung: Alfabeta.
- Padmosoekotjo. 1953. *Paramasastra Djawa*. Jakarta: Hien Hoo Sing.
- Prihantono, Djati. 2011. *Sejarah Aksara Jawa*. Yogyakarta: Javalitera.

Saputri, Ines Ika. 2016. *Damel Media Maos Ukara mawi Aksara Jawa kanthi Basis Web. Skripsi S1*. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, FBS UNY.

Shabrina, Atikah Nur. 2015. *Media Pop-Up Book kangge Nggayuh Katrampilan Nyariyosaken Cariyos Rakyat kanthi Ragam Ngoko Kelas VII SMPN 1 Prambanan Klaten. Skripsi S1*. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, FBS UNY.

Sudjana, N. & Rivai, A. 2002. *Media Pengajaran*. Bandung: Penerbit CV. Sinar Baru Bandung.

Sugiyono. 2007. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.

----- . 2011. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.

Tarigan, Henry Guntur. 2008. *Membaca Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angksa Bandung.

Tim Tugas Akhir Skripsi Fakultas. 2015. *Panduan Tugas Akhir TAS/TABS*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

Wardoyo, Sigit Mangun. 2013. *Pembelajaran Berbasis Riset*. Yogyakarta: Akademia Permata.

B. Internet

Dewantari A. A. 2014. *Sekila stentang Pop-Up, Lift the Flap, dan Movable Book*. Online.<http://goo.gl/7nO8DS> [dipununduh 13-10-2016].

Irfansyah. 2013. *Contoh Pop-Up Book Hard Cover*. Online.<http://goo.gl/qGj0ov> [dipununduh 13-10-2016].

Khoirotun A., A. Y. A. Fiyanto, & A. K. Riqqoh. 2014. *Perancangan Buku Pop-Up Museum Sangiran sebagai Media Pembelajaran Tentang Peninggalan Sejarah*. *Jurnal Desain Komunikasi Visual*, 2(1). Online.<http://jurnal.stikom.edu/indez.php/ArtNouveau/article/view/385/209>. [dipununduh 13-10-2016].

Rahmawati, Nila. 2015. *Pengaruh Media Pop-Up Book terhadap penguasaan Kosa kata Anak Usia Dini 5-6 tahun di TK putera Harapan Surabaya*:

Abstrak asiling Panaliten UNESA. Online.<http://ejournal.unesa.ac.id/article/9458/19/article>. [dipununduh 13-10-2016].

Sabuda, Robert. 2012. *Frequency asked Question, Creative Questions. Online.*<http://wp.robertsabuda.com/po-up-questions/>. [dipununduh 04-05-2017].

LAMPIRAN

B. SMP/MTs/SMPLB

KELAS VII

KOMPETENSI INTI	KOMPETENSI DASAR
1. Menghargai dan menghayati ajaran agama yang dianutnya	<p>1.1. Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa Jawa sebagai anugerah Tuhan Yang Mahaesa sebagai ciri khas keistimewaan Daerah Istimewa Yogyakarta</p> <p>1.2. Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa Jawa sebagai anugerah Tuhan Yang Mahaesa sebagai sarana memahami informasi lisan dan tulis.</p> <p>1.3. Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa Jawa sebagai anugerah Tuhan Yang Mahaesa sebagai sarana menyampaikan informasi lisan dan tulis.</p> <p>1.4. Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa Jawa sebagai anugerah Tuhan Yang Mahaesa untuk mengajarkan pendidikan karakter, adat, sopan-santun berbahasa serta bertingkah laku yang menjalin sistem tata hubungan masyarakat Jawa.</p>
2. Menghargai dan menghayati perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, peduli (toleransi, gotong-royong), santun, percaya diri, dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam dalam jangkauan pergaulan dan keberadaannya.	<p>2.1. Menghargai dan menghayati kesantunan dalam berbahasa dan bertingkah laku dalam melaksanakan komunikasi fungsional antarpribadi dengan teman, guru, dan orang tua.</p> <p>2.2. Memiliki perilaku percaya diri dan tanggung jawab dalam membuat tanggapan pribadi atas karya budaya masyarakat Jawa yang penuh makna sebagai ciri khas keistimewaan Daerah Istimewa Yogyakarta.</p> <p>2.3. Memiliki perilaku kreatif, tanggung jawab, dan santun sebagai ciri khas karakter masyarakat Yogyakarta</p> <p>2.4. Memiliki perilaku percaya diri, peduli, dan santun dalam merespon suatu peristiwa.</p>
3. Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata.	<p>3.1. Memahami fungsi teks lisan sesuai dengan unggah-ungguh Jawa</p> <p>3.2. Memahami tujuan, fungsi menceritakan pengalaman</p> <p>3.3. Memahami cangkriman dan parikan.</p> <p>3.4. Memahami (geguritan).</p> <p>3.5. Memahami lagu dolanan dan tembang Macapat Kinanthi</p> <p>3.6. Memahami teks khusus yang berupa kalimat sederhana beraksara Jawa.</p>

<p>4. Mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret (menggunakan, mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/ teori</p>	<p>4.1. Menyusun teks lisan sesuai unggah ungguh Jawa untuk berbagai keperluan sederhana</p> <p>4.2. Menyusun teks lisan dan tulis untuk menceritakan pengalaman .</p> <p>4.3. Menyusun cangkriman dan parikan secara sederhana.</p> <p>4.4. Menyusun geguritan sederhana.</p> <p>4.5. Melagukan lagu dolanan dan tembang Macapat Kinanthi</p> <p>4.6. Membaca dan menulis kalimat sederhana beraksara Jawa.</p>
--	--

KELAS VIII

KOMPETENSI INTI	KOMPETENSI DASAR
<p>1. Menghargai dan menghayati ajaran agama yang dianutnya</p>	<p>1.1. Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa Jawa sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa sebagai ciri khas keistimewaan DIY</p> <p>1.2. Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa Jawa sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa sebagai sarana memahami informasi lisan dan tulis.</p> <p>1.3. Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa Jawa sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa sebagai sarana menyampaikan informasi lisan dan tulis.</p> <p>1.4. Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa Jawa sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa untuk mengajarkan pendidikan karakter, adat, sopan-santun berbahasa serta bertingkah laku yang menjalin sistem tata hubungan masyarakat Jawa.</p>
<p>2. Menghargai dan menghayati perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, peduli (toleransi, gotong-royong), santun, percaya diri, dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam dalam jangkauan pergaulan dan keberadaannya.</p>	<p>2.1. Menghargai dan menghayati kesantunan dalam berbahasa dan bertingkah laku dalam melaksanakan komunikasi fungsional antarpribadi dengan teman, guru, dan orang tua.</p> <p>2.2. Memiliki perilaku percaya diri dan tanggung jawab dalam membuat tanggapan pribadi atas karya budaya masyarakat Jawa yang penuh makna sebagai ciri khas keistimewaan Daerah Istimewa Yogyakarta.</p> <p>2.3. Memiliki perilaku demokratis, kreatif, dan santun dalam membahas suatu masalah atau sudut pandang</p> <p>2.4. Memiliki rasa percaya diri dalam mengungkap karya sastra Jawa.</p>

**RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN
(RPP)**

A. Identitas Mata Pelajaran

Satuan Pendidikan	: SMPN 1 Imogiri
Kelas/semester	: VII/2
Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Materi Pokok	: Aksara Jawa
Alokasi Waktu	: 2 x 40 menit

B. Kompetensi Inti

Mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret (menggunakan, mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/teori.

C. Kompetensi Dasar

Membaca kalimat sederhana beraksara Jawa.

D. Indikator Pencapaian Kompetensi

Siswa dapat membaca kalimat sederhana beraksara Jawa.

E. Tujuan Pembelajaran

Siswa diharapkan dapat membaca kalimat sederhana beraksara Jawa setelah menggunakan media *pop-up book* aksara Jawa.

- ❖ Pendidikan karakter: mengapresiasi, menginternalisasikan dan mengaktualisasikan nilai-nilai luhur dalam hal: kreatif, aktif, tanggungjawab, santun, sopan, percaya diri, peduli sesama, simpati, empati.

F. Materi Pembelajaran

𑍎	𑍇	𑍉	𑍈	𑍆
ha	na	ca	ra	Ka
𑍊	𑍋	𑍌	𑍍	
da	ta	sa	wa	La
𑍐	𑍑	𑍒	𑍓	𑍔
pa	dha	ja	ya	Nya
𑍖	𑍗	𑍘	𑍙	
ma	ga	ba	tha	Nga

Tabel 1. Wujudipun aksara legena

...𑍎
ha	na	ca	ra	ka
...𑍉
da	ta	sa	wa	la
...𑍐𑍓
pa	dha	ja	ya	nya
...
ma	ga	ba	tha	nga

Tabel 2. Wujudipun pasangan

Kajawi saking menika ugi wonten aksara murda saha aksara swara. Aksara murda ingkang cacahipun pitu (Na, Ka, Ta, Sa, Pa, Ga, Ba) saha aksara swara ingkang cacahipun pitu (a, i, u, e, o, nga lëlêt, pa cêrêt).

Aksara Murda						
𑍆	𑍇	𑍈	𑍉	𑍊	𑍋	𑍌
Na	Ka	Ta	Sa	Pa	Ga	Ba

Tabel 3. Wujudipun aksara murda

Aksara Swara						
𑍍	𑍎	𑍇	𑍈	𑍉	𑍊	𑍋
a	i	u	É	O	pa cêrêt (rê)	nga lëlêt (lê)

Tabel 4. Wujudipun aksara swara

Pasangan pa cêrêt saha nga lëlêt	
...𑍐	...
pa cêrêt (rê)	nga lëlêt (lê)

Tabel 5. Wujudipun pasangan pa cêrêt lan nga lëlêt

Sandhangan inggih menika praboting aksara Jawa kangge mbedakaken ungeling wanda ing basa Jawi. Sandhangan ing aksara Jawa dipunbedakaken dados tiga, inggih menika: 1) sandhangan swara, 2) sandhangan panyigeging wanda, 3) sandhangan wyanjana. Wujudipun kados ta ing ngandhap menika.

Sandhangan Swara				
...	...	ᶇ...	...	ᶇ...ᶇ
wulu (i)	suku (u)	taling (è / é)	pêpêt (ê)	taling-tarung (o)

Tabel 6. Wujudipun sandhangan swara

Sandhangan Panyigeging Wanda			
...	...ᶇ	...ᶇ	...ᶇ
layar (r)	wignyan (h)	cêcak (ng)	pangkon

Tabel 7. Wujudipun sandhangan panyigeging wanda

Sandhangan Wyanjana		
...ᶇ
pengkal (ya)	cakra (ra)	cakra kêrêt (rê)

Tabel 8. Wujudipun sandhangan wyanjana

Tandha Pamaos		
ᶇ...	...ᶇ	...ᶇ
adêg-adêg	pada lingsa (,)	pada lungsi (.)

Tabel 9. Wujudipun tandha pamaos

G. Pendekatan, Model, dan Metode Pembelajaran

1. Pendekatan

Langkah-langkah yang digunakan dalam pembelajaran membaca kalimat sederhana beraksara Jawa ini adalah menerangkan, mengamati, mendengarkan, mencoba, dan mengkomunikasikan.

2. Model Pembelajaran

Model pembelajaran yang digunakan adalah praktik, tanya jawab, dan penilaian.

3. Metode

Metode yang digunakan adalah permodelan, tanya jawab, dan penugasan.

H. Media Pembelajaran

Pop-up book aksara Jawa

I. Sumber Pembelajaran

Suyati, 2016. *Widya Tamansari*. Yogyakarta: Radhita Buana.

J. Kegiatan Pembelajaran

Nomer	Kegiatan Pembelajaran	Alokasi Waktu
1.	<p>Kegiatan Awal (Pembukaan)</p> <p>a. Pembukaan Guru mengucapkan salam, memimpin berdoa, dan mengecek kehadiran siswa.</p> <p>b. Tujuan Pembelajaran Siswa dapat membaca kalimat kalimat sederhana beraksara Jawa.</p> <p>c. Apersepsi Guru menyampaikan apersepsi atau materi pembuka terkait dengan materi aksara Jawa.</p>	10 menit

2.	<p>d. Motivasi</p> <p>Siswa diajak untuk mempelajari aksara Jawa. Guru menyampaikan cakupan materi tentang aksara Jawa yang akan dibahas dalam proses pembelajaran.</p> <p>Kegiatan Inti</p> <p>Eksplorasi</p> <p>a. Guru menjelaskan terlebih dahulu tentang materi pelajaran yang akan disampaikan,</p> <p>b. Belajar aktif</p> <p>Untuk meningkatkan keaktifan siswa, guru mendorong siswa untuk menyebutkan aksara Jawa yang ditunjukkan sesuai dengan <i>pop-up book</i> aksara Jawa</p> <p>Elaborasi</p> <p>a. Mengamati dan memperhatikan apa yang disampaikan guru tentang materi aksara Jawa.</p> <p>a. Guru memberikan <i>pop up book</i> aksara Jawa agar siswa dapat membaca dan memahami lebih jelas.</p> <p>b. Guru meminta siswa membaca contoh kata beraksara Jawa.</p> <p>c. Guru meminta siswa membaca cerita singkat beraksara Jawa.</p>	60 menit
3.	<p>Konfirmasi</p>	10 menit

resik kelas katon guyub rukun. Para siswa rampung resik jam sanga. Kelas uga wis katon resik. Meja kursi wis tumata rapi ditata para siswa. Para siswa banjur pelajaran. Para siswa seneng nyawang kelas resik. Kelas resik adoh saka lelara. Siswa sinau katon sumringah.

Waosan 2

Desaku

Wayah esuk jago kluruk. Swarane jago rame pating kruyuk. Srengenge nyunar saka wetan. Cahyane srengenge pating cemlorot. Manuk ngoceh ana ing uwit. Swarane manuk pating cruwit. Manuk mabur mencok uwit. Gununge saka adoh katon gagah. Banyune kali mili tumuju sawah. Angine sumiyut sumilir. Sawahe jembar ijo royo-royo. Para tani mlaku bebarengan turut pinggir kali. Para tani bebarengan padha nandur pari. Para tani gotong-rojom iku wis mesthi. Tari, Ika, Pita, lan Anang menyang sekolah bebarengan golek ngelmu. Aja lali ngucap sokur marang Hyang Widhi. Ngucap sokur endahing alam iki.

Waosan 3

Kancil Nyolong Timun

Pak Budi duwe tegal timun. Saben dina timune dicolongi kancil. Pak Budi kepengen nyekel kancil. Pak Budi banjur nemu akal. Pak Budi gawe wong-wongan. Wong-wongan mau dioseri pulut. Sawijining dina kancil arep nyolong timun. Kancil ngerti ana wong-wongan. Kancil nyedhak lan kena pulut. Sikile ora bisa obah. Kancil nangis ora bisa uwal banjur tulung-tulung. Ora suwe Pak Budi teka. Kancil janji ora bakal nyolong timun maneh. Pak Budi ora percaya marang janjine kancil. Kancil banjur digawa bali banjur dikurung ing pekarangan. Pak Budi seneng bisa nyekel kancil.

Waosan 4

Rara Jonggrang

